**O’ZBEKSTAN RESPUBLİKASI JOQARI HA’M ORTA ARNAWLI BİLİMLENDİRİW MİNİSTRLİGİ**

**BERDAQ ATINDAG’I QARAQALPAQ MA’MLEKETLİK UNİVERSİTETİ**

**YURİDİKA FAKULTETİ**

**«MİLLİY İDEYA, MA’NAWİYAT TİYKARLARI HA’M HUQIQ TA’LİMİ» KAFEDRASI**

**5141500- MİLLİY İDEYA, MA’NAWİYAT TİYKARLARI HA’M HUQIQ TA’LİMİ QA’NİYGELİGİNİN’ 4-KURS pitkeriwshi STUDENTİ Qazaqbaeva Gu’lba’ha’rdin’**

**«Ha’zirgi da’wir ma’nawiyat qa’wipler h’a’m olarg’a qarsı gu’res» temasi boyinsha**

# PİTKERİW QA’NİGELİK JUMISI

**İlimiy basshısı:** **Filosofiya ilimlerinin’ kandidatı, dotsent J.Sag’ındıkov**

**Kafedra baslıg’ı:** **Tariyx ilimlerinin’ kandidatı, M.Seytnazarov**

**NO’KİS-2011**

**MAZMUNI**

**Kirisiw**_______________________________________________3-5 bet

**I bap Ha'zirgi rawajlanıw basqıshı-ma'nawiyattın' insan h'a'm ja'miyet turmısındag'ı a'h'miyeti**

§1 G'a'rezsizlik da'wirinde ma'nawiyatqa mu'na'sibet, ulıwma insanıy h'a'm milliy ma'nawiyat uyg'ınlıg'ı _______________________________6-16 bet

§2. Ma'nawiyat qa'liplesiwi h'a'm rawajlanıwının' tiykarg'ı faktorları_____________________________________________17-28 bet

§3. Ha'zirgi rawajlanıw basqıshında ma'nawiyat h'a'm ja'miyettin' jan'alanıwı___________________________________________29-39 bet

**II bap Ha'zirgi globallasıw da'wirindegi ma'nawiy qa'wipler, olarg'a qarsı gu'res ma'seleleri**

§1. Ja'miyet turmısındag'ı reformalar h'a'm xalqımız ma'nawiy-ruwxıy ko'z-qarasları_______________________________________________40-49 bet

§2. Globallasıw protsessindegi ma'nawiy qa'wipler, milliy ideya h'a'm ma'nawiyat____________________________________________ 50-59 bet

§3. Ma'nawiy qa'wipler ko'rinisleri h'a'm olarg'a qarsı gu'resiw wazıypaları____________________________________________60-67 bet

**Juwmaqlaw**____________________________________________68-69 bet

Paydalanılg'an a'debiyatlar h'a'm qosımsha a'debiyatlar dizimi______70-71bet

## Kirisiw

Ha'zirgi rawajlanıw basqıshında xalqımız aldına qoyg'an ekonomikalıq, sotsiallıq, siyasiy wazıypalardı tabıslı sheshiw ushın, ba'rinen burın, olardı inabatlı sheshe alatug'ın insanlardın' o'zlerin ta'rbiyalaw kerek. Bug'an og'ada quramalı, juwapkerli wazıypa bolıp, onı sheshpey bir adımda alg'a ilgerlew mu'mkin emes. Prezidentimiz bul ma'seleni a'h'miyetine h'a'm mazmunına ayrıqsha dıqqat awdarıp bılay degen edi: «Eger ekonomikalıq o'siw, rawajlanıw ja'miyettin' denesi bolsa. ma'nawiyat, ma'riypet h'a'm siyasiy sananın' jetikligi onın' ruwxı, aqılı, janı boladı. Ullı ma'mleketke, ullı keleshekke erisiw ushın aqıllı, bilimli, usının' menen birge, o'zinin' o'tmishinin' ullı qa'diriyatları, milleti menen maqtanatug'ın h'a'm keleshekke isenetug'ın insanlardı ta'rbiyalawımız kerek»[1]. Ja'h'a'n tariyxında qaysı ma'mlekette ma'nawiy-ideologiyalıq jumıslar jaqsı jolg'a qoyılg'an bolsa, adamlardın' ma'nawiyatı joqarı, sana sezimi jetik bolsa, sol jerde tabıslı alg'a ilgerilew boladı.

Prezidentimiz İslam Karimovtın' derlik barlıq miynetlerinde h'a'm h'a'r qıylı a'njumanlarda jasag'an bayanatlarında ma'nawiyat ma'selesi analizlengen, onın' anaw yaki mınaw ta'repleri boyınsha juwmaqlar shıg'arılg'an. A'sirese, onın' «O'zbekstannın' o'zinin' jan'alanıw h'a'm rawajlanıw jolı», «G'a'rezsizlik h'a'm ma'nawiyat», «O'zbekstan ekonomikalıq reformalardı teren'lestiriw jolında», «O'zbekstan XXI a'sir bosag'asında: qa'wipsizlikke qa'wip, turaqlılıq sha'rtleri h'a'm rawajlanıw kepillikleri», «O'zbekstan XXI a'sirge umtılmaqta», «Azat h'a'm abat Watan, erkin h'a'm pa'rawan turmıs-tu'pkilikli maqsetimiz», «Milliy g'a'rezsizlik ideologiyası-xalıq isenimi h'a'm ullı keleshekke inanımdur», «Biz keleshegimizdi o'z qolımız benen quramız», «Milliy ideologiya-ma'mleketimiz h'a'm ja'miyetimiz qurılısında biz ushın ruwxıy-ma'nawiy ku'sh-quwat», «Qırag'ılıqqa shaqırıq», «Bizin' bas maqsetimiz-ja'miyetti demokratiyalastırıw h'a'm jan'alaw, ma'mleketti modernizatsiya h'a'm reforma etiwdur» h'a'm tag'ı basqa bir qansha shıg'armalarında ma'nawiyat, ma'ripet, ideologiya ma'seleleri ayrıqsha ortag'a qoyılg'an.

[1] İslam Karimov. Bizdan ozod va obob Vatan qolsin. –T-2. «Wzbekiston», 1996, 261-b.

Ma'nawiyattın' ma'nis-mazmunın, onın' h'a'r bir insannın' millettin', ja'miyettin' turmısındag'ı ornı h'a'm a'h'miyetin, elimizde milliy ma'nawiyatımızdı tiklew ushın alıp barılıp atırg'an jumıslardı bul saladag'ı wazıypalardı h'a'r ta'repleme analizley otırıp, elimiz puqaraları, a'sirese, jaslarımızdın' sanasına h'a'm qa'lbine milliy ma'nawiyatımızdı, milliy ideyalardı sin'diriw, ideyalıq boslıqqa jol qoymaw, xalqımızdı zıyanlı ideya h'a'm ideologiyalardan qorg'aw boyınsha keshiktirip bolmaytug'ın wazıypalar bolıp esaplanadı.

Prezidentimiz İslam Karimov O'zbekstan Respublikası Oliy Nızamshılıq palatası h'a'm senatı qısqa ma'jilisindegi «Ma'mleketti demokratiyalastırıw reformalastırıw elede teren'lestiriw h'a'm puqaralıq ja'miyet qurıw h'aqqındag'ı kontseptsiyası» atlı bayanatında: mu'mkin», degen edi.

«Bul jolda biz dus keliwimiz mu'mkin bolg'an sonday bir qa'wip bar, olda bolsa, en' a'weli, erisilgen jen'islerge marapatlanıp, qaterjemlik keypine beriliw, real waqıyalıqtan u'zilip qalıw qa'wip. Bul bolsa ma'mleketimiz rawajlanıwının' na'tiyjeliligi h'a'm keleshegine unamsız ta'sir ko'rsetiwi mu'mkin»[1]degen edi.

Mın' jıllıqlar dawamında qa'liplesken ma'nawiyatımızdın' o'zine ta'n belgileri h'a'm tu'sinikleri bar, olar basqalardikine uqsamaydı, onı h'a'r qanday ma'nawiy qa'wipten qorg'aw lazım, ma'nawiy boslıqqa jol qoymaw mu'mkin emes.

Respublika Prezidenti İslam Karimov o'zinin' «Joqarı ma'nawiyat jen'ilmes ku'sh» atlı miynetinde ma'nawiy qa'wip tu'sinigine ken' tu'rde anıqlama beredi, onın' insannın' ruwxıy du'nyasın izden shıg'arıw ushın qaratılg'an ideologiyalıq, ideyalıq h'a'm informatsion h'u'jim ekenin ko'rsetedi. Og'an qarsı qatan' h'a'm izshil gu'res alıp barıw kerek,-dep jazadı jurtbasshımız. Bunı ata-analar, ustaz-ta'rbiyashılar jaqsı tu'siniwleri, qırag'ılıqtı jog'altpawı lazım.

Prezidentimiz jaslarımızdı ma'nawiy agressiyadan qorg'aw tuwralı ayta kelip, eski zamanlardan qalıp kiyatırg'an geypara namaqul a'depler tuwralı da o'z

[1] İslam Karimov «Mamlakatimizda demokartik isloh'otlarni yanada chuqurlashtirish va fuqaralik jamiyatini rivojlantirish kontseptsiyasi» T.: «Wzbekiston», 2010, 6-b

pikirin ashıq ortag'a qoyadı. Egoizm h'a'm nemquraydılıq, qarındas-urıwshılıq h'a'm jerleslik, korruptsiya h'a'm ma'pparazlıq, basqalardı mensinbeslik usag'an illetlerden birinshi gezekte qutılıwımız kerek,-dep esaplaydı.

Biz pitkeriw qa'nigelik jumısımızda, h'a'zirgi da'wirdegi ma'nawiy qa'wiplerdin' barlıq ko'rinislerin emes, al ayrım tu'rlerin g'ana analiz h'a'm olarg'a qarsı gu'resti geypara ma'selelerine toqtap o'tiwdi maqset etip qoyıp, o'z pikirlerimizdi bayanlawg'a h'a'reket ettik.

## 1 bap. Ha'zirgi rawajlanıw basqıshı-ma'nawiyattın' insan h'a'm ja'miyet turmısındag'ı a'h'miyeti.

### §1 G'a'rezsizlik da'wirinde ma'nawiyatqa mu'na'sibet, ulıwma insanıy h'a'm milliy ma'nawiyat uyg'ınlıg'ı

Ma'nawiyat-insannın' o'zin-o'zi an'lawı, talg'amı, parasatı, a'dillik penen a'dilsizliktin' jaqsılıq penen jamanlıqtın' go'zzallıq penen ko'riksizliktin' bilimlilik penen nadanlıqtı ajırata biliw, olardı a'melge asırıw ushın durıs h'a'reket etiwi h'a'm umtılıwlarında o'z ishine aladı.

Prezidentimiz **«Ja'miyetti ma'nawiy jan'alanıwdag'ı bas maqset-jurt tınıshlıg'ı, Watannın' rawajlanıwı, xalıq erkinligi h'a'm abadanlıg'ına erisiw h'a'm ka'mil insandı ta'rbiyalaw, sotsiallıq birge islesiw h'a'm milletler-ara tatıwlıq, diniy bawırıken'lik sıyaqlı ko'plegen za'ru'rli ma'selelerden ibarat»**[1] **,**-dep atap ko'rsetedi.

Prezidentimiz İ.A.Karimov «O'zbekstan o'z rawajlanıw h'a'm progress jolı bolıp» degen miynetinde O'zbekstannın' rawajlanıwı h'a'm jan'alawdı, o'z jolı to'rt tiykarg'ı negizge tiykarlanadı dep ko'rsetedi.

-ulıwmainsanıy qa'driyatlarg'a sadıqlıq;

-xalqımızdı, ruwxıy miyrasın bekkemlew h'a'm rawajlandırıw;

-insannın' o'z imkaniyatların erkin ju'zege shıg'arıwı;

-watansu'yiwshilik»[2].

Prezidentimiz ma'nawiyat tu'siniginin' ma'nisin «Jer. Shan'araq ata-ana, balalar, ag'ayın-tuwg'anlar, qon'sı-qobalar, xalıq, g'a'rezsiz ma'mleketimizge sadıqlıq, insanlarg'a h'u'rmet, isenim, h'u'jdan, erkinlik-ma'nawiyattın' ma'nisi mine usınday ken'» dep ta'riplep ko'rsetedi.

G'a'rezsizlikke eriskennen son'g'ı bizin' en' a'h'miyetli wazıypamız xalıqtı ma'nawiyat qayta tiklew h'a'm rawajlandırıw. Sol sebepli Prezidentimizdin' 1994-jılı aprelde Respublikamızda ruwxıylıq h'a'm agartıwshılıqtın' ja'miyetlik orayın du'ziw xaqqındag'ı, 1996-jılı sentyabrde «Ruwxıylıq h'a'm ag'artıwshılıq»

---

[1] İslam Karimov. Asarlar. 1-jild, 75-b.

[2] İslam Karimov. Asarlar. 1-jild, 76-b.

ja'miyetlik orayının' iskerligin ja'nede rawajlandırıw h'a'm na'tiyjeliligin asırıw h'aqqındag'ı, 1999-j, 3-sentyabrde «Respublika ruwxıylıq h'a'm ag'artıwshılq ken' esin qollap-quwatlaw h'aqqındag'ı» pa'rmanları h'a'm 1998-j, 24-iyulde O'zbekstan Respublikası Ministrler Kabinetinin' «Ruwxıylıq h'a'm ag'artıwshılıq reformaların ja'nede teren'lestiriw h'a'm onın' na'tiyjeliligin asırıw shara ilajları h'aqqındag'ı» arnawlı qararı qabıl etildi.

Ma'nawiyat adamg'a ta'biyat ta'repinen berilmeydi. Ol insang'a ana su'ti, h'a'yyiwinin' meh'rinin' ata ta'rbiyası, ata-babalarının' qa'driyatları ta'siri astında qa'liplesedei. Onın' qa'liplesiwinde shan'araqtag'ı sharayat, ja'miyettegi birge islesiwler, ma'mlekettegi alıp barılıp atırg'an siyasattag'ı a'dillik h'a'm insansu'yiwshilik qay da'rejede ekenligi tiykarg'ı orındı iyeleydi.

Ma'nawiyattın' materiallıq ku'shke aylanıwı h'a'r bir insannın' is-h'a'reketindegi o'z shan'arag'ı, milleti h'a'm Watanına bolg'an mu'na'sibetlerindegi ko'zge ko'rinedi.

Ma'nawiyat milletti progresske jeteleydi, ma'mlekettin' qu'diretin asıradı. Sebebi ma'nawiyatqa itibar berilmegen ma'mlekette rawajlanıw bolmaydı. Ma'nawiyattın' 4 negizgi bo'limi bar.

1. a'dep-ikramlılıq
2. a'meliy bilimler, talant, qa'bilet.
3. İlimiy jetiskenliktin' na'tiyjesi bolg'an iyman, h'u'jdan, insap, qanaat.
4. İnsan bilimlerin, a'meliy ta'jiriybesin ulıwmalastırıwg'a, islerine bag'dar beriwge qaratılg'an du'nyag'a ko'z-qaras.

Ma'nawiyat o'zinin' bir qatar kategoriyalarına-tu'siniklerine h'a'm nızamlarına iye. Shaxstın' o'zin-o'zi an'lawı, bilimlilik, pa'klilik, saqıylıq, iymanlılıq, meh'ir-aqıbet, rasgo'ylik, ata-anag'a h'u'rmet, sadıqlıq h'a'm t.b. millettin' wa'kili sıpatında milliy o'zlikti an'lawı, milliy maqtanısh, milletsu'ygishlik, watansu'yiwshilik, milliy til, milliy tariyx, a'debiyat, iskusstvo, u'rp-a'det, da'stu'rler, qa'diryatlar kiredi. Ma'nawiyattın' rawajlanıwı o'zine ta'n nızamlarg'a tayanadı. Bunday nızamlar bir neshe bag'dardı o'z ishine alsa da, olardı belgili toparlarg'a ajıratıwg'a boladı. **Birinshi** toparg'a shaxs, millet yaki

ja'miyettin' ishki mu'mkinshilikleri menen baylanıslı bolg'an nızamlar kiredi. Yag'nıy shaxs millet yaki ja'miyettin' ishki mu'mkinishilikleri bekkem isenimli bolıwı ma'nawiyattın' rawajlanıwının' tiykarın tiykarın quraydı. **Ekinshi** toparg'a shaxslar h'a'm milletlerdin' o'z-ara mu'na'siybetleri protsessinde payda bolatug'ın «o'z-ara bayıtıw» arqalı ju'zege keletug'ın protsesslerdi o'z ishine qamtıydı. Shaxs ma'nawiy kamalatı anadan tuwılıwı menen ju'zege kelmeydi. Tap usınday millette tariyxıy rawajlanıwdı belgili bir basqıshında basqa xalıqlar, milletler menen birge islesiwler na'tiyjesinde ju'zege keledi. Hesh waqıtta shaxs, insan o'zgerissiz jasay almag'anınday, millette basqa milletler, xalıqlar menen baylanıspastan rawajlana almaydı, h'a'tteki bizin' da'wirimizde jer ju'zinde «sap» millettin' bar ekenligine h'esh kim kepillik bere almaydı. Ja'miyette tap usı nızam tiykarında rawajlanadı baradı. Ma'nawiyat barqulla ma'riypat (ag'artıwshılıq) penen uyg'ınlasqan h'alda rawajlanıp baradı. Ma'riypat (ma'riypat-biliw, bilim, tanıw h'a'm mag'lıwmat degen ma'nini an'latadı). Shıg'ıs ellerinde sonın' ishinde Oraylıq Aziyada jasag'an, do'retiwshilik penen shug'ıllang'an allamalardın' shıg'armalarında a'yyemgi zamanlardan berli qollanılıp kelingen. Ja'miyettin' rawajlanıwı h'a'm insan jetkiligine unamlı ta'sir etetug'ın ideyalardı jaratıw, u'git-na'siyat etiw-ma'ripatshılıq dep ataladı. Batıs filosofiyasında birinshi bolıp ma'ripat h'aqqındag'ı pikirlerdi bildirgen alım Volter boldı. Al nemets filosof Kant bolsa «ma'ripat-insandı, shaxstı ta'rbiyalawda onın' aqılı, a'debin imkaniyatlarınan ja'miyettin' ilgerilew ma'pi jolında paydalanıw quralı» dep esaplag'an. Bul pikirlerdin' tiykarında insan ja'miyet rawajlanıwının' sheshiwshi mısalı ekenligin onın' sotsiallıq turmısında ma'nawiy mısallar u'lken a'h'miyetke iye. İnsannın' bir ja'miyettten ekinshi bir ja'miyetke, bir tariyxtan ekinshi bir tariyxıy da'wirge o'tiw ag'artıwshılıqtan (ma'ripattan) baslanadı. Zamannın', millettin' en' jetilisken, aq qaranı tanıg'an, pidayı, uzaqtı go'zlewshi insanlar ag'artıwshılıq penen shug'ıllanadı. Ma'nawiyat h'a'm sawatlılıq (ag'artıwshılıq) bir ma'deniyat. Ma'nawiyatsız sawatlılık soqır, sawatsız ma'nawiyatlıq meshel. Sonlıqtan da bizin' babalarımız «ko'zi soqırdan kewili soqır jaman dep» ma'nawiyat h'a'm ag'artıwshılıq ma'deniyatın, kewildin' ken'ligin, ko'terin'kiligin joqarı

bah’alag’an. Joqarı ma’nawiyatqa iye adamlardın’, barlıg’ı mudamı ma’riypatlı sonın’ menen birge ma’riypatlı adamlardın’ barlıg’ı da bay ma’nawiyatqa iye bola bermegen. Bunday insanlar h’aqqında «alım bolıptı da, biraq adam bolmaptı» degen ga’p bar. Bul ma’nawiy baylıq h’a’m bilimnen h’a’m insanıylıqtan ibarat degen ma’nini an’latadı. Xalıqtın’ qa’dirin jaslarg’a bildiriw, olar menen maqtanısh h’a’m quwanısh sezimlerin tuwdırıp, ju’rek tarların shertiw, o’z qa’dirin tu’sindiriw, o’zin-o’zi bilip, o’zin-o’zi jen’iwdi oyatıw, o’zinin’ u’stinen o’zinin’ na’zerin qa’liplestiriw, h’u’jdanda, iymanda, insaptın’ qanaattın’ miyrim-sha’pa’a’ti oyatıw, ja’miyettin’ h’a’m o’zinin’ ma’pin go’zlew h’a’m anıqlaw uqıbın ta’rbiyalaw bul ag’artıwshılıq bolıp esaplanadı. İ.A.Karimov bilimlendiriwdi «a’ntuziazm» dep durıs ko’rsetken. Demek bilimlendiriw bul jigerlendiriw bilimlendiriw bul talpındırıw. Ma’nawiyat h’a’m ag’artıwshılıq milletlerdi h’a’reketke keltiretug’ın ullı ku’sh. Ma’nawiyattı rawajlandırıw-ma’mleket siyasatındag’ı a’h’miyetli taraw. G’a’rezsizlikke eriskennen keyin bizin’ ma’mleketimizde ma’nawiyattı ko’teriw ma’mleket siyasatındag’ı en’ tiykarg’ı ma’selelerdin’ birine aylandı. Prezidentimiz İ.A.Karimovtın’ ekinshi shaqırıq Oliy Ma’jilistin’ birinshi sessiyasında jasag’an bayanatında biz o’z h’aq-h’uqıqların tanıytug’ın, o’z ku’shi h’a’m imkaniyatlarına tayanatug’ın a’tirapta bolıp atırg’an waqıya h’a’diyselerge erkin mu’na’sibet bildiretug’ın, shaxsıy ma’plerin ma’mleket ma’pleri menen uyg’ın h’alda ko’retug’ın erkin, h’a’r ta’repleme jetilisken, salamat a’wladtı ta’rbiyalawımız kerekligin uqtırdı. Negizinde h’a’zirgi ku’nde ma’nawiyat baslı ma’selelerdin’ birine ko’teriliwinin’ bir qatar sebepleri bar. **Birinshi**den, ja’miyette a’melge asırılıp atırg’an barlıq wazıypalardı, ta’g’dirin onda jasaytug’ın adamlardın’ sanasının’, oy-pikirinin’ da’rejesi menen baylanıslı. **Ekinshi**den, G’a’rezsizliktin’ da’slepki jıllarında burıng’ı totalitarlıq du’zimdegi ideologiyadan waz keshiw bayrag’ı astında ulıwma h’a’r qanday ideologiyag’a qarsı gu’res baslandı. Bul o’z gezeginde adamlardın’, ma’nawiyatına, qa’liplesken qa’diriyatlarına da o’zinin’ unamsız ta’sirin o’tkize basladı. Adamlardın’, ma’nawiy turmısında ja’ne bir ta’replemelik orın ala basladı. **U’shinshi**den, g’a’rezsizliktin’ da’slepki jıllarında ju’zege kelgen

ekonomikalıq mashqalalar aldında adamlardın' ayırımları tu'sinbewshilikke tu'siw ko'pshilik xallarda jaslardı, ta'lim alıw, ka'sip iyelew, iskusstvo do'retpelerine qızıg'ıwdan go're bazarg'a shıg'ıw, aqsha tabıwg'a, umtılıwlardı ju'zege keltirdi. Aqsha tabıw turmıslıq za'ru'rlik, biraq ol shaxs h'a'm millet kamalatı ma'plerine zıyanlı bolmawı, olardı ma'nawiy jarlılanıp qalıwına alıp kelmew kerek. **To'rtinshi**den, h'ar qanday millet belgili bir materiallıq h'a'm ma'nawiy baylıqlardı, jaratıwshısı, qollanıwshısı, basqalarda ushıramaytug'ın o'zine ta'n qa'siyetlerine iyeligi h'am g'a'rezsiz ornına iye bolıwı sıyaqlı za'ru'rlikler turmıslıq talap da'rejesine ko'terilgen edi. Bul mashqalalardı sheshiw milleti h'a'm ma'mlekettin' keleshegi ushın a'meliy a'h'miyetke iye.

**Besinshi**den, biz du'nya tsevilizatsiyasına u'lken u'les qosqan xalıqpız. Bizin' ma'nawiyat, ilim, ma'deniyat tarawında erisken jetiskenliklerimiz du'nya xalıqlarına a'sirler boyı xızmet qılıp kelmekte. Biraq totalitarizm da'wirinde ata-babalarımız ta'repinen jaratılg'an bul baylıqlardı bizin' qa'lbimizden shıg'arıp taslaw ushın bir qansha h'a'reketler qılındı. G'a'rezsizlikke eriskennen son' bulardı qayta tiklew za'ru'r boldı. Bug'an tek g'ana ma'nawiyattı rawajlandırıw arqalı erisiwimiz mu'mkin. Sotsiallıq progress xalıqtın' ma'nawiyattın' da'rejesi menen tikkeley baylanıslı. Sebebi ol adamlardın' murat-maqsetin keleshekke isenim h'a'm u'mitin qa'liplestirip og'an ku'sh h'a'm quwat bag'ıshlaydı. Ol arqalı adamnın' ma'pleri anıqlanadı, qa'liplesedi xa'm bekkemlenedi. Ja'miyetlik sistema qorg'aladı h'a'm uslap turıladı. Ma'nawiy jaqtan artta qalıw ja'miyet ushın ekonomikalıq h'a'm siyasiy jaqtan artta qalıwdan go're ko'birek qa'wipli. Ekonomikalıq h'a'm siyasiy krizislerdin' aldın alıw mu'mkin. Lekin ma'nawiy shekleniwshilik jag'dayına tu'sken xalıqtın' xalıq sanasın tazalaw, milliy parızın h'a'm progresstegi wazıypasın tu'sindiriw h'a'm olardı orınlawg'a talpınıwın ku'sheyttiriw ju'da' u'lken a'h'miyetli h'a'm ko'p miynetti waqıttı talap etetug'ın jag'day. Sonlıqtan bizin' ma'mleketimizdin' alıp barıp atırg'an siyasatında ma'nawiyat tiykarg'ı orınlardın' birin iyeleydi.

A'melde milliy ma'nawiyat teoriyasın jaratıw ushın qaysı dereklerge tayanıw, onın' tiykarları qay jerlerden qıdırılıw kerekligi Prezident miynetlerinde

a’wel basında ko’rsetip berilgen h’a’m qayta-qayta ta’kirarlap kelingen. Bul dereklerden en’ birinshi h’a’m tiykarg’ı ullı a’jdadlarımız miyrası. Ullı ajdadlarımız bizde qaldırg’an u’lken miyras-milliy ma’nawiyatimiz teoriyasın jetilistiriw ushın kerekli element h’a’m quramın jaratıp qoyıptı, biraq onı o’zimiz shın kewilden izlesek boladı dep oylayman. G’a’rezsizligimizdin’ da’slepki jıllarınan baslap-aq dawam etip kiyatırg’an qutlı sa’neler ullı babalarımız, du’nyag’a atı taralg’an, ja’h’a’n ja’miyetshiligi a’lle qashan o’z muqaddes mu’lki dep ta’n alıng’an ma’nawiy miyras iyelerinin’ yubileyların ma’mleket h’a’m du’nya ju’zinde belgilew h’aqqındag’ı pa’rmanlar h’a’m olardın’ orınlanıwı usı ma’sele-milliy ma’nawiyatımız negizlerine barlıq xalqımız h’a’m birinshi na’wbette jas a’wlad itibarın qaratıw maqseti ko’zde tutılg’an.

Xalıq ma’nawiyattı, millet ma’nawiyatın jasalma ra’wishte, qandayda bir oylap tabılg’an dogmalarına tayanıp, ju’zege keltirip h’a’m keskin o’zgertip bolmaydı. Sebebi ma’nawiyat tu’siniginin’ mazmunı bir ku’nde, bir jılda, h’a’tte bir a’sirde jetilistiretug’ın na’rse emes, ol h’a’r bir xalıqtın’ jılda uzaq tariyxı a’wlatdan azıq alıp, teren’likke kasb etip keledi.

İslam Karimov xalıq ma’nawiyatın rawajlandırıw degende neni ko’zde tutatug’ınlıg’ın g’a’rezsizlikke erispesimizden aldın-1990 jılı O’zbekstan Prezidenti sıpatında birinshi bayanatında ashıq-aydın bayan etken edi. Prezidentimiz usı bayanatında insan ma’nawiyatının’ a’piwayı h’a’m quramalı ta’repleri menen, «baylıqlarg’a tolı milliy-tariyxıy miyraslar menen, ulıwmainsanıy ma’nawiy baylıqlar menen esaplaspaslıq» jaqın o’tmishimizde ja’miyetke qanshelli zıyan keltirgenligin, jan’asha wazıypalardı alg’a su’rgen edi:

«Birinshi na’wbette milliy ma’deniyatımız, xalıq ma’nawiy baylıg’ımızg’a itibar beriwimiz kerek. Bul baylıq a’sirler dawamında tıs tırnaqlap jıynalg’an. Tariyxının’ ne-ne sınawlardan o’tken. İnsanlarg’a awır demde ma’det bolg’an. Bizin’ wazıypamız-sol baylıqtı ko’z-qarashıg’ınday asıraw h’a’m ja’nede bayıtıw, so’zde emes, a’melde h’a’r bir kisinin’ xu’jdan erkinliginin’, iseniminin’ erkinligin ta’miniylewimiz kerek».

1991-jıl «Alisher Nawayı» jılı dep dag'aza qılındı h'a'm gu'zdin' birinshi ayında o'zbek milliy ma'nawiyat ku'nine bag'ıshlanatug'ın saltanatlı jıyınlardı o'tkiziw belgilendi. Allanın' a'mirin qara, saltanatlı jıyınlardın' baslanıwı aldınan ma'mleketimiz siyasiy g'a'rezsizlikti qolg'a kiritti h'a'm sentyabrdin' birinshi ku'ni G'a'rezsizlik bayramına aylandı. Prezidentimiz «millet bayramı» dep atag'an Mir Alisher Nawayının' qutlı toyı, solay etip, «O'zbekstanımız o'mirine ayrıqsha bereket, tınıshlıq alıp keldi», «elimiz tariyxında qutlı umtılmaytug'ın sa'ne bolıp qaldı».

Sol orında jan'a ma'selege qısqa tu'sinik berip ketiw za'ru'r. Burıng'ı totalitar ideologiya ta'sirinde jaqın-jaqıng'a shekem bizdegi ja'miyetlik pa'nler tarawında a'debiyatshılar, filolog alımlarg'a ma'lim da'rejede mensinbey qaradı. Bunda a'lbette, jaqın o'tmishtegi a'debiyatshılarımızdın' kemshilikleri h'a'm sebep bolg'anlıg'ı sır emes. Sebebi marksizm ideologiyasına basshılıq etken sovet da'wirinde a'debiyatshılarımızdın' milliy ma'nawiyatımızg'a pu'tkil jat bolg'an h'a'm h'a'tte du'nya tsivilizatsiyası «sotsialistlik realizm» dep atalıwshı qa'lbeki «nazariya» qaqpanına tu'sip, XX a'sirde jaratılg'an ba'rshe a'debiy jılda «İlimiy ma'resimler» jaratıldı, adamlar doktor, professor, h'a'tte akademikler da'rejesine h'a'm ko'kirek nıshanların alıwg'a miyasar boldı. A'debiyatımız boyınsha o'tkezilgen izertlewlerde bul illet erkin h'a'm ashıq bolmasa-da, marksistlik ideologiya ta'sirinde beriliwi bul tarawda h'a'm sezilerli edi. Eger ilimiy a'debiyatlarg'a qarsı ko'rkem a'debiyat barlıq h'aqqıyqattı seziw ta'repi joqarı turadı. A'sirese, bul Nawayı qosıqları da'rejesinde filosofiyalıq teren'likte h'a'm puqta bolg'an ko'rkemligi ilmiyliginde jeke o'zin ko'rsetiw sır emes. Sol sebepli h'a'm Alisher Nawayı ko'rkem a'meliy ma'nawiyatımız ushın h'a'r dayım o'z wazıypasın atqarıp kelgen h'a'm keleshekte sonday bolıp qaladı.

Hesh bir xalıq du'nyada jeke jasamaydı, jalg'ızlıqqa u'yrenbegen. Milletler udayı o'z-ara tu'rlishe mu'na'siybette boladı h'a'm tariyxı dawamında bir-birine ta'sir o'tkizip, o'zlerin de ma'nawiy bayıtıp baradı. biraq h'esh qashan, h'esh bir xalıq o'zliginen pu'tkil keshib, basqa xalıq ma'nawiyat esabınan o'zin bayıta alg'an emes. Jeke bir shaxs pu'tkil o'zge bir ma'nawiy teoritoriyada ta'rbiya alg'an

bolsa, onda tolıq sol jerge maslasıwı mu'mkin. Bul insan ta'biyatına jat na'rse. Lekin bir xalıq tolıq o'zliginen keshib, o'zge xalıq ma'nawiyat du'nyasın qabıl qılsa, demek, onday xalıq joq boladı, o'z ma'nawiy ko'z-qarasın jog'altqan milletdur. Sol sebepli h'a'm milliy g'a'rezsizlik pa'rdiywalın ma'nawiy g'a'rezsizlikti payda etedi, deymiz.

Parijda, YuNESKO ken'esinde so'zlegen so'zinde Prezident İslam Karimov aytqanınday: «watanımız a'sirler dawamında ja'h'a'n tsivilizatsiyasının' besiklerinen biri esaplang'an». Biraq jurtımızda 70-jıl xu'kimranlıq qılg'an burıng'ı totalitar du'zim shaqqanlıq penen o'z qol astına alg'an xalıqlardın' o'tmishi awladlar yadınan shıqpag'an edi. Sol sebepli tınımsız gu'res g'a'rezsizligin o'mir ma'nisi dep dag'aza qılg'an «doh'iylar»dın' isengen sha'kirtleri h'a'm dosları tek g'ana tiri «dushpanlar» menen gu'resti, ba'lki milletlerdin' o'tmishi ma'nawiy miyras penen h'a'm tınımsız «gu'res alıp bardı». «Din-afiun», diniy ilim ulamalar, tasavuff ulamaları, «asa ketken reaktsioner», ba'rshe o'tmishdegi h'u'kimranlıq-qanh'or, basqınshı (tek g'ana rus patshaların bunday sebeplerge ko're) o'tmishtegi alımlardın' du'nya qarası sheklengen, shayırlarda -dawa etti. Bunday qara tamg'alar qaramlıq na'tiyjelerine qarag'anda ba'rshe xalıqlardın' bay ma'nawiy miyrası islep shıg'ıldı. Ha'tte u'yinen eski arab jazıwınan kitap tabılg'an adamlar ma'mleketke qarsı jınayatta ayıplang'an da'wirler boldı. Bolshevizm ideologiyasının' isengen qulına aylantırılg'an «sovet intelegentsiyası» na tiri h'a'm o'li «doh'iylar» dı jaratıw. «Komunizmnın' birinshi basqıshı» dep dag'aza qılıng'an bolshevik diktatura diziminin' ja'h'a'n tariyxındag'ı basqa menen h'a'm zamanlardan «Ayrıqshalıg'ı»n h'a'r qanday usıl menen da'liylep beriw belgilengen edi. Sol wazıypadan sheginiw xalıqqa h'a'm «nurlı keleshek» ke jınayat dep bah'alandı.

G'a'rezsizlik sebepli bizdin' ma'nawiy qa'diriyatlarımız o'tmish a'jdadlarımız qaldırg'an miyras, o'zinin' bekkemliligin de, ekilenbesten tikley basladı. Quranı Ka'rim Hadisleri birinshi ma'rte o'zbek tiline awdarma etilip baspadan shıg'arıldı. Nasriddin Rabg'ziy, Axmet Yassawiy, Ubaydiy, Muxammed Raximxon Feruz, Burxoniddin Marg'inoniy, Abu Mansur Matruddin, Bexbudiy,

Fitrat, Sholpan h'a'm basqa sovet da'wirinde h'a'tte atların eslewdi qadag'an etildi, alımlarımızdın' shıg'armaları birinin' izinen biri shıg'arılıp kitapxanalardın' qolına jetip kele basladı. Ma'mleket tili h'aqqındag'ı nızam qabıl qılındı. Tasavvuf pirleri-Axmet Yassawiy, Najmiddin Qubra, Baxovuddin Naqshband yubileyleri milletimiz ruwxında pa'kleniw tuyg'ıların oyattı. Paytaqtımız qaq ortasında Saqıbquran babamız Amir Temurdın' ullı mu'sni ornatılıwı o'zbek xalqının' h'a'r bir perzenti ruwxında joqarı ruh'ın payda etiw kerek. XX a'sir baslarında milletti ag'artıwshılıq, a'dalatlıqqa jeteklewden jadid alımlarımızdın' xalıq dilinen ja'ne mu'na'sib orın ala basladı. «Baspashı» dep qaralang'an milliy azatlıq h'a'reketi qatnasıwshıları o'z qa'dirlerine jete basaladı. O'tmishte, ja'ne milliy ma'nawiy miyrastı u'yreniwde qanday jandasıw, degen ma'selege qarama-qarsılıqlar bolıp qaladı. Ayırım waqıtları pikirlewde: «Aqırı o'tken jıllar dawamında h'a'm o'tmish miyrasların azba-ko'ppe u'yrenip bardı! Farabiy, Beruniy, Abu Ali İbn Sino, Alisher Navayi h'a'm basqa qatar alımlardın' shıg'armaları rus h'a'm o'zbek tilinde basılıp shıqtı. Bul u'lken do'retiwshilik miyneti bir neshe a'wlad alımlarının' o'mir mazmunın bildiredi ma?» A'lbette tuwrı. Ustazlarımızdın' bul jolda shını menen pidayılılıq ko'rsetken. Bu'gingi milliy ma'nawiyatımızdı tiklew jolında urınısları h'a'r ta'repleme bilimdan ustazlar jaratqan bekkem ornatqan pa'rdiywalg'a tayanıp turadı. Biraq ayrım insanlardın' millet ma'nawiyatı jolındag'ı pidayılıg'ı menen basshılıq etiw h'a'm onın' ideologiyasın ko'zlegen maqseti, bul tarawdı ju'rgizgen siyasattın' ortasında ayrıqsha parq bar ekenligin h'a'm bu'gin o'zimizde aydınlastırıp alıwımız kerek. Biz o'tmishti joq etiw jolınan barsaq, ja'ne «bolshevik» tutqan bolamız. Jetpis jıl ishinde ne zatlardan utıldıq h'a'm nelerde uttıq-degen esabatı ayrıqsha. Bul orında jaqsı an'lap jetiwimiz kerek bolg'an ma'sele sol, burın basshılıq qılg'an o'tmish miyrasın ornatıwda h'a'm o'z siyasatı, jetekshi ideyası, ideologiyasının' tamırların bekkemlew niet etildi. O'zbektin' milliy ma'nawiyatı, a'wladlarımız jaratqan baylıq qızıqtırg'an h'a'm ulıwma qızıqtırg'an emes.

Ma'lim bolg'anınday, h'a'r bir millet, h'a'r bir xalıq o'z ta'g'dirin, keleshegin a'wladlarımız tariyxı ta'jriybesi tiykarında, h'esh bir xalıq o'zge qa'lipler, o'zge

u'lgiler tiykarında emin-erkin jasap, rawajlana almaydı. «Adamzat birewdin' boyına qarap o'zine ton pishpeydi», deydi Jurbasshımız. Ha'r bir u'yde ta'rtib-qag'ıydalar bolg'anınday, h'a'r bir jurta da o'z milliyligi, ma'nawiyatı, u'rp-a'detleri, nızam-qag'ıydaları boladı. Olar asa jurttın' ta'biyiy geografiyalıq, sha'rt-sharayatları, tariyxıy ta'jiriybesi, milliy minez-qulqı menen baylanıslı boladı.

Mın' jıllar dawamında jer ju'zindegi tu'rli milletler jasag'an xalıqlardın' o'z-ara siyasiy, ma'deniy, sotsiallıq baylanısları h'a'zirgidey jaqın bolg'an emes. A'sirler dawamında jer ju'zinde tu'rli ma'deniy territoriyalarda jaylasqan. Evropa xalıqlarının' ulıwma territoriya ma'deniyatı, Batıs, Shıg'ıs xalıqlar territoriyası ma'deniyatı, Xindistan yarım aralı h'a'm onda qon'sı jerlerde jaratılg'an ulıwma ma'deniyatı h'a'm basqa bir qatar territoriya ma'deniyatı-bulardın' h'a'r bir ag'zasında parq qılıwshı qatar diniy ideologiyalıq, filosofiyalıq mektepler, sanaat h'a'm a'debiyat, u'rp-a'det h'a'm da'stu'rleri o'zine say bolg'an bir dizimlerdi payda etken, biybah'a mu'lkin, ma'nawiyat baylıqların biyparwalıq penen bir-birine qosıp jiberiwimiz ulıwma do'retiwshilik na'tiyjelerin bermeydi.

Hesh qashan bir insan xaqıyqattın' tu'p tiykarına jetken emes. Sebebi barlıq h'aqıyqat-sheksiz. Onı an'lap jetiw ushın, birinshi, sol ku'ngeshe h'aqıyqatqa erisken ba'rshe jetiskenliklerin o'zlestiriw lazım boladı. Biraq pu'tkil insaniyat jaratıp qaldırg'an ilimiy miyrasın o'zlestiriw bir kisi ushın g'ana emes, h'a'tte u'lkenirek ilimiy ja'miyetler ushın h'a'm awırlıq qıladı. Ekinshiden, ba'rshe insaniyatının' jetisken bilimlerin h'a'm barlıq h'aqıyqattın' aldında h'esh ga'p emes. Sonday eken, waqıya du'nya h'aqqında ta'sa'wirlerimizdi qanday rawajlandırıwımız maqsetke muwapıqraq?

Ulıwma insan qa'diriyatı h'a'r bir millet ma'nawiyatıda o'zine say h'a'm arnawlı tu'zimde payda boladı. Sonday-aq milliy ma'nawiyat tariyxıy h'a'diyse, o'zbektin' ma'nawiy jetilistiriw nemis yaki qıtay xalqı basınan keshirgen tariyxıy keshirmelerden pu'tkil parq qılıwshı siyasiy ma'deniy ma'kan h'a'm zamanda ju'z bergen. Ha'r bir xalıqtın' mazmunın ulıwma insanıy qa'diriyatların o'zine say arnawlı du'zimde payda etiwshi sırı sol jerde. Zoxirbinler sol sırtqı parqlarg'a itibar qaratıp g'awg'a ko'teredi, ah'li dillar botiniy uyg'ınlıqtı muxim esaplaydı.

Tu’rli milletler ma’nawiyatının’ o’zine maslıg’ı kamalaktag’ı tu’rli ren’ler tawlanıwına say bolıp, olar bir-birin toltıradı, bayıtadı, a’lde inkar etpeydi, bir so’z benen aytqanda, ma’nawiyat ellerin shetletpeydi. Ulıwma insanıy ma’nawiyatların birden-bir ayrıqsha xalıq jaratpaydı, bul ma’nawiyattı h’a’r bir xalıq, h’a’r bir elat o’z tariyxıy ta’jiriybesi menen a’ste-aqırın rawajlandırıp baradı h’a’m o’z-ara tu’rlishe mu’na’siybetler sol waqta eller, milletler bir-birine tu’sinip, o’z-ara ma’nawiyatlardag’ı ulıwma ta’replerin ta’jiriybede an’lap baradı.

Aytıp o’tkenlerden juwmaq sol, o’z milliy ma’nawiyatımızdı tiklewge bel baylasaq o’zgege qayırqomlıq etpesek, ba’lki ulıwma adalatlıqtı tiklewge urınsaq. Uyg’ınlıq buzılsa, ulıwma ma’nawiyatta to’gis bolmaydı. Pu’tkil du’nya xalıqları bir-birin tu’sinip jasaw ushın aldıg’a ilgerlewi lazım. Dushpanlıq, qayır ko’zi menen qaraw emes, miyrim sha’pa’a’tti birlestiredi. Bul ullı xalıq bizin’ a’wladlarımız a’lle qashan an’lap jetken. Biraq o’zgeni tu’siniw ushın, o’zege miyrimli ko’z benen qaraw ushın, a’wele insan o’zligin an’lap jetiwi kerek. O’zligin an’lamag’an zat h’esh qashan o’zgeni tu’sinbeydi, onı jaqsı qabıl etpeydi. Tiykarınan milliy ma’nawiyatımızg’a bu’gingi ayırıwg’a itibar da sol o’zligimizdi an’lap jetiwge bolg’an ku’shli itibarlılıq ta sonnan kelip shıg’adı.

Allaxtan rasulları tek onı adamlarg’a jetkeriwge juwapker etken, yag’nıy payg’am (xabar) jetkeriwshiler. Xu’kim shıg’arıw tek Allaxtın’ o’zine ta’nligin deyiledi. Qurani Ka’rimnin’ «Anom» su’resi 57-ayatında. Qorshag’an ortalıq, ta’biyatqa orınsız zıyan jetkermew, ja’ne bir ulıwma insanıy ma’nawiyat bolıp, bul h’a’zirge shekem ko’pshilik insanlar ta’repinen a’melde islenip atırg’an qag’ıydag’a aylang’anı joq. İnsanlar, a’lbette, arzımas h’a’wesleri jolında o’z keleshekleri tamırına ayawsız balta uradı.

## §2. Ma'nawiyat qa'liplesiwi h'a'm rawajlanıwının' tiykarg'ı faktorları

Biz milliy ma'nawiyattı h'a'r ta'repleme rawajlandırıw ma'selesin o'z aldımızg'a tiykarg'ı wazıypa etip qoyar ekenbiz, bu'gingi ku'nde ma'nawiyatımızdı qa'liplestiretug'ın h'a'm og'an ta'sir etetug'ın barlıq faktorlar h'a'm o'lshemlerdi teren' talap, olardın' bul boyınsha qanday orın tutıwın jaqsı an'lap alıwımız maqsetke muwapıq boladı.

A'lbette, h'a'r qanday xalıq yaki millettin' ma'nawiyatın onın' tariyxı, o'zine ta'n u'rp-a'det h'a'm da'stu'rleri, turmıslıq ma'nawiyatınan ayrılıp ko'z aldımızg'a keltirip bolmaydı. Bunday ruwxıy miyras, ma'deniy baylıqlar, a'yyemgi tariyxıy estelikler en' a'h'miyetli faktorlardan biri bolıp xızmet etetug'ınlıg'ı ta'biyiy.

Bizin' a'yyemgi h'a'm go'zzal diyarımız tek g'ana Shıg'ıs emes, al, ja'h'a'n tsivilizatsiyası besiklerinin' biri bolg'anın xalıq aralıq ja'miyetshilik ta'n almaqta h'a'm atap o'tpekte. Bul teberik topıraqtan ne-ne ullı insanlar, alım-ulamalar, siyasatshı h'a'm sa'rkardarlar jetisip shıqqanı, ulıwma insaniyat tsivilizatsiyası h'a'm ma'deniyatının' ajıralmas bo'legine aylanıp ketken du'nyalıq h'a'm diniy ilimlerdin', a'sirese, islam dini menen baylanıslı bilimlerdin' tariyxtan en' joqarg'ı basqıshqa ko'teriliwinde ana jurtımızda tuwılıp ka'malg'a kelgen ullı danıshpanlardın' xızmetlerinin' ten'i joq ekenligi bizge u'lken maqtanısh h'a'm ma'rtebe bag'ıshlaydı.

Bul a'yyemgi topıraqta bizin' eramızg'a shekemgi bolg'an da'wirde h'a'm onnan keyin qurılg'an quramalı suw jolları, elege deyin o'zinin' ko'rki-sawlatın saqlap kiyatırg'an esteliklerimiz, a'yyem-a'yyemnen u'lkemizdegi diyqanshılıq h'a'm o'nermentshilik ma'deniyatı, arxitekturalıq h'a'm qala qurıw iskusstvosı joqarı da'rejede rawajlang'annan derek beredi. Ma'mleketimiz aymag'ında bar bolg'an to'rt mın'nan zıyat materiallıq ruwxıy estelikler ulıwma ja'h'a'n miyrasının' taptırma su'lgisi sıpatında YuNESKO dizimine kirgizilgeni de bul pikirdi tastıyıqlaydı.

Babalarımız oy-pikiri h'a'm ullılıg'ı menen jaratılg'an en' a'yyemgi tas jazıw h'a'm bitikler, xalıq awız-eki a'debiyatının' u'lgilerinen baslap, bu'gingi ku'ni

kitapxanalarımız g'a'ziynesinde saqlanıp atırg'an mın'lap qol jazbalar, olarda ja'mlesken tariyx, a'debiyat, sanaat, siyasat, a'dep-ikramlılıq, filosofiya, meditsina, matematika, mineralogiya, ximiya, astronomiya, arxitektura, diyxanshılıq h'a'm basqa tarawlarg'a tiyisli biybah'a shıg'armalar bizin' ullı ruwxıy baylıg'ımız bolıp tabıladı. Bunday u'lken miyrasqa iye bolg'an xalıq du'nyada kemnen-kem tabıladı.

Ata-babalarımızdın' a'sirler dawamında toplag'an turmıslıq ta'jiriybesi diniy, a'dep-ikramlılıq, ilimiy, ko'z-qarasların sa'wlelendiretug'ın bunday tariyxıy estelikler arasında bunnan derlik u'sh mın' jıllıq burın Xorezm oazıysı aymag'ında jaratılg'an «Avesto » dep atalg'an biybah'a ruwxıy estelik ayrıqsha orın tutadı. En' da'slep sonı aytıwımız tiyis alıs ata-babalarımızdın' aqıl zakowatı ju'rek meh'rinin' zu'ra'a'ti bolg'an bul tabılmas esteliktin' zaman boranlarınan, qanshadan-qansha awır sınaqlardan o'tip, bizin' da'wirimizge deyin jetip kelgeninin' o'zinde u'lken mazmun ja'mlegen. Bunday o'lmes estelikler bul a'yyemgi u'lkede, bu'gin biz jasap turg'an topıraqta a'zelden ullı ma'deniyat bar ekenliginen gu'walıq beredi.

A'ne usınday tariyxıy esteliklerdin' u'lgileri menen jaqınnan tanısar ekenbiz, olarda sa'wlelengen teren' pikir h'a'm ideyalar, o'mir filosofiyası bizdi bu'gin de tan' qaldırıwına ja'ne bir ma'rte a'miyn bolamız.

Mısalı ushın, «Avesto» nın' tu'pkilikli mazmun-ma'nisin belgilep beretug'ın «iygilikli pikir, iygilikli so'z, iygilikli a'meliy is» degen printsipti alatug'ın bolsaq, onda h'a'zirgi zaman ushında sheksiz ibratlı bolg'an sabaqlar barlıg'ın ko'riwimiz mu'mkin. Usınday pikirler, yag'nıy iyigilikli niyet, so'z h'a'm is birligin ja'miyet turmısının' birlemshi ideyası sıpatında alg'a su'riw bizin' bu'gingi ruwxıy ideyalarımız benen qanshama tıg'ız baylanıslı, turmıslıq tiykarg'a iye ekenligi ayrıqsha itibarlıdur.

«Avesto» da du'nyanın' tutaslıg'ı h'a'm bir pu'tinligi, insan o'mirinin' ta'biyat penen uyg'ınlıg'ı ma'selesi adamnın' ruwxıy du'nyasına tıg'ız baylanısqan h'alda ko'rsetilgeni ko'p na'rseni an'latadı. Bul h'alat insannın' ruwxıy du'nyasın qa'liplestiriwde qorshag'an ortalıqtın' a'yyemgi zamanlardan berli qanday ku'shli ta'sir o'tkerip kelgenligine ja'ne bir ret itibarımızdı tartadı.

Bul du'nyada h'a'r qaysı millettin' o'z a'psanalıq qah'armanları, o'zi su'yip ardaqlaytug'ın palwanları bolatug'ını ma'lim. Xalqımız a'zelden o'z denesinde, o'z tamırında jasaytug'ın ilah'iy qu'diretke mu'na'sip bolıwg'a umtılıp, o'z ulların ma'rtlik h'a'm h'adallıq, batırlıq ruwxında, el-jurt ushın janın da ayamaytug'ın h'aqıyqıy palwanlar etip ta'rbiyalap kelgen.

Usı ma'niste xalıq awız-eki do'retiwshiliginin' du'rdanası bolg'an «Alpamıs» da'stanı milletimizdin' o'zligin ko'rsetetug'ın, a'wladlardan-a'wladlarg'a o'tip kiyatırg'an qah'armanlıq qosıg'ı bolıp tabıladı. Eger xalqımızdın' a'yyemgi h'a'm dan'qlı tariyxı tawsılmas bir da'stan bolsa, «Alpamıs» a'ne usı da'stannın' shah'ana qos qatarı, desek tuwrı boladı. Bul klassik shıg'armada tariyx boranlarınan, o'mir-o'lim sınaqlarınan aman shıg'ıp, o'zligin mudamı saqlag'an el-jurtımızdın' ken' peyil, ma'rt, jaqsı niyet, wa'de-wapa h'a'm sadıqlıq sıyaqlı iygilikli pazıyletleri o'z sa'wleleniwin tapqan.

Sol sebepli «Alpamıs» da'stanı bizge patriotlıq pazıyletlerden sabaq beredi. A'dil h'a'm h'aqıyqatshıl bolıwg'a, o'z jurtımızdı, shan'arag'ımızdın' qorg'anın, oshag'ın qorg'awg'a, dos-yarlarımızdı, ar-namısımızdı, ata-babalarımızdın' muqaddes mazarların h'a'r qanday agressiv ku'shlerden qorg'awg'a u'yretedi.

Milliy ma'nawiyatımız a'zelden qanday faktor h'a'm o'lshemler negizinde qa'liplesip kiyatırg'anı xalqımız ushın en' a'ziz h'a'm en' milliy bayram-Shıg'ısqa ta'n jan'a jıl bolg'an Nawrız bayramı mısalında, a'sirese ayqın ko'zge tu'sedi.

Ba'rshemiz mudamı sag'ınıp ku'tetug'ın h'a'm u'lken quwanısh, shadıyana menen o'tkeretug'ın Nawrız bayramı biz ushın o'mirdin' ma'n'giligin, ta'biyattın' artıqmash qu'direti h'a'm sheksiz saqawatının', ko'p mın' jıllıq milliy kelbetimiz, jaqsı niyetli u'rp-a'detlerimizdin' ta'kirarlanbas ko'rinisi bolıp kelmekte.

Juwmaqlap aytqanda, jan'alanıw h'a'm iygilikli islerdin' tımsalı bolg'an Nawrız filosofiyası xalqımızg'a ta'n bolg'an adamgershilik, meh'ir-aqıbet, miriwbet h'a'm h'immet sıyaqlı joqarı pazıyletlerden azıqlanıp kelgen, babalarımız a'sirler dawamında qanday ullı ulıwma insanıy ideyalardan azıq alıp, ruwxıy kamal tapqanının' ja'ne bir tastıyıqlanıwı desek, h'esh qanday qa'te bolmaydı.

A’yyemgi tariyxımızdı usı ma’niste ko’z aldımızdan o’tkerip, tallaytug’ın bolsaq, a’h’miyetli h’a’m ibratlı bir pikirdi ta’kirarlap aytıwg’a tuwra keledi. Yag’nıy, ata-babalarımız ruwxıy du’nyasının’ tamırları joqarıda atap o’tilgen ma’nawiyat negizinde, tariyxta da, bu’gin de ba’rshenin’ h’a’wesin keltiretug’ın a’jayıp pazıyletler tiykarında qa’liplesken.

Usı orında ma’nawiyattın’ ba’lentlewi menen tıg’ız baylanıslı bolg’an ja’ne bir o’lshem-muqaddes dinimiz h’aqqında ayrıqsha toqtalıp o’tiwdi za’ru’r dep bilemen.

Din a’zelden insan ruwxıy du’nyasının’ ajıralmas bo’legi sıpatında adamzattın’ joqarı idealları, h’aq h’a’m h’aqıyqat, insap h’a’m a’dalat h’aqqındag’ı arzıw-a’rmanların o’zinde ja’mlengen, olardı turaqlı qag’ıydalar tu’rinde bekkemlep kiyatırg’an ideya h’a’m ko’z-qaraslardın’ tutas bir sisteması ekenligi ba’rshemizge jaqsı ma’lim.

A’sirese ko’p a’sirler dawamında xalqımız qa’lbinen teren’ orın alıp, o’mirdin’ mazmunın an’law, milliy ma’deniyatımız h’a’m turmıs qa’lbimizdi, qa’driyatlarımız, u’rp-a’det h’a’m da’stu’rlerimizdi o’lmeytug’ın etip saqlawda muqaddes dinimizdin’ qu’diretli faktor bolıp kiyatırg’anın ayrıqsha atap o’tiw tiyis. Nege degende, insanıylıq, meh’ir-aqıbet, h’adallıq, aqıretti oylap jasaw, jaqsılıq, meh’ir-sha’pa’a’t sıyaqlı xalqımızg’a tiyisli bolg’an pazıyletler a’yne usı negizde tamır atadı h’a’m rawajlandı.

Bu’gingi ku’ni islam dinine qarata pu’tkil du’nyada qızıg’ıwshılıq h’a’m umtılıw ku’sheyip, onın’ tileklesleri h’a’m ta’repdarları ko’beyip baratırg’anı h’esh kimge sır emes. Bunın’ tiykarg’ı sebebi, muqaddes dinimizdin’ h’aqqanıylıg’ı h’a’m pa’kligi, insandı su’yiwshiligi h’a’m ken’ peyilligi, adamzattı mudamı iygilikli islerge shaqırıwı, turmıs sınaqlarında o’zin aqlag’an qa’diriyat h’a’m da’stu’rlerdi a’jdadlardan a’wladlarg’a jetkeriwdegi ten’i joq ornı h’a’m a’h’miyeti menen baylanıslı.

Usı jerde ullı babalarımızdın’ ruwxıy du’nyası tuwralı pikir ju’rgizgende, Saqıpqıran A’mir Temur h’aqqında ayrıqsha toqtawımız ta’biyiy bolıp tabıladı. Sebebi, ten’siz ku’sh-g’ayrat, ma’rtlik h’a’m danıshpanlıq tımsalı bolg’an bul

ta'kirarlanbas tulg'a ullı saltanat qurıp, ma'mleketshilik boyınsha o'zinen a'meliy de, teoriyalıq da miyras qaldırdı, ilim-pa'n, ma'deniyat, qurılıs, din h'a'm ma'deniyattın' rawajlanıwına ken' jol ashtı.

Jeke o'zim men **«Temur tu'zikleri»**n h'a'r saparı oqır ekenmen, misli o'zime qandaydur ruwxıy ku'sh-quwat tapqanday bolaman. O'z jumısında bul kitapqa ta'kirar-ta'kirar mu'ra'jat etip, ondag'ı h'esh qashan eskirmeytug'ın, insan ma'nawiyatı ushın bu'gingi ku'nde de azıq bolatug'ın h'ikmetli pikirlerin' qanshelli turmıslıq ekenine ko'p ma'rte isenim payda etkenmen. Ma'selen, «**Ta'jiriybemde ko'rilgen, qararı bekkem, isbilermen, sergek, ma'rt h'a'm g'ayratlı bir kisi mın' biyda'wlet, biyparwa kisiden jaqsıraqdur**» degen so'zler bu'gingi ku'nde de ruwxıy jaqtan qanshelli u'lken a'h'miyetke iye ekeni ba'rshemizge ayan.

A'mir Temur babamızdın' bunday teren' ma'nili h'ikmetleri xalqımızda qa'dimnen bar bolg'an «**Bilegi ku'shli birdi, bilimi ku'shli mın'dı jıg'adı**» degen maqalag'a og'ada u'nles bolıp, insandı ba'rqulla aqıl-oy, a'dalat h'a'm joqarı ma'nawiyat tiykarında jasawg'a shaqırıwı menen itibarlı bolıp tabıladı.

Ullı A'mir Temurdın' aqlıg'ı, ullı danıshpan Mırza Ulug'bektin' orta a'sirler sharayatında ko'rsetken ilimiy ma'rtligi bu'gingi ku'n alımların da h'ayran qaldırmastan qoymaydı. Ta'g'dir bul ullı insang'a sheksiz h'a'm mashaqatlı wazıypalar ju'kledi. Ullı sa'rkarda A'mir Temur qurg'an saltanattın' miyrasxorı bolıwday u'lken juwapkerli wazıypa og'an nesiyp etti. Mırza Ulug'bek derlik qırıq jılg'a jaqın waqıt dawamında Mawerennaxr diyarının' danıshpan h'u'kimdarı sıpatında xalıqtın' a'zeliy a'rmanı-tınıshlıq, tatıwlıq, ilim-pa'n h'a'm ma'deniyattı rawajlandırıw jolında u'lken ma'rtlik h'a'm ku'sh-g'ayrat ko'rsetti.

O'zbek xalqı ruwxıy du'nyasının' qa'liplesiwine og'ada ku'shli h'a'm na'tiyjeli ta'sir ko'rsetken ullı insanlardın' ja'ne biri-bul-Alisher Nawayı babamız bolıp tabıladı. Biz onın' teberik ismi, do'retiwshilik miyrasının' ma'n'giligi, ko'rkem danalıg'ı, zaman h'a'm ma'kan shegaraların bilmesligi h'aqqında ba'rqulla maqtanıshlı tu'rde so'z etemiz.

Alisher Nawayı xalqımızdın' sanası h'a'm oy-pikiri, ko'rkem ma'deniyatı tariyxında pu'tkil bir da'wirdi quraytug'ın ullı shaxs, milliy a'debiyatımızdın' ten'siz wa'kili, milletimizdin' maqtanıshı, dan'q-abırayın du'nyag'a tanıtqan o'lmes so'z do'retiwshisi bolıp tabıladı. Du'nyada Nawayını bilmegen, Nawayını su'ymegen, Nawayıg'a sadıqlıq h'a'm isenim menen qaramag'an tu'rkiy h'a'm parsı tilinde so'ylewshi birde-bir insan joq ekenligin atap o'tiwimiz orınlı.

Prezidentimiz İslam Karimov miynetlerinde mına pikirlerdi keltirip o'tedi**. «Eger bul ullı insandı a'wliye desek, ol a'wliyelerdin' a'wliyesi, oyshıl desek, oyshıllardın' oyshılı, shayır desek, shayırlardın' sultanı sanaladı»[1]**.

İnsan qa'lbinin' quwanısh h'a'm qayg'ısın, jaqsılıq h'a'm o'mir mazmunın Nawayı sıyaqlı teren' sa'wlelendirgen shayır du'nya a'debiyatı tariyxında kemnen-kem tabıladı. Ana tiline muh'abbat, onın' ten'i-tayı joq baylıg'ı h'a'm ullılıg'ın an'law sezimi bizin' sanamızg'a, ju'regimizge en' da'slep Nawayı do'retpeleri menen kirip keledi. Biz bul biybah'a miyrastan xalqımızdı, a'sirese, jaslarımızdı qanshelli ko'p suwsızlandırsaq, milliy ma'nawiyatımızdı joqarılatıwg'a, ja'miyetimizde iygilikli insaniy pazıyletlerdi qa'liplestiriwde sonshelli qu'diretli bilimlendiriw quralına iye bolamız.

Qandayda bir xalıqtın' ma'nawiyatına ta'n qa'diriyatlardın' basqa xalıqlar ta'repinen ta'n alınıwı, sol xalıq tariyxına bolg'an teren' h'u'rmettin' belgisi ekenligi ma'lim. Bunday ta'n' alıwlar xalıqtın' maqtanıshı h'a'm ma'rtebesin, milliy o'zligin ja'nede joqarılatug'a xızmet etedi.

Ha'r qanday millettin' o'zine ta'n ma'nawiyatın qa'liplestiriw h'a'm joqarılatıwda, shubh'asız shan'araqtın' ornı ta'siri ten'siz bolıp tabıladı. Sebebi insannın' en' taza h'a'm pa'kize sezimleri, da'slepki turmıslıq tu'sinikleri birinshi gezekte shan'araqta qa'liplesedi. Balanın' xarakterin, ta'biyattı h'a'm du'nyag'a ko'z-qarasın belgileytug'ın ruwxıy o'lshem h'a'm tanımlar-jaqsılıq h'a'm adamgershilik, joqarı pazıylet, meh'ir-miriwbet, ar-namıs h'a'm a'ndiyshe sıyaqlı muqaddes tu'siniklerdin' negizi shan'araq sharayatında qa'liplesiwi ta'biyiy.

[1] İslam Karimov «Joqarı ma'naÿiyat jen'ilmes ku'sh». –T.: «Manaviyat», 2008. 47-b.

Sonın' ushın da shan'araq ortalıg'ında payda bolatug'ın ata-ana h'u'rmet, olardın' aldındag'ı o'mirlik qarızdarlıq minnetin teren' an'law h'a'r bir insang'a ta'n bolg'an insanıylıq pazıyletleri h'a'm shan'araqlıq qatnasıqlarının' negizin, shan'araqtın' ruwxıy du'nyasın quraydı.

Biz o'z perzentlerimizdin' baxıt-saadatı, ıg'balın h'a'm keleshegin ko'riwdi qa'ler ekenbiz, tek shan'araqtag'ı g'ana emes, al qon'sı-qoba, ma'h'a'lledegi adamlardın' is-h'a'reketi h'a'm balanın' qa'liplesip kiyatırg'an sap qa'lbi h'a'm sanasına qanday ta'sir ko'rsetiwi h'aqqında mudamı oylawımız, bul ma'selede moyınımızda qanday u'lken juwapkershilik bar ekenligin umıtpawımız za'ru'r.

Shan'araqlıq ta'rbiya ma'selesinde qa'tege jol qoymaw ushın en' da'slep h'a'r bir u'ydegi ruwxıy ıqlımdı o'z-ara h'u'rmet, a'dep-ikramlılıq, insanıy mu'na'sibetler tiykarına qurıw og'ada orınlı bolar edi. Bul tuwralı aytqanda men, klassik jazıwshımız Abdulla Qadiriydin' «**O'tken ku'nler**» shıg'armasındag'ı qah'armanlardın' o'z-ara qatnası h'a'm so'ylesiwleri, olardın' h'a'tte, kishkene perzentlerinde «**siz**» lep so'ylewi mısalında ata-babalarımızdın' shan'araq ma'nawiyatına qanshama u'lken itibar bergenine isenim arttıraman.

Usı ko'z qarastan qarag'anda bu'gingi ku'nde de jurtımızda usınday shıraylı a'dep-ikramlılıq o'lshemleri menen jasap kiyatırg'an, ul-qızların usınday ruwxta ta'rbiyalap atırg'an ko'plep u'lgili shan'araqlar ba'rshemizde h'a'wes oyatatug'ını ta'biyiy.

O'zbek xalqı a'zelden o'zinin' balajanlıg'ı, shan'araq su'yiwshiligi menen ajıralıp turatug'ını ma'lim. A'lbete, perzentke meh'ir qoyıw, olardın' qarnın toq, kiyimin pu'tin etiw o'z jolı menen, lekin babalarımızdı jaslıq shag'ınan baslap milliy ta'rbiya, a'dep-ikramlılıq, joqarı ma'nawiyat tiykarında o'siriw biz ushın mudamı a'h'miyetli wazıypa bolıp kelgen. Bul ma'selege itibar bermew tek ayırım ata-analar g'ana emes, al pu'tkil ja'miyet ushın ju'da' qımbatqa tu'setug'ınlıg'ın da ko'plegen turmıslıq mısallarda ko'riwimiz mu'mkin.

Joqarıda atap o'tilgenindey, bala ta'rbiyasında salamat zu'rriyat ma'selesi de a'h'miyetli rol oynaytug'ınlıg'ın biykarlap bolmaytug'ınlıg'ı o'z-o'zinen ayan. Aqılı ka'mil h'a'r qanday insan **bul jaqtı du'nyada o'mir bar eken, shan'araq**

**bar ekenligin jaqsı an'lap jetedi. Shan'araq bar eken, perzent dep atalg'an biybah'a baylıq bar. Perzent bar eken, adamzat h'a'miyshe iygilikli niyetler h'a'm umtılıslar menen jasaydı[1].**

Jeke menin' o'zime «zu'rriyat» h'a'm «nesiybe» degen so'zler arasında qanday da bir ilah'iy baylanıs barday seziledi. A'lbette, h'a'r bir bendege ırısqı-nesiybeni Allataala beredi. Lekin bul o'mirde nesiybe pu'tin h'a'm tolıq bolıwı ushın insannın' o'zi de shın kewilden umıtılıwı, za'ru'riyatın salamat ortalıqta ta'rbiyalawı u'lken a'h'miyetke iye ekenligin umıtpawımız za'ru'r.

Bu'gingi ku'nde bizin' a'melge asırıp atırg'an barlıq islerimizdin' baxıt-saadatı, olardın' jarqın keleshegi ushın a'melge asırmaqta. Lekin, baxıt-saadat tek g'ana baylıq, mal-mu'lk penen belgilenleydi. A'depli, bilimli h'a'm aqıllı, miynet su'ygish, iyman-insaplı perzent tek g'ana ata-ananın' emes, al putkil ja'miyettin' en' u'lken baylıg'ı bolıp esaplanadı.

Usı h'aqıyqattan kelip shıg'ıp, jaslarımızdı h'a'r ta'epleme salamat h'a'm jetik etip ta'rbiyalaw, o'mirdin' baqıylıg'ı, a'wladlardın' dawamlıg'ın ta'miyinleytug'ın ruwxıylıq qorg'anı bolg'an shan'araqtı bekkemlew bu'gingi ku'nde h'a'mmemizdin' tiykarg'ı wazıypamız g'ana bolıp qalmastan, adamgershilik parızımızg'a da aylanıwın qa'ler edim.

Sol sebepli biz g'a'rezsizlik da'wirinde shan'araq institutın ja'miyettin' basqa a'h'miyetli sotsiallıq du'zimleri, elimizdegi ruwxıy o'zgerisler menen u'ylesimli ta'rizde rawajlandırıw, onın' abroyın arttırıw ma'selesine ma'mleketlik siyasattın' en' baslı h'a'm a'h'miyetli bag'darı sıpatında turaqlı dıqqat qaratıp kelmektemiz.

Ma'mleketimiz Konsituttsiyasında shan'araqtın' sotsiallıq statusı anıq belgilep qoyılg'anı, usıg'an tiykarlanıp Shan'araq, Puqaralıq, Turaq jay kodeksleri h'a'm basqa da za'ru'rli nızam h'u'jjetleri qabıl etilip, bul bag'darda tiyisli h'uqıqıy tiykar jaratılg'anı da bul pikirdi tastıyıqlaydı.

---

[1] İslam Karimov. «Joqarı ma'naỹiyat jen'ilmes ku'sh». –T.: «Manaviyat» 2008. 56-b

Qısqasha aytqanda, **shan'araq salamat bolsa- ja'miyet bekkem boladı, ja'miyet bekkem bolsa-ma'mleket qu'diretli bolatug'ınlıg'ı h'a'mmemizge ayan bolıwı ta'biyiy[1].**

Ma'nawiy turmısımızdı bayıtıw h'aqqında so'z bolg'anda, ma'h'a'llenin' roli h'a'm ta'siri h'aqqında toqtalıp o'tiw a'lbette orınlı boladı. A'zelden o'zbek ma'h'a'lleleri h'aqıyqıy milliy qa'diriyatlar ma'kanı bolıp kelgenligi ma'lim. O'z-ara meh'ir-miriwbet, awızbirshilik h'a'm tatıwlıq, ja'rdemge mu'ta'j adamlardın' h'alınan xabar alıw, jetim-jesirlerdin' basınan sıypaw, toy-tamasha, ko'mek h'a'm merekelerdi ko'pshilik penen ma'sla'h'a'tlesip o'tkeriw, jaqsı ku'nde de, jaman ku'nde de birge bolıw usag'an xalqımızg'a ta'n u'rp-a'det h'a'm da'stu'rler birinshi gezekte ma'h'a'lle sharayatında qa'liplesken h'a'm rawajlang'an. Xalqımızg'a ta'n o'zin-o'zi basqarıw sistemasının' bul a'jayım usılı a'yyem zamannan adamlardın' tek g'ana tilinde emes, al kewlinde, pu'tkil o'mirinde teren' orın iyelegeni tegin emes. Biz «**Ma'h'a'lle-h'a'm ata, h'a'm ana**» degen h'ikmetli naqıldı usı o'mir h'aqıyqatının' ko'rinisi sıpatında qabıl etemiz.

Ma'h'a'lle h'aqqında so'z barg'anda, ko'pshilik usınday teren' ma'nili so'zlerdi eslewi h'a'm tilge alıwı ta'biyiy. Olar usılayınsha so'zlerinin' da'rti h'a'm ta'shwishlerin sheship beretug'ın ta'sirshen' ja'miyetlik puqaralıq ma'keme-ana-jurt tımsalı bolg'an ma'h'a'llege o'zinin' mu'na'sibetin bildiredi.

G'a'rezsizlik jıllarında ma'h'a'lle turmısı menen baylanıslı ko'plegen qa'diriyatlar, salt-da'stu'rler qayta tiklenip, zaman talapları tiykarında bayıp barmaqta. Usının' menen birge, ma'h'a'llenin' h'uqıq h'a'm wa'killikleri ken'eytirmekte, olar bu'gin o'zin-o'zi basqarıw ma'kemesi, h'aqıyqıy demokratiya mektebi sıpatında ken' ko'lemli jumıs alıp barmaqta. Ma'mleketshiligimiz tariyxında birinshi ma'rte «ma'h'a'lle» tu'sinigi Konstitutsiyamızg'a kirgizilip, onın' ja'miyet basqarıwındag'ı ornı h'a'm statya qatan' belgilep berildi. Ma'h'a'lle basqarıwına bunday u'lken itibar bu'gin ma'mleketimizde alıp barılıp atırg'an siyasattın' xalıqshılıg'ınan derek beredi. Sonın' menen birge ol elimizde a'melge asırılıp atırg'an «**Ku'shli ma'mleketten-ku'shli ja'miyetke qaray**» degen

[1] İslam Karimov. «Joqarı ma'naÿiyat jen'ilmes ku'sh». –T.: «Manaviyat». 2008. 58-b

printsiptin’ a’meliy ko’rinisi bolıp, ruwxıy turmısımızdı ja’ne de bekkemlew, jas a’wladtın’ sana-sezimin zamanago’y tiykarda qa’liplestiriw boyınsha u’lken a’h’miyetke iye bolmaqta.

Ma’h’a’llenin’ xalıqtın’ ruwxıylıg’ı menen baylanıslı ta’repleri h’aqqında so’z ju’rgizip, olardı ko’z aldımızdan o’tkerip, h’a’r ta’repleme talap qarar ekenbiz, h’esh ekilenbesten sonı aytıw kerek, biz h’a’r bir shan’araqtag’ı, pu’tkil el-jurtımızdag’ı ruwxıy ıqlım h’a’m jag’daydı tu’sinbekshi bolsaq, bul bag’dardag’ı h’aqıyqıy awh’aldın’ ayqın ko’rinisin birinshi gezekte ma’h’a’lle turmısında aynaday anıq ko’riw imkaniyatına iye bolamız.

Sol sebepli biz ruwxıy turısımızdı, milliy sana-sezim h’a’m qa’diriyatlarımızdı, isenim h’a’m oy-pikirimizdi, u’rp-a’dep h’a’m da’stu’rlerimizdi saqlaw, ruwxıy du’nyamızdı bayıtıwg’a umıtılar ekenbiz, olardın’ h’a’mmesi ma’h’a’lle ma’kemesine ja’ne de ko’birek imkaniyat beriw, onın’ h’uqıqıy h’a’m a’meliy wa’killiklerin ken’eytiw menen tikkeley baylanıslı ekenligin jaqsı tu’sinemiz. Sol arqalı biz o’zimizdin’ ullı maqsetimiz bolg’an erkin puqaralıq ja’miyetti qurıw jolında, so’zsiz, u’lken qa’dem qoyg’an bolamız.

Ruwxıylıqtı qa’liplestiriwge tikkeley ta’sir etetug’ın ja’ne bir a’h’miyetli turmıslıq faktor-bul ta’lim-ta’rbiya sisteması menen tıg’ız baylanıslı.

Ha’mmemizge ma’lim, ata-babalarımız a’zelden biybah’a baylıq bolg’an ilim h’a’m bilimdi, ta’lim h’a’m ta’rbiyanı insan kamalatı h’a’m millettin’ rawajlanıwının’ en’ tiykarg’ı sha’rti h’a’m girewi dep bilgen.

A’lbette, ta’lim-ta’rbiya sananın’ jemisi, lekin, sonın’ menen qatar sananın’ da’rejesi h’a’m onın’ rawajlanıwın da belgileytug’ın, yag’nıy, xalıq ma’nawiyatın qa’liplestiretug’ın h’a’m bayıtatug’ın en’ a’h’miyetli faktor bolıp tabıladı. Solay eken, ta’lim-ta’rbiya sistemasın h’a’m usı tiykarda sananı o’zgertpesten turıp ma’nawiyattı rawajlandırıp bolmaydı.

Sol sebepli bul salada ju’zeki, ra’smiy jantasıwlarg’a, puxta oylanbag’an islerge ulıwma jol qoyıwg’a bolmaydı. Mektep, ta’lim-ta’rbiya ma’selesi ma’mleket h’a’m ja’miyet qadag’alawında bolıwı. Tiykarg’ı nızamımızda belgilep qoyılg’an. Sonın’ menen birge, bul ken’ ja’miyetshilik, pu’tkil xalqımızdın’

qatnasıwın h'a'm qollap-quwatlawın talap etetug'ın ulıwma milliy ma'sele bolıp tabıladı.

Keleshegimizdin' tırnag'ı bilim da'rgaylarında jaratıladı, basqasha aytqanda xalqımızdın' erten'gi ku'ni qanday bolıwı perzentlerimizdin' bu'gin qanday ta'lim h'a'm ta'rbiya alıwına baylanıslı ekenligin umıtpawımız kerek.

Bunın' ushın h'a'r bir ata-ana, ustaz h'a'm oqıtıwshı h'a'r bir bala tımsalında en' da'slep shaxstı ko'riwi za'ru'r. A'ne usı a'piwayı talaptan kelip shıg'a otırıp, perzentlerimizdi erkin h'a'm ken' pikirlew uqıbına iye bolg'an, sanalı jasaytug'ın ka'mil insanlar etip kamalg'a jetkeriw ta'lim-ta'rbiya tarawının' tiykarg'ı maqseti h'a'm wazıypası bolıwı lazım dep qabıl etiwimiz kerek. Bul bolsa, ta'lim h'a'm ta'rbiya jumısın bir-birinen ajıratpag'an h'alda tıg'ız baylanısta alıp barıwdı talap etedi.

**Bilimlendiriwdi ta'rbiyadan, ta'rbiyanı bolsa bilimlendiriwden ajıratıwg'a bolmaydı-bul shıg'ısqa ta'n ko'z-qaras, shıg'ısqa ta'n o'mir filosofiyası**[1].

Bul h'aqqında pikir ju'gizgende men Abdulla Avloniydin' «**Ta'rbiya biz ushın ya o'mir- ya o'lim, ya qutqarılıw-ya apat, ya saadat-ya baxıtsızlıq ma'selesidur**» degen teren' ma'nili so'zlerin esleymen. Ullı ag'artıwshı babamızdın' bul so'zleri o'tken a'sir basında milletimiz ushın qanshama a'h'miyetli h'a'm aktual bolg'an bolsa, h'a'zirgi waqıtta da biz ushın sonshama, al onnan da ko're a'h'miyetli h'a'm aktual bolıp tabıladı.

Son'g'ı jıllarda ta'lim-ta'rbiya salasında a'melge asırg'an, ko'lemi h'a'm mazmunına ko're u'lken islerimiz biz go'zlegen iygilikli niyetlerimizge erisiw, h'esh kimnen kem bolmaytug'ın turmıstı payda etiw, jaslarımız pu'tkil xalqımızdın' ruwxıy joqarılawı jolında bekkem negiz jarattı, desek h'esh qanday qate bolmaydı.

---

[1] İslam Karimov. «Joqarı ma'nаўiyat jen'ilmes ku'sh». –T.: «Manaviyat». 2008. 62-b.

## §3. Ha’zirgi rawajlanıw basqıshında ma’nawiyat h’a’m ja’miyettin’ jan’alanıwı.

Bu’gingi ku’ni ma’mleketimizde jan’a turmıs, jan’a ja’miyet tırnag’ın tiklewde erkin puqaralıq ma’nawiyatın qa’liplestiriw ma’selesi biz ushın og’ada aktual a’h’miyetke iye.

Turımısımızdın’ barlıq salalarında a’melge asırılıp atırg’an ken’ ko’lemli reformalarımızdın’ na’tiyjeliligi da’slep xalıq ruwxıy du’nyasının’ tikleniwi, bay tariyxıy miyrasımızdın’ teren’ u’yreniliwi, da’stu’r h’a’m u’rp-a’detlerimizdin’ saqlanıwı, ma’deniyat h’a’m ko’rkem-o’ner, ilim h’a’m ta’limnin’ rawajlanıwı, en’ a’h’miyetlisi, ja’miyet oy-pikirinin’ o’zgeriwi h’a’m joqarılawı menen ajıralmas baylanıslı.

Sonlıqtan da o’zinin’ h’aq-h’uqıqın biletug’ın, o’zinin’ ku’shi h’a’m imkaniyatlarına tayanatug’ın, a’tirapımızda ju’z berip atırg’an waqıya-h’a’diyselerge erkin qatnas jasaytug’ın, sonın’ menen qatar jeke ma’plerin ma’mleket h’a’m xalıq ma’pleri menen tıg’ız h’alda ko’retug’ın, h’a’r ta’repten nawqıran insanlardı ta’rbiyalaw wazıypası ma’selege aylandı.

Bul protsess elimizde og’ada qıyın sharayatta-zulım ken’es dizimi qıyrag’an h’a’m jan’asha ja’miyetlik mu’na’sibetler tiklenip atırg’an keskin bir jag’dayda ju’z bergenligin atap o’tiwimiz tiyis.

Usınday og’ada sınaqlı h’a’m qıyın bir da’wirde elimizdegi tınıshlıq h’a’m turaqlılıqtı saqlap qalıw, Orayda bolıp atırg’an tu’rli zıyanlı ta’sirlerden xalqımızdı qorg’aw, o’zimizdin’ g’a’rezsiz siyasatımızdı islep shıg’ıw h’a’m a’melge asırıw maqsetinde 1990-jıldın’ 24-mart ku’ni respublika Joqarı Ken’esinin’ birinshi sessiyasında Prezidentlik basqarıwı engizildi.

Sol waqıtta SSSR aymag’ındag’ı respublikalar arasında birinshi bolıp O’zbekstanda usınday joqarı lawazım engizilgeni h’a’m usılayınsha biz jurtımızdı g’a’rezsizlik jolına baslag’an da’slepki qa’demdi qoyg’anlıg’ımızdı atap o’tiw tiyis.

Sol sessiya ma’jilisinde respublikada payda bolg’an awır jag’day h’a’m onı du’zetiw boyınsha aldımızda turg’an en’ tiykarg’ı wazıypalar h’aqqında so’z

etkende, bir-birinen aktual, bir-birinen a'h'miyetli mashqalalardı sheshiw boyınsha a'yne ma'nawiyat ma'selesine de ayrıqsha toqtalıp, xalıq deputatları, pu'tkil xalqımızg'a qarata men to'mendegi pikirlerdi bildirgen edim:

«Bu'gingi ku'ni aldımızda turg'an en' a'h'miyetli wazıypalardı ko'z aldımızdan o'tkerer ekenbiz, xalıqtın' ku'ndelik mu'ta'jliklerine tikkeley tiyisli aktual ma'selelerdi sheshiw menen bir qatarda bir eski du'zim da'wirinde insan o'mirinin' negizi h'a'm quramalı ta'repleri, milliy qa'diriyatlar, tariyxıy da'stu'rler, ulıwma insanıy ruwxıy baylıqlar menen esaplasıw ja'miyetimizge qanshadan-qansha za'lel keltirgenligin umıtpawımız kerek

Bul boyınsha tiykarg'ı jumıslarımız nelerden ibarat bolıwı lazım?

Birinshi na'wbette milliy ma'deniyatımız xalıq ma'nawiy baylıg'ının' tamırlarına itibar beriwi za'ru'r. Bul g'a'ziyne a'sirler dawamında mısqallap toplang'an. Tariyxtın' ne-ne sınawlarınan o'tken. İnsanlarg'a awır demlerde ma'det bolg'an.

Bizin' wazıypamız-usı g'a'ziyneni ko'z qarashıg'ınday saqlaw h'a'm ja'ne de bayıtıw.

So'zde emes, a'melde h'a'r bir adamnın' h'u'jdan erkinligin, isenim erkinligin ta'miyinlewimiz kerek. Biz adamlardın' ruwxıy ta'rbiyasın oylap, paraxatshılıq h'a'm qayırlı islerdi go'zlep h'a'reket etip atırg'an h'a'r bir adamdı qollap-quwatlaymız, olar menen birge islesemiz.

Ma'selenin' basqa ta'repi-bilimlendiriw h'a'm ma'deniyattın' materiallıq-texnikalıq bazasın bekkemlew. İnsannın' tolıq turmısı ushın og'ada za'ru'r bolg'an mektepler, kitapxanalar, teatr h'a'm basqa ma'deniyat oshaqların ko'beytiw, olardın' sharayatın jaqsılaw.

Biz ko'p jıllar dawamında bilimlendiriw h'a'm ma'deniyatqa natuwrı mu'na'sibette boldıq, og'an saqlanıp atırg'an qarjılar mudamı basqa tarawlardan kem boldı. Na'tiyjede biz bul ma'selede artta qalıp kettik.

Bunnan bılay ba'rshe rejelerimizde ma'deniyat, bilimlendiriw, fizikalıq ta'rbiya h'a'm sport birinshi da'rejeli wazıypalar qatarınan orın alıwı lazım.

Ha’m juwmag’ında usı salalarda islep atırg’an kadrlar ma’selesi. Oqıtıwshılar h’a’m shıpakerler, ma’deniy ag’artıw ma’kemelerindegi h’a’m basqa tarawlardag’ı ko’plep qa’nigeler–h’aqıyqıy ziyalılar bolıp tabıladı.

A’sirese, alımlar h’a’m do’retiwshi xızmetkerlerimizge itibardı ku’sheytiw kerek, sebebi ruwxıy baylıqlardı solar jaratadı. Olarg’a g’amxorlıq etiw, na’tiyjeli jumısı ushın ba’rshe za’ru’rli materiallıq-ruwxıy sharayatlardı jaratıp beriw ma’mleketlik h’a’kimiyat h’a’m xojalıq sho’lkemleri basshılarının’ minneti h’a’m juwapkershilikli wazıypası.

Ja’ne bir aktual wazıypa o’sip-kiyatırg’an jas a’wladqa, onın’ ma’deniy ta’rbiyasına og’ada u’lken juwapkershilik sezimi menen qatnas jasaw ma’selesi. Nege degende, jaslar xalıq ruwxıy du’nyasının’ mu’na’sip iyeleri bolıp tabıladı. Sonın’ ushın h’a’r bir ul-qızımız da’slepki qa’demlerinen baslap ma’deniy baylıqlarımızdan na’r alıwı kerek.

Talantlı jaslarımızdın’, jigit-qızlarımızdın’ o’zi qızıqqan tarawlarında jetik insanlar bolıp o’siwi ushın tiyisli sharayatlar ele tolıq jaratılg’an joq.

Eger biz o’zimizdin’ ruwxıy minnetimizdi aqlawdı qa’lesek, olarg’a atalarsha g’amxorlıq etiwimiz kerek. A’ne usı maqsette biz olardın’ ma’mleketimiz h’a’m sırt ellerdegi abıraylı ilimiy oraylarda ta’lim alıwı ushın qarjılar ajırattıq. Bular ushın h’esh na’rseni, sonın’ ishinde valyutanı da ayamaymız.

Keyingi payıtta ko’rkem o’nerde ja’riyalılıqtı ba’na etip televizor, kino ekranlarında, baspaso’z qurallarında bolmaytug’ın, ko’rinislerdi sa’wlelendiriw, biyma’nilik h’a’m uyat na’rselerdi, geyde bolsa, h’a’tte, a’depsiz buzıqlıqtı u’git-na’siyatlaw ko’beyip ketti.

Ba’rshemiz-qay jerde, qanday lawazımda islemeyik, ja’miyetimizdin’ insanıylıq h’a’m a’dep-ikramlılıq qayg’ıydaların ayaq astı etetug’ın usınday agresiv ko’rinislerge qatan’ ra’wishte qarsı turıwımız lazım. Bunday mu’na’sibet ja’miyetshiligimiz, xalqımızg’a da maqul boladı dep isenemen».

Aradan jıllar o’tip milletimiz, xalıqımızdın’ keleshegi, onın’ ruwxıy turmısın bayıtıw maqseti menen suwg’arılg’an bunday so’zler ele g’a’rezsizligimizden bir

jıl to’rt ay aldın, a’yne ana tilimizde aytılg’anın esapqa alatug’ın bolsaq, bu’gin o’mirge kirip kiyatırg’an jaslarımız ushın, ko’p na’rse ayan boladı dep oylayman.

Sonın’ menen qatar jurtımızda milliy tikleniw protsessi derlik bir yarım a’sir dawam etken ja’miyetlik-siyasiy g’a’rezsizlilikten keyin da’slepki payıtlarda pu’tkilley ta’biyiy ra’wishte o’zine ta’n «biykardı biykarlaw» nızamlılıg’ı negizinde keshkenligin aytıw lazım. Lekin biz burıng’ı du’zimnin’ ideologiyalıq ko’z-qarasların ulıwma biykar etiwdin’ o’zi h’eshqanday do’retiwshilik bag’darlamasına iye bolmag’an siyasiy h’a’m ma’deniy ekstremizm qa’wpin payda etiwi itimallıg’ın jaqsı sezer edik. Sonın’ menen birge, tariyxıy qa’diriyatlar, u’rp-a’det h’a’m da’stu’rler turmıs qa’lpine aldı-artın oylamastan, japa-tarmag’ay, biyta’rtip qaytıw basqa bir keskinlik, aytayıq, bu’gingi da’wir turmısın qabıl etpew, ja’miyetti jan’alaw za’ru’rligin biykarlaw sıyaqlı maqul bolmag’an h’alatlarg’a alıp keliwi mu’mkinligin de umıtpawımız za’ru’r edi.

Ba’rshemizge ma’lim, millet h’a’m xalıqtın’ ruwxı, ko’z-qarası h’a’m turmıs qa’lpin ko’rsetetug’ın milliy ma’nawiyatqa mu’na’sibet, onı zaman talapları tiykarında rawajlandırıw, adamlardın’ ko’z-qarası h’a’m oy-pikirin o’zgertiw ma’selesi h’a’r ta’repleme teren’ h’a’m puxta oylap jumıs alıp barıwdı talap etedi. Sol payıtta ayırım adamlar, mine biz g’a’rezsizlikke eristik, endi tek ata-babalarımızdan qalg’an qa’diriyatlar negizinde jasawımız tiyis, basqasha ko’z-qaraslardın’ bizge keregi joq, degen tiykarsız pikirlerdi de bildirgen edi. Bunday pikirlerge h’asla qosılıp bolmaslıg’ı ta’biyiy edi.

Bul boyınsha tuwrı jol tutıw ushın en’ da’slep milliy qa’diriyattın’ o’zi ne ekenligin anıq tu’sinip alıw za’ru’r. A’lbette, biz tariyx sınaqlarınan o’tken, milliy ma’plerimiz, bu’gingi h’a’m erten’gi arzıw-umtılıslarımızg’a, rawajlanıw talaplarına tolıq juwap beretug’ın, jıllar o’tken sayın qa’diri artıp baratug’ın ideya h’a’m tu’siniklerdi qa’diriyat dep bilemiz.

Ha’r qanday ja’miyetlik h’a’diyse sıyaqlı milliy qa’diriyatlardın’ h’a’m o’zine ta’n rawajlanıw nızamları bar. Bul h’aqıyqattı umıtıw, miliy qa’diriyatlardı bir ta’repleme, jasalma ra’wishte ulıg’law h’a’m ideallastırıwg’a urınıw, olardan siyasiy maqsetlerde paydalanıw unamsız aqıbetlerge tapqan. A’sirese, O’zbekstan

sıyaqlı ko'p milletli ko'p konfessiyalı ma'mlekette bunday h'a'reketler aqır-aqıbetinde milletler aralıq qarama-qarsılıq, milletshilik, milliy h'a'm diniy sabırsızlıq sıyaqlı qolaysız jag'daylarg'a alıp keliwi mu'mkin.

Biz xalqımızdın' aqıl-oyı, bekkem erk-ıqrarı, ken' peyilligi h'a'm patriotlıg'ına tayana otırıp, bul boyınsha a'melge asırg'an bir qatar jumıslar bu'gingi ku'ni o'zinin' unamlı na'tiyjesin bermekte.

**O'zlikti an'law, milliy sana h'a'm oy-pikirdin' ko'rinisi, a'wladlar ortasındag'ı ruwxıy-ma'nawiy baylanıs til arqalı ko'rinetug'ınlıg'ı ma'lim**[1]. Barlıq iygilikli pazıyletler, insan qa'lbine, en' a'wele ana h'a'yyiwi, ana tilinin' ta'kirarlanbas go'zzallıg'ı menen sin'edi. Ana tili-bul millettin' ruwxı.

Ullı ag'artıwshı babamız Abdulla Avloniydin' so'zleri menen aytqanda, «**Ha'r bir millettin' du'nyada barlıg'ın ko'rsetetug'ın turmıs aynası til h'a'm a'debiyatıdur. Milliy tildi jog'altıw millettin' ma'deniyatın jog'altıwdur**». Bul tuwralı so'z etkende, g'a'rezsizlik arapasında o'zbek tiline ma'mleketlik til statusın beriw ma'selesinde qanday qızg'ın, bazıda keskin h'a'm murasasız disput h'a'm tartısıwlar bolıp o'tkeni biyıqtiyar yadımızg'a tu'sedi. Sol payıtta ayırım siyasiy toparlar O'zbekstan sharayatına ulıwma tuwrı kelmeytug'ın, bir-birine pu'tkilley qayshı h'a'm qarama-qarsı pikirlerdi alg'a qoyıp, sonın' esabınan o'zine abıray arttırıw, adamlardı izinen ertiwge urıng'an edi. Nege degende, til menen baylanıslı mashqalalar arqalı milliy sezimlerdi ko'zgir etip, olardan g'a'rezli maqsetlerde paydalanıw mu'mkin.

Mine usınday og'ada ta'wekelshilikke tolı h'a'm qıyın jag'dayda eger azg'ana sezimlerge berilip, sergeklikti jog'altqanda, arzımag'an ushqınnan ot shıg'ıp ketiwi h'esh ga'p emes edi. Orayda h'a'm o'zimizde qolay ba'ne ku'tip, payıt an'lıp turg'an imperiyaparaz ku'shlerge a'yne usı na'rse kerek edi. Biraq, biz olar ku'tken joldan barmadıq, Awır salmaqlılıq penen is tutıp, h'a'r ta'repleme oylap, oy-pikir ju'rgizip, barlıq siyasiy h'a'm sotsiallıq toparlardın' talapların qanaatlandıratug'ın, en' a'h'miyetlisi, xalqımız h'a'm Watanımız ma'plerine juwap beretug'ın birden-bir tuwrı joldı tabıwg'a eristik.

[1] İslam Karimov. «Joqarı ma'nay̆iyat jen'ilmes ku'sh». –T.: «Manaviyat». 2008. 83-b

En’ da’slep respublika Joqarg’ı Ken’esi janında ma’mleketlik til boyınsha ko’rnekli alımlar, do’retiwshi ziyalılar, jurnalistler h’a’m ja’miyetshilik wa’killerinen ibarat arnawlı komissiya sho’lkemlestirildi. Komissiya ag’zaları xalıqtın’ tu’rli sotsiallıq qatlamları, siyasiy toparlar, bildirilgen pikir-usınıslardı h’a’r ta’repleme u’yrenip, respublika basshılıg’ı h’a’m ken’ ja’miyetshilikke mudamı ma’limleme berip baratug’ın edi. Usınday isshen’lik ruwh’ında Joqarg’ı Ken’es sessiyasına usınılatug’ın joybardın’ h’a’r bir statyası boyınsha h’a’r ta’repleme pikir almasıwlar ba’seki h’a’m tartısıwlar bolıp o’tti.

1989-jıldın’ 19-oktyabr ku’ni bul og’ada a’h’miyetli ma’sele Joqarg’ı Ken’es sessiyası dodalawına qoyıldı h’a’m derlik bir yarım a’sirlik g’a’rezsizlikten son’ ma’mleketimizde o’zbek tili ma’mleketlik til dep ja’riyalandı. Xalqımızdın’ muqaddes qa’diriyatlarınan biri bolg’an ana tilimiz o’zinin’ nızamlı statusı h’a’m qorg’awına iye boldı. Bul Watanımız tariyxında shın ma’nistegi ullı waqıya edi.

Qabıl etilgen nızamda ma’mleketlik til menen birge elimizdegi barlıq millet h’a’m xalıqlardın’ tillerin rawajlandırıw, ma’mleketlik jol menen qorg’aw, tili, dini h’a’m milletine qaramastan h’a’r bir puqaranın’ o’z ana tilinde bilim alıw, ma’limleme, kerekli mag’lıwmat alıw sıyaqlı h’uqıqlarına kepillik beriw ma’seleleri anıq belgilep qoyılg’an edi. Bul nızam sol waqıtta basqa respublikalarda qabıl etilgen tilge tiyisli h’u’jjetlerden o’zinin’ demokratiyalıq mazmunı menen ajıralıp turıwın ayrıqsha atap o’tiw lazım. Sonın’ ishinde, usı nızam ma’mleketlik ma’kemelerde islew, ta’lim alıw, h’a’mel lawazımları boyınsha ko’teriliw, puqaralıq sıyaqlı ma’selelerde adamlardın’ h’uqıq h’a’m erkinliklerin kemsitetug’ın tu’rli sha’rtler h’a’m «tsenz»lerden awlaq ekenligi menen ja’h’a’n sherikligi ta’repinen atap o’tilgen talap h’a’m qag’ıydalarg’a tolıq juwap berer edi. Sonın’ ushın da ko’p milletli xalqımız ta’repinen unamlı ku’tip alıng’anı biykarg’a emes.

1992-jıl 7-dekabrde qabıl etilgen O’zbekstan Respublikası Konstitutsiyasında ma’mleketlik tildin’ statusı h’uqıqıy jaqtan anıq belgilenip, bekkemlep qoyıldı. Solay etip, o’zbek tili g’a’rezsiz ma’mleketimizdin’ bayrag’ı, gerbi, gimni,

Konstitutsiyası qatarında turatug'ın nızam jolı menen qorg'alatug'ın muqaddes simvollarının' birine aylandı.

O'tken da'wir ishinde ma'mleketlik tildin' turmısımızdag'ı ornın h'a'm ta'sirin ku'sheytiw, onı shın ma'nistegi milliy qa'diriyatqa aylandırıw jolında aldın ko'z aldımızg'a keltire almaytug'ın u'lken jumıslar a'melge asırıldı.

G'a'rezsizlik jıllarında o'zbek tilinin' qollanıw shen'beri is ju'zinde og'ada ken'eygeni, onı ilimiy tiykarda rawajlandırıwg'a qaratılg'an izertlewler, tilimizdin' o'zine ta'n o'zgesheliklerine bag'ıshlang'an ilimiy h'a'm ko'pshilik bap kitaplar, oqıw qollanbaları, jan'a-jan'a so'zlikler ko'plep baspadan shıg'ıp atırg'anı ja'miyet oy-pikirin joqarılatıwg'a o'z u'lesin qospaqta.

A'sirese, ma'mleketlik tildin' xalıq-aralıq ko'lemde de belsene islesiw quralına aylanıp baratırg'anı itibarg'a ılayıq. Atap aytqanda, sırt el ma'mleketlerinin' basshıları menen bolatug'ın ushrasıw h'a'm sa'wbetler, so'ylesiw ju'rgiziwler, tiyisli h'u'jjetlerge qol qoyıw ma'resimlerinde, abraylı sammitlerde, ra'smiy baspa so'z a'njumanlarında o'zbek tilinin' ornı h'a'm a'h'miyeti artıp baratırg'anlıg'ı h'a'mmemizge maqtanısh-ma'rtebe bag'ıshlaydı.

Bul boyınsha o'zbek tilinin' kompyuter h'a'm İnternet, anıq pa'nler, meditsina, ekonomika sıyaqlı arnawlı atama h'a'm tu'siniklerdi talap etetug'ın tarawlarda da ken' qollana baslag'anı onın' imkaniyatları qanshama u'lken ekenin ko'rsetedi.

Al, bunnan jigirma jıl aldın a'piwayı g'ana arza yaki mag'lıwmatnamanı da o'zbek tilinde jazıwdın' mu'mkinshiligi joq edi. Bu'gin bul h'aqqında aytsan'ız, ko'pshilik jaslardın' iseniwi qıyın. O'ytkeni, h'a'zirgi da'wirde joqarı h'a'kimiyat uyımlarınan baslap jergilikli basqarıw ma'kemelerine deyin is ju'rgiziw ana tilimizde a'melge asırılmaqta.

Biz babalardan a'wladlarg'a o'tip kiyatırg'an biybah'a baylıqtın' miyrasxorları sıpatında ana tilimizdi qa'sterlep saqlawımız, onı bayıtıw, abırayın ja'ne de arttırıw u'stinde mudamı islewimiz za'ru'r. A'sirese, fundamental ilimler, zamanago'y kommunikatsiya h'a'm ma'limleme texnologiyaları, bank-qarjı sisteması sıyaqlı og'ada a'h'miyetli tarawlarda ana tilimizdin' qollanıw shen'berin

ken’eytiw, etimologiyalıq h’a’m salıstırma so’zliklerdi basıp shıg’arıw za’ru’r atama h’a’m so’zler, tu’sinik h’a’m kategoriyalardı islep shıg’ıw, bir so’z benen aytqanda o’zbek tilin ilmiy tiykarda h’a’r ta’repleme rawajlandırıw milliy o’zlikti, Watan sezimin an’law sıyaqlı iygilikli maqsetlerge xızmet etiwi so’zsiz.

O’zbek tili a’sirler dawamında arab jazıwı tiykarında rawajlanıp kelgeni ma’lim. Sonın’ menen qatar ullı babalarımız, tilimizdin’ o’zine ta’n grammatikalıq o’zgesheliklerin esapqa ala otırıp, onın’ u’lken imkaniyatlarına mass jazıw sistemasın jaratıw h’aqqında mudamı bas qatırıp kelgeni de tariyxıy dereklerden jaqsı ayan, dep oylayman.

Atap aytqanda, 1929-jılda ma’g’ripetpa’rwar ziyalılarımızdın’ h’a’reket-umtılısları menen latın jazıwı tiykarındag’ı o’zbek a’lipbesi islep shıg’ıldı h’a’m engizildi. Bul a’lipbe onı jıl dawamında h’a’rekette bolıp, latın jazıwında xalqımızdın’ ruwh’ıy mu’lkine aylanıp qalg’an ko’plep kitap h’a’m sabaqlıqlar, gazeta-junallar h’a’m basqa baspa o’nimler, tariyxıy h’u’jjetler basıp shıg’arıldı.

G’a’rezsizlikke eriskenimizden son’ xalqımız ruwh’ıy turmısındag’ı ko’plep mashqalalar qatarı til h’a’m a’lipbe ma’selesi de biz ushın ku’n ta’rtibindegi aktual wazıypag’a aylang’anı ta’biyiy. A’sirese, ana tilimizdin’ xalıqaralıq maydandag’ı abıray-itibarı, statusın joqarılatıw, ma’mleketimizdin’ ja’h’a’n kommunikatsiya sistemasına integratsiyalasıwın ta’miyinlew, perzentlerimiz ushın sırt tiller, ma’limleme texnologiyaların h’a’r ta’repleme puxta iyelew boyınsha qolay imkaniyatlar jaratıw sıyaqlı biri-birinen a’h’miyetli wazıypalar bul ma’seleni keshiktirmesten sheshiwdi talap eter edi.

Lekin, sonnı da aytıw kerek, bul ma’sele qanshama o’tkir bolmasın, biz onı sheshiwde artıqsha sezimlerge berilmesten, ilimiy tiykarda, h’a’r ta’repleme oylap, ken’ ja’miyetshiliktin’ tilek-usınısların inabatqa alıp, is tuttıq. Usı maqsette **1993-jıl 2-sentyabrde** elimiz de «**Latın jazıwına tiykarlang’an o’zbek a’lipbesin engiziw h’aqqındı**» g’ı nızam qabıl etildi.

O’tken da’wir ishinde usı nızamnın’ orınlanıwın ta’miyinlew boyınsha ju’da’ u’lken isler a’melge asırılg’anlıg’ın atap o’tiw lazım. En’ da’slep, o’zbek tilinin’ latın jazıwı tiykarındag’ı imla qag’ıydaları islep shıg’ıldı h’a’m turmısqa engizildi.

Bu'gingi ku'ni ma'mleketimizde ta'limnin' barlıq basqıshlarında usı a'lipbe tiykarında bilim berilmekte. Latın jazıwında basılıp atırg'an kitap h'a'm sabaqlıqlar, oqıw qollanbaları, gazeta-jurnallar, reklama h'a'm dag'azalar, ma'mleketlik h'u'jjetler h'a'zirgi waqıtta bul imla ma'deniy turmısımızdın' ajıralmas bo'legine aylanıp baratırg'anlıg'ın ko'rsetedi.

Sonın' menen birge, bul ma'selege logikalıq ko'z benen qaraytug'ın, en' a'h'miyetlisi, xalqımızdın' ko'p milletli ekenligin esapqa alatug'ın bolsaq, ayırım milliy toparlar Kirill jazıwın qollanıwdı na'zerde tutıp, joqarıda tilge alıng'an nızamlar bul imladan paydalanıw ushın da imkaniyat jaratıw ko'zde tutılg'an.

Sonın' menen qatar, ja'miyetimizde til ma'deniyatın arttırıw boyınsha ele ko'p jumıs islewimiz lazımlıg'ın da umıtpawımız za'ru'r. A'sirese, bazı bir ra'smiy so'ylesiwlerde de a'debiy til qag'ıydaların saqlay almaw tek belgili bir aymaq shegarasında isletiletug'ın dialekt elementlerin qosıp so'ylew jag'dayları ushırasıp turıwı bul ma'selelerdin' ele de aktual ekenligin ko'rsetedi. Bul h'aqqında so'z etkende, babamız Alisher Nawayının' «**tilge itibar-elge itibar**» degen so'zlerinde qanshelli teren' turmıslıq h'aqıyqat jatqanına ja'ne bir ret isenim arttıramız.

Ba'rshemizge ma'lim, insan o'zligin an'lag'an, ata tegin teren'irek bilgen sayın ju'reginde Watang'a muh'abbat tuyg'ısı tamır atıp, ulg'ayıp baradı. bul tamır qansha teren' bolsa, tuwılıp o'sken jurtqa muh'abbat da sonshelli ba'lent boladı.

A'lbette, ja'h'a'n-ken' du'nyada ma'mleket ko'p, lekin bul a'lemde ta'kirarlanbas ana jurtımız, O'zbekstanımız tek birew. Bul go'zzal jurt, bul muqaddes topıraq tek bizge atalg'an. Mine usı ullı sezim h'a'r birimizdin' qa'lbimizden orın alıwı, o'mirimizdin' mazmunına aylanıwın qa'ler edim.

Tariyx h'aqıyqatı sonı ko'rsetedi, tamırında milliy maqtanısh, Watan ıshqı ilh'amlanıp turg'an adam g'ana ullı islerdi atqara aladı. Biz usınday ruwxıy ortalıq jaratıwımız kerek, jurtımızdın' h'a'r bir mu'yeshinde, ba'rshe sha'h'a'r h'a'm awıllarımız kelbetinde Watan arqalı maqtanıw sezimi ko'zimizdi jaynatıp, ju'regimizdi tolqınlandırıp tursın.

Bul h’aqqında so’z eter ekenbiz, usı jerde a’h’miyetli bir ma’selege ayrıqsha itibar qaratıwımız lazım. Elimizde jasap atırg’an h’a’r bir insan o’zin en’ da’slep O’zbekstan puqarası dep, sonnan keyin g’ana belgili bir aymaqtın’ wa’kili, mısalı, Xorezmli, Samarqandlı yaki Ferg’ana alabının’ perzenti dep seziniwi lazım. Ta’biyiy, bul h’alat h’a’r birimiz tiyisli bolg’an «kishi watan»nın’, tuwılıp o’sken sha’h’a’r yaki awıldın’ qa’dirin h’a’m a’h’miyetin h’asla kemeytpeydi, biraq sonnı este tutıw kerek, h’a’dden tısqarı bo’rttirilip jibergen jergilikli watanpa’rwarlıq millettin’, xalıqtın’ birlesiwine kesent beredi.

Biz Watan tuyg’ısın usınday tutas h’alda, yag’nıy du’nyada birden-bir o’zbek milleti bar, xorezmlileri, Ferg’analılar, Surxanda’ryalılar ortasında h’esh qanday milliy o’zgeshelik joq, olardın’ h’a’mmesi o’zbek xalqının’ perzenti dep seziniwimiz, jas a’wladımızdı a’ne usınday ruwxta ta’rbiyalawımız za’ru’r.

Bu’gingi ku’ni jaslarımız elimizdin’ ko’she h’a’m qıyabanları, metro h’a’m avtobus ba’ndirgileri, u’lken-u’lken maydanlar, imaratlardı bezep turg’an o’zbekshe isimler, su’ren h’a’m ko’rinislerdi ko’rip, bulardın’ h’a’mmesin a’dettegi bir h’alat sıpatında qabıl etedi. İtibar bersen’iz, jaqın tariyxımızda bul ko’rinis pu’tkilley basqasha taqıletke iye edi

Negizinde sovet ideologiyasına ta’n bolg’an, adamzattı tariyxıy yadnama, Watan tuyg’ısınan ju’da’ etiwge qaratılg’an g’a’rezgo’y h’a’reketler ja’mlengenin an’law, tu’siniw qıyın emes.

Bu’gin biz elimizde xalqımızdın’ erk-ıqrarının’ ko’rinisi bolg’an Konstitutsiya h’a’m nızamlar tiykarında demokratiyalıq du’nyalıq ma’mleket qurıp atırg’anımız ma’lim. Bul ma’mleket en’ a’wele du’nyalıq progresske, onın’ en’ aldıng’ı jetiskenlik h’a’m na’tiyjelerine tayanadı.

Sonın’ ushın da bul ma’selege qatnas jasag’anda h’a’diste aytılg’an «**Bul du’nyanı dep, o du’nyanı, aqıretti dep bul du’nyanı umıtpan’**» degen mazmundag’ı so’zlerdi h’esh qashan esimizden shıg’armawımız za’ru’r dep oylayman.

Bizin’ ruwxıy turmısımız a’ne usı eki tiykar, eki tayanısh noqattın’ u’stinde bekkem turıwı lazım. Egerde a’ne usı tiykarlardan birewi bosasatug’ın bolsa, ja’ne

o’zgelerge bag’ınıshlı h’a’m g’a’rezsizli bolıwımız h’esh ga’p emes. Bu’gingi du’nyanın’ pa’s-ba’lentin tu’sinetug’ın h’a’r qanday aqılı tınıq adam bunı jaqsı an’laydı, a’lbette .

Perzentlerimizge usı shınlıqlardı, yag’nıy du’nyalıq h’a’m diniy qa’diriyatlar ortasındagı na’zik mu’na’sibetlerdin’ mag’anasın h’a’r ta’repleme tuwrı tu’sindirip beriwimiz lazım. Tariyx h’a’m turmıs ta’jiriybesi sonnan derek beredi, du’nyalıq h’a’m diniy qa’diriyatlar birin-biri toltırmasa, bu’gingi ku’nnin’ awır h’a’m qıyın sorawlarına tolıq juwap tabıw an’sat bolmaydı.

Usı ma’niste biz muqaddes dinimiz isenimleri h’a’m qa’diriyatların mudamı ulıg’lap, sonın’ menen birge du’nyalıq turmıslıqda qatan’ isenim menen umtılıp jasag’anda g’ana o’zimizdin’ iygilikli maqsetimizge jete alamız.

Sonı aytıwımız tiyis, xalıqımız ma’nawiyatın joqarılatıwda milliy u’rp-a’detlerimiz h’a’m olardı negizinde ja’mlengen meh’ir-miriwbet, insandı ulıg’law, tınısh h’a’m paraxat turmıs, doslıq xa’m tatıwlıqtı qa’dirlew, tu’rli mashqalar mudamı u’lken a’h’miyetke iye boladı.

Bul boyınsha ruwxıy turmısımızdın’ ajıralmas bo’legine aylanıp ketken h’ashar-ko’mek beriw a’deti g’a’rezsizlik da’wirinde jan’asha mazmun ma’nige iye bolıp, ulıwma milliy da’stu’r tu’rin alg’anı ba’rshemizdi qanaatlandıradı.

Ha’r jılı Nawrız h’a’m G’a’rezsizlik bayramları aldında o’tkeriletug’ın ulıwma xalıqlıq h’asharlar bunın’ da’liyli. Usı h’asharlar payıtında ma’h’a’lle h’a’m gu’zarlar, jollar h’a’m maydanlar, bag’lardı ta’rtipke keltiriw, na’l-terekler otırg’ızıw, h’a’m ta’miyinlengen mu’ta’j shan’araqlar, jalg’ız h’a’m bag’ıwshısız qalg’an kekselerge a’meliy ja’rdem ko’rsetiw, h’esh shubh’asız, ja’miyet oy-pikirinin’ jan’alanıwına ku’shli ta’sir etpekte.

Biz bul ma’selege usınday ilimiy tiykarda qantas jasap, a’yyemgi tariyxımızdı u’yreniw h’a’m bah’a beriwde onın’ birde-bir da’wirdi yaki pozitsiyasın itibardan shette qaldırmawg’a h’a’reket ettik. Sonın’ ishinde, koloniallıq h’a’m sovet da’wirindegi massalıq repressiyalar payıtında zulım h’a’m zorlıq kurbanı bolg’an, g’a’rezsizlik jolında janın pida’ etken atalarımızdın’ h’u’rmeti h’a’m esteligin orınan qoyıw, olardın’ el-jurt azatlıg’ı jolındag’ı isleri, qaldırg’an miyrasın izlew

h'a'm u'yreniwdi a'yne usınday ma'nawiy negizde jolg'a qoyg'anlıg'ımızdı atap o'tiw za'ru'r.

Burıng'ı SSSR da'wirinde 9-may h'a'r jılı Jen'is ku'ni sıpatında bayramlanıp, Orayda h'a'm respublikalarda da'bdebeli a'skeriy paradlar o'tkeriletug'ınlıg'ı ma'lim. Biz usı sa'nenin' h'aqıyqıy insanıy ma'nis-mazmunı h'a'm de ja'miyetshiligimizdin' bul boyınsha usınıs h'a'm pikirlerin inabatqa ala otırıp, 9-may ku'nin ma'mleketimizde Eslew h'a'm qa'dirlew ku'ni sıpatında nıshanlawg'a qarar ettik. Bul waqıya h'esh shubh'asız, elimizde tariyxıy estelikti tolıq tiklew jolında turmıstın' o'zi talap etken ja'ne bir nıq qa'dem bolg'anlıg'ın aytıwımız lazım. Usı mu'na'sibet penen paytaxtımızda, wa'layat h'a'm rayonlarda sovet ideologiyasın o'zinde sa'wlelendirgen eski estelikler orına xalqımızdın' ruwxı h'a'm ko'z-qaraslarına u'nles bolg'an Eslew maydanları sho'lkemlestirilip, Matam tutqan ana h'a'ykeli ornatıldı.

A'lbette, h'a'mmemizge ayan, ja'miyet oy-pikirin pu'tkilley jan'alaw, bir-eki jıllıq jumıs emes, uzaq h'a'm u'zliksiz dawam etetug'ın protsess.

## II bap Ha'zirgi globallasıw da'wirindegi ma'nawiy qa'wipler, olarg'a qarsı gu'res ma'seleleri

### §1. Ja'miyet turmısındag'ı reformalar h'a'm xalqımız ma'nawiy-ruwxıy ko'z-qarasları.

Ja'miyet turmısında sonday da'wirler boladı, o'z o'mirin jasap bolg'an eski du'zim nızam-qag'ıydaların jan'asha tiykarda o'zgertiw, barlıq salalarda ken' ko'lemli reformalardı a'melge asırıw za'ru'rligi en' a'h'miyetli na'rse, kerek bolsa, o'mir-o'lim ma'selesi sıpatında ku'n ta'rtibine shıg'adı.

Biz o'z g'a'rezsizligimizdi qolg'a kirgizip, jan'a rawajlanıw jolına qa'dem qoyg'anımızdan son' xalqımızdın' tilek, erk-ıqrarı, a'sirlik arzıw-umtılıslarına su'yene otırıp, ken'es da'wirinen awır miyras bolıp qalg'an h'a'kimshilik-buyrıqpazlıq sistemasın tu'pkilikli reformalaw, onın' orınında mazmun-itibarı menen pu'tkilley jan'a-erkin bazar qatnasıqlarına tiykarlang'an h'uqıqıy ma'mleket, demokratiyalıq ja'miyet qurıwg'a bekkem bel bayladıq. A'lbette, bul maqsetke erisiw ushın qanday strategiyalıq jol, reformalardın' qanday forması h'a'm qa'nigeler, ken' ja'miyetshilik, el-jurtımız wa'killeri menen birgelikte ko'p oylasıq, h'a'r ta'repleme ma'sla'h'a'tlestik. Bul boyınsha rawajlang'an ma'mleketler mısalında o'zin aqlag'an aldıng'ı ta'jiriybelerdi teren' u'yrendik.

En' a'h'miyetlisi, xalqımızdın' turmıs qa'lpi, milliy da'stu'r h'a'm qa'diriyatlarımızdı, xalıqtın' ruwh'ı h'a'm keypiyatın da h'a'r ta'repleme esapqa aldıq. O'ytkeni, h'a'r qanday reformanın' aqırg'ı na'tiyjesi-en' a'wele onın' za'ru'rligin xalıqtın' ken' qatlamları qanday da'rejede tu'siniwi h'a'm qollap-quwatlawı, bul o'zgerislerdin' insan turmısına, onın' abadanlıg'ın arttırıwg'a ko'rsetetug'ın a'meliy ta'siri menen o'lshenedi. Usı h'aqıyqatlıqtan kelip shıg'a otırıp, adamlarg'a tu'sindirip mazmun-ma'nisin anıq-ra'wshan tu'sindirip beriw, usı tiykarda ja'miyet ag'azalarında isenim oyatıw, olardı do'retiwshilikke qaray bag'darlaw u'lken a'h'miyetke iye.

A'ne usınday ken' ko'lemdegi u'yreniw h'a'm h'a'r ta'repleme izleniwler na'tiyjesinde biz bu'gingi ku'ni pu'tkil du'nyada o'zbek modeli sıpatında ta'n alıng'an rawajlanıw modelin islep shıqtıq. **Bul modeldin' tiykarg'ı printsipleri-**

**yag’nıy ekonomikanın’ tiykarg’ı u’stinligi, ma’mlekettin’ bas reformator bolıwı, nızam u’stinligi, ku’shli sotsiallıq siyasat, reformalardı evolyutsiyalıq tiykarda basqıshpa-basqısh a’melge asırıw printsipleri h’a’mmemizge jaqsı ma’lim[1].**

Bu’gin turmısta o’zin tolıq aqlag’an bul modeldin’ negizinde en’ da’slep turmısqa realistlik ko’z benen qaraw, progmatik qatnas ja’mlengen, desek, a’yne h’aqıyqat bolatug’ınlıg’ın atap o’tiw tiyis.

Jas ma’mleketimiz awır sınaq ku’nlerin basınan keshirip atırg’an bir payıtta qansha qıyın bolmasın, biz tek o’z ku’sh h’a’m imkaniyatlarımızg’a tayanıp h’a’m su’yenip is tutıwg’a ma’jbu’r edik. A’ne usınday jag’dayda ko’plep o’tkir h’a’m keskin sawallarg’a juwap izlew h’a’m tabıwg’a tuwra keldi. Ma’selen, qaysı ma’mleket bizge qansha h’a’m qanday sha’rtler menen investitsiya h’a’m qarız beredi? Qarız bergen ma’mleketlerdin’ siyasiy sha’rtleri bolmay ma? Birewden qarız alıp, keyin onın’ ilmegine tu’sip qalmaymız ba? Alg’an qarız-kreditlerimiz moyınımızda awır ju’k bolıp qalıp ketpey me?

Qarız alıw an’sat, bul h’a’mmemizge ma’lim, lekin onı bir ku’n kelip to’lew de kerek. Biz tek g’ana bu’gingi ku’ndi emes, al erten’imizdi, keleshek a’wladlardı da oylawımız kerek. Biz h’a’zir qa’te jiberip qoysaq, perzentlerimiz keleshekte su’rinip qalıwın esapqa almasaq, bul u’lken gu’na’ boladı.

Bu’gin, aradan neshe jıllar o’tkennen keyin, o’zine ta’n milliy rawajlanıw jolın tan’lag’an da’slepki da’wirdi ko’z aldımızg’a keltiretug’ın bolsaq, bizin’ reformalardı alıp barıw siyasatımızda ruwxıy o’lshemler mudamı sheshiwshi faktor bolıp kiyatırg’anlıg’ı ja’ne de ayqın ayan boladı. Sol waqıtta burıng’ı awqam aymag’ındag’ı ayırım ma’mleketlerde «shok terapiyası» degen usıl menen bir sekirip, bazar ekonomikasına o’tiw yaki ayırıqsha bir ma’mlekette «demokratiya atawın» du’ziw h’aqqında qanshadan- qansha shawqım su’renler ko’terilgen edi.

Bu’gin ta’biyiy soraw tuwıladı: sol dawalardın’ a’meliy na’tiyjesi qa’ne? Sol tutas xalıqlar h’a’m ma’mleketlerge misli ko’rilmegen baxıtlı turmıs, pa’rawanlıq wa’de etken insanlar qa’ne?

---

[1] İslam Karimov. «Joqarı ma’naўiyat jen’ilmes ku’sh». –T.: «Manaviyat». 2008. 103-b.

Sol payıtta burıng'ı awqam aymag'ında endi g'ana g'a'rezsizlikke erisken jas ma'mleketlerge qarata ayırım qu'diretli ma'mleketler h'a'm siyasiy oraylardın' ma'plerine juwap beretug'ın a'ne usınday astı push usınıslardı ko'rsetiw, olardı tu'rli jollar menen engiziwge urınıw h'a'reketleri og'ada ku'sheygen edi. Bunday keskin bir sharayatta birden-bir tuwrı joldı adaspay tan'lap alıw h'a'm onı h'a'r qanday topılıslardan tabanlılıq penen qorg'aw an'sat emes edi.

Biz sol waqıtta shettegi «ma'sla'h'a'tshi»lerdin' «dana ken'es» lerinen emes, al xalqımızdın' tilek, erk-ıqrarı, elimizdegi h'aqıykıy jag'daydan kelip shıg'a otırıp, saldamlılıq penen h'a'r ta'repleme teren' oylap siyasat alıp bardıq.

A'lbette, qıyın o'tiw da'wirinde basqa ko'p g'ana a'h'miyetli wazıypalar qatarında, xalqımızdın' bu'gingi h'a'm erten'gi turmısı, onın' ruwxıy du'nyasına za'lel jetiwine, sotsiallıq a'dillik printsiplerinin' buzılıwına, sonın' ishinde xalıqtın' bir bo'legi og'ada bay, ko'pshiligi og'ada ka'mbag'allıqqa ju'z tutıwına jol qoymaw ma'selesi de mudamı dıqqat-itibarımızdın' orayında turdı.

Negizinde, h'a'r qanday reformanın' en' a'h'miyetli na'tiyjesi a'wele xalıqtın' ma'nawiy-ruwxıy pikirlerindegi jan'alanıw protsessleri, ma'mlekette ju'z berip atırg'an o'zgerisler onın' turmısına, ta'g'dirine tikkeley qatnası bar ekenligin teren' seziniwi h'a'm usınnan juwmaq shıg'arıwı menen belgilenedi. Biz a'melge asırıp atırg'an reformalarımızda usınday na'tiyjelerge erisiw ushın barlıq o'zgeris h'a'm jan'alanıwlardın' orayına insan h'a'm onın' ma'plerin qoydıq. Sonın' ushında bu'gingi ku'ni a'ne usı protsesslerdin' mazmunında reforma-reforma ushın emes, en' da'slep insan ushın, onın' abadan turmısı ushın xızmet etiwi kerek, degen maqset ja'mlengenligin h'a'm onın' a'meliy ko'rinisin barlıq tarawlarda ko'riw, baqlaw qıyın emes.

Eger biz g'a'rezsizlikke eriskenimizden son' basqıshpa-basqısh rawajlanıw jolın emes, al «shok terapiyası» de pat alg'an revolyutsiyalıq sekiriw jolın tan'lasaq, en' qıyın jag'daylarda ko'pshilik xalqımız qanday awh'alg'a tusip qalg'an bolar edi? Hesh gumansız, stixiyalı ta'rizde ju'z beretug'ın jedel o'zgerisler boranında adamlardın' materiallıq turmıs jag'dayı keskin jamanlasıp, olardın' turmıs qa'lpi, a'dep-ikramlılıq qa'diriyatları, milliy ruwxıy kelbeti

pu'tkilley izden shıg'ıp ketiwi h'esh ga'p emes edi. Bir so'z benen aytqanda, bunday bir jaqlama siyasat h'esh ku'tilmegen aqıbetlerge, ornın ju'z jıllarda da toltırıp, qaplap bolmaytug'ın awır jog'altıwlarg'a alıp keliwi anıq edi.

Sonın' ushın da biz, sırttan h'a'r qanday usınıs h'a'm rekomendatsiyalar, h'a'tte talaplar bolsa da, h'esh qashan revolyutsiyalıq sekiriwler jolınan barmadıq. Elimizdegi bu'gingi paraxat h'a'm tınısh, do'retiwshilik turmıs, turaqlı rawajlanıw bunday jantasıwlardın' qanshama tuwrı bolg'anlıg'ın h'a'm waqtı go'zlegenligin ko'plep tarawlardag'ı unamlı na'tiyjeler mısalında tastıyıqlap bermekte. Sol juwapkershilikli payıtlarda, biz keskin sotsiallıq la'rzemlerge alıp keletug'ın h'a'r qanday revolyutsiyalıq h'a'reketlerge qarsımız, bizin' evolyutsiyalıq rawajlanıw printsiplerine tiykarlang'an o'z jolımız bar, bul joldan h'esh qashan qaytpaymız, dep aytqan tabanlı so'zimiz bekkem pozitsiyamız a'lbette bu'gin o'zinin' h'asılın bermekte.

Bizin' reformalalar dawamında tek g'ana materiallıq pa'rawanlıqqa g'ana emes, sonın' menen qatar ruwxıy o'rlewge de erisiwdi o'zimiz ushın tiykarg'ı o'lshem dep bilgenligimiz ulıwma rawajlanıwımızda bir ta'repleme awıp ketpew, ja'miyet turmısında suw menen h'awaday za'ru'r bolg'an ten' salmaqlılıq h'a'm turaqlılıqtı ta'miyinlewde og'ada u'lken a'h'miyetke iye boladı. O'ytkeni, bazar ekonomikası h'a'mme na'rseni ornına qoyadı, degen jen'il-jelpi pikirge boysınıp, tek materiallıq baylıq izinen quwıw-xalqımızdın' a'zeliy arzıw-umtılıslarına da, insanıylıq penen suwg'arılg'an milliy qa'diriyatlarımızdın' mazmunına da tuwrı kelmes edi. Sol sebepli reformalardı a'melge asırıwda ma'nawiyat h'a'm ekonomika bir-birin biykarlamaydı, kerisinshe, biri-birin qollap, o'z-ara ta'sirlenip, rawajlanıp baradı, degen qag'ıydanı o'zimiz ushın bag'darlama sıpatında belgilep aldıq.

Ma'nawiyat h'a'm ekonomika salasının' mın'lap turmıslıq ma'seleler, eger orınlı bolsa, janlı jipler arqalı o'z-ara tıg'ız baylanısıp ketkenligin inabatqa alıp, xalqımızdın' ruwxıyatı, turmıs qa'lpi, a'yyemgi u'rp-a'det h'a'm da'stu'rlerimizge h'a'r ta'repleme say bolg'an reformalar jolın tan'ladıq.

A’sirese, o’tiw da’wirinde ma’mlekettin’ bas reformator sıpatındag’ı rolin reformalardı engiziwdin’ tiykarg’ı sha’rtlerinen biri sıpatında qatan’ belgilep alg’anımız ekonomikanın’ universal talap h’a’m o’lshemlerin milliy ma’nawiyatımız o’zgeshelikleri menen u’ylestiriwde ku’ta’ u’lken a’h’miyetke iye boldı.

Ha’mmemizge ma’lim, kolonial du’zim da’wirindegi ekonomika bir jaqlama rawajlang’an, h’a’kimshilik-buyrıqpazlıq usılına tiykarlang’an bolıp, xalıqtın’ ruwh’ıy ko’z-qarasları h’a’m umtılıwlarınan jıraq edi. A’ne usınday qıyın bir jag’dayda ma’mlekettin’ reformatorlıq rolin ta’n almaw, bul ma’seleni o’zi boladılıq jag’dayına taslap qoyıw-eski sistemadan qalg’an a’zzi h’a’m kesel ekonomika o’z-o’zinen erkin bazar ekonomikasına, sovet ja’miyeti bolsa, demokratiyalıq ja’miyetke aylanıp qaladı, dep push qıyal su’riw menen barabar edi.

Usı orında atap o’tiw za’ru’r, demokratiya birinshi na’wbette, ruwxıy o’lshemler tiykarında basqarılatug’ın, ku’shli h’uqıqıy ma’mleket, ku’shli puqaralıq ja’miyeti demekdur. Sonı aytıw mu’mkin, h’uqıyqıy ma’mleket h’a’m puqaralıq ja’miyeti demokratiyanın’ o’z-ara tıg’ız baylanıslı bolg’an eki ta’repi, eki qanatı bolıp tabıladı. Sol sebepli biz «**Ku’shli ma’mleketten-ku’shli ja’miyetke qaray**» kontseptsiyasın islep shıqtıq h’a’m bul ideyanı izbe –iz a’melge asırıw ma’selesine birinshi da’rejeli a’h’miyet qaratıp kelmektemiz.

İtibarlı ta’repi sonda, reformalardın’ da’slepki basqıshınan baslap h’a’zirge shekem ken’ ko’lemli siyasiy, sotsiallıq-ekonomikalıq bag’darlama h’a’m jobalarımızdın’ ba’rshesinde xalqımızdın’ ruwxıy turmısı menen baylanıslı ma’seleleri ayrıqsha artıqmashılıqlı bag’dar sıpatında ku’n ta’rtibinde qoyılmaqta.

Bir sistemadan ekinshi sistemag’a o’tiw protsessinde adamlardın’ sana-seziminde, ja’miyettin’ ideologiyasında tu’pkilikli o’zgerisler ju’zege keliwi ta’biyiy. Biraq, bazı birewlerdin’ isenimsizlik bildirip, erkin bazar sharayatında ruwxıy, a’dep-ikramlılıq qa’diriyatlardın’ qunı tu’sip ketedi, ma’deniyat ekinshi da’rejeli na’rsege aylanıp qaladı, degen gumanları orınsız ekenligi O’zbekstandag’ı bu’gingi o’zgerisler mısalında ja’ne bir ma’rte ayqın ko’rinbekte. Ha’zirgi ku’ni

elimizde ma’mleketlik byudjettin’ 50 protsentinen aslamı sotsiallıq salag’a bag’darlanıp atırg’anı da bunı tastıyıqlaydı.

Ma’nawiyattın’ negizgi h’a’m mazmun-mag’anasın belgileytug’ın tiykarg’ı o’zgeshelikler, birinshi gezekte insannın’ ruwxıy pa’kleniwi h’a’m qa’lbten ulg’ayı h’aqqında aytar ekenbiz, bir ma’selege ayrıqsha itibar beriwimiz lazım.

A’lbette, bul du’nyada h’adal h’a’m pa’k jasawdı o’zi ushın turmıslıq isenim, joqarg’ı maqset dep usınday insanlar h’a’m olardın’ ma’nawiyat h’a’miyshe turaqlı jasap keledi.

Lekin bunday jaqsı niyetli pazıyletlerden pu’tkilley uzaq bolıp jasaytug’ın, turmıstın’ mazmun-ma’nisin o’zinshe bah’alaytug’ın shaxslar da az emes. O’kinishlisi, olar o’zin tap du’nyanın’ h’aqıyqıy iyesindey, kemshiliksiz, basqalardın’ h’a’wesin keltiretug’ın o’mir su’rip atırg’anday, baxıt qusı basına qong’anday seziniwge urınadı.

Bunday jag’daylardı ko’rip, baqlap o’zi ushın jaqsı niyetlerdi joqarı maqset etip qoyg’an insanlar ju’reginde qanday da bir ekileniw h’a’m gu’man payda bolıwı mu’mkinligi ta’biyiy. Adamlardı oylandırıp qoyatug’ın bunday jag’daylar turmısta ko’p ushıraydı. Bug’an qalayınsha tu’sinik beriw mu’mkin?

Ha’mmemizge ma’lim, muqaddes kitaplarımız h’a’m qa’diriyatlarımız, ullı oy-pikir iyeleri bolg’an babalarımızdın’ miyrası bizlerdi mudamı h’adal miynet etip jasawg’a, ma’rtlik, qayır-saqawat h’a’m kishi peyillikke shaqıradı, lekin, sonın’ menen birge turmısta bunday shaqırıqlarg’a a’mel etiwge umtılatug’ın adam ko’binese tu’rli qıyınshılıqlar, h’a’tte azap-aqıbetlerge dus keliwin baqlaw qıyın emes. Joqarı ruwxıy tu’sinikler menen jasawg’a h’a’reket etetug’ın adamnın’ bu’gin de ko’p mashaqatlardı, awır sınaq h’a’m tosqınlıqlar, mashqalalardı jen’ip o’tiwine tuwra keletug’ınlıg’ın ta’n alıwımız kerek.

Eger itibar bersek, tilimizde h’adallıq h’a’m na’pa’klik h’aqqındag’ı ibratlı h’ikmetler menen birge «Jolın tapqan bolsa, ra’h’a’tin ko’rsin», «Ju’zimin jen’ de, bag’ın sorastırman’» degen maqalalar da barlıg’ınan ko’z jumıp bolmaydı. A’lbette, bunday naqıl-maqallar biykarg’a payda bolmag’an, olar da belgili bir h’aqıyqatlıqtın’ ko’rinisi. Solay eken, biz turmıstın’ mazmun-mag’anasın usılay

tusinip, usı tiykarda jasawg'a umtılatug'ın adamlar da barlıg'ın biykar ete almaymız.

Lekin, menin' pikirimshe, bunday ga'pler adamnın' baylıq h'a'm mal-du'nyanı qanday jollar menen tawıp atırg'anına biyg'am h'a'm biypa'rwa qaraytug'ın, ma'pdar shaxslar ta'repinen oylap shıg'arılg'anday tu'yiledi. Olardın' pikirinshe, insan o'z baylıg'ın man'lay terin to'gip, Allataala bergen aqıl-es h'a'm oy-pikirin isletip tawıp atır ma, yaki qın'ır-qıysıq, h'aram jollar menen arttırıp atır ma-bul misli h'esh kimdi qızıqtırmawı kerek.

Sonlıqtan biz ma'nawiyat h'aqqında pikir ju'rgizer ekenbiz, bul ma'seleni h'a'r ta'repleme h'a'm  teren' tallawımız, onın' tek o'zimizge maqul bolg'an, unamlı ta'repleri menen sheklenip qalmastan, a'ne usınday qıyın ta'replerin de dıqqattan shette qaldırmawımız lazım.

Biz so'z benen aytqanda, bul jerde ga'p bir-birine qarama-qarsı bolg'an, bir-birin biykarlaytug'ın eki tu'rli turmıslıq ko'z-qaras h'aqqında barmaqta.

Birinshisi-o'z nanın h'adal miynet penen tabatug'ın, qalıs h'a'm iygilikli isler menen el-jurtına payda tiygizetug'ın, tirishilik mazmunın teren' an'lap, tek g'ana bu'gingi turmıs la'zzatleri h'aqqında emes, al aqıret h'aqqında, onın' abat bolıwı h'aqqında oylap jasaytug'ın insanlarg'a ta'n turmıslıq ko'z-qaraslardan ibarat.

Ekinshisi-bug'an pu'tkilley qarama-qarsı bolg'an qatnas, yag'nıy, turmıstın' mazmun-mag'anası h'aqqında bas qatırmastan, bunday sawallar menen o'zin qıynamastan, tek na'psi ba'lesi h'a'm o'tkinshi arzıw-h'a'weslerge, h'a'zilikke berilip jen'il-jelpi o'mir keshiretug'ın, o'zinin' ata-ana h'a'm perzent, el-jurt aldındag'ı minnetine ulıwma biyparıq bolıp jasaytug'ın adamlardın' pikir h'a'm ko'z-qarasları bolıp tabıladı.

Mine usınday eki tu'rli ko'z-qaras tiykarında payda bolatug'ın awır sawallar adamzat sanalı jasay baslag'an zamanlardan berli onı oylandırıp qıynap keledi. Turmıstın' ma'nisin an'lap jetiwge o'z o'miri, bilim h'a'm talantın bag'ıshlang'an ne-ne ullı insanlar, bilimli filosoflar, danıshpan h'a'm a'ziz-a'wliyler-milleti, tili, dinine qaramastan-usı sıyaqlı qıyın mashqalalarg'a juwap tabıw ushın izlengen, bul

temada qanshadan-qansha shıg'armalar jaratqan. Lekin bul sawal bu'gingi ku'nde de ele de o'tkir h'a'm aktual bolıp qalıp otırg'anın biykarlap bolmaydı.

Usı h'aqıyqatlıqtın' o'zi bul du'nyada tirishilik bar eken, h'a'r tu'rli adamlar h'a'm olardın' sanası, oy-pikirindegi o'z-ara parıqlar h'a'm qarsılıqlar saqlanıp qala beriwin ko'rsetedi. A'yne, tap usınday tu'rli ko'z-qaraslar, bir-birin biykarlaytug'ın ag'ım h'a'm bag'darlar bar ekenligin ta'biyiy bir h'alat dep qabıl etiwdi turmıstın' o'zi talap etpekte.

Sonı atap o'tiw kerek, biz bul h'aqqında so'z etkende, a'wele sanalı jasaytug'ın, logikalıq pikirlewge uqıplı, o'z ko'z-qaraslarının' mazmun-mag'anasın h'a'r ta'repleme tiykarlap, da'liyllep bere alatug'ın adamlardı na'zerde tutamız.

Ma'selege usı na'zerden qarag'anda, a'ne usınday bir-birin biykarlaytug'ın ko'z-qaraslardı inabatqa alatug'ın bolsaq, bulardın' o'zi tiyisli juwmaqlarg'a alıp keliwi taqıyıq. Yag'nıy, o'z man'lay teri menen h'adal turmıs keshiretug'ın insan turmısınan minnetdar h'a'm razı bolıp, qa'lbi h'a'm ju'regi toq h'u'jdan pa'k, ruwxıy du'nyası turaqlı bolıp, eldin' h'u'rmetine miyasar bolıp jasaydı. Ekinshi ta'repten, bul du'nyada jen'il-jelpi, h'a'r qıylı na'pa'k jollarg'a berilip, insanıy minnetin umıtıp, du'nya-malg'a umtılıp jasag'an adam, en' ashınarlısı sol, turmısının' aqırında a'rman h'a'm o'kinishlerge batıp o'z o'mirin juwmaqlaydı.

Dana xalqımız, ishkirnelik h'a'm g'a'rezgo'ylik penen jasaytug'ın, o'zinin' jeke ma'pine o'zgeler esabınan erisiwdi maqul ko'retug'ın, tek o'zin oylaytug'ın kimseden o'zi saqlasın, deydi. Ken' peyil, h'adal-pa'k, h'u'jdanlı, meh'ir-muh'abbatlı, el-jurttın' g'am-ta'shwishi menen jasaytug'ın adamlardı bolsa, kerisinshe, basına ko'teredi h'a'm bunday adamlar ja'miyet ta'repinen qa'dir-qımbat, h'u'rmet-abıroy tabadı.

İnsan ruwxıy du'nyasının' joqarılawı menen baylanıslı tu'rli jag'daylar h'aqqında ko'p so'z etiw mu'mkin. Lekin, juwmaqlap aytqanda, Allataalanın' o'zi bizge buyırg'an ka'mil insan bolıw, h'adallıq h'a'm a'dalat penen turmıs keshiriw sıyaqlı joqarı pazıyletlerdin' mazmun-mag'anasın tek teren' seziniw g'ana emes, al usınday o'zgesheliklerge iye bolıw, olarg'a su'yenip jasaw-adamzattın' ruwxıy

baylıg'ın belgilep beretug'ın tiykarg'ı o'lshem, desek h'asla qa'te bolmaydı. Bunday juwmaqtı insaniyat o'zinin' sanalı o'miri dawamında mudamı arzıw etip, umtılıp kelgen joqarı ruwxıy idealdın' filosofiyalıq ko'rinisi, logikalıq na'tiyjesi sıpatında qabıl etiw orınlı boladı dep oylayman.

Ma'nawiyattın' ja'ne bir a'h'miyetli o'zgesheligi, adamnın' ishki du'nyası h'a'm erk-ıqrarın bekkem, iyman-isenimin tolıqtırıwda ayqın ko'rinedi.

Uzaqqa barmastan, xalqımız o'zinin' basınan keshirgen koloniallıq da'wirdi ko'z aldımızg'a keltireyik. Derlik 150 jıl dawam etken, tariyxımızdın' shın ma'nisindegi qara ku'nleri bolg'an sol zamanda bir payıtları o'zinin' qu'diretli ma'mleketshiligi, ullı perzentleri, joqarı ilim, ma'deniyatı, abat sha'h'a'r, awılları menen du'nyanı tan' qaldırg'an el-jurtımız qanday awır mashaqatlarg'a duwshar bolg'anın jaqsı bilemiz.

Lekin, mine usınday qorqınıshlı da'wirde de h'a'r qanday zulım h'a'm kemsitiwlerge qaramastan, xalqımız o'zin o'zligin joytpadı. Tilin h'a'm dinin, iyman-isenimin saqlap qaldı, Nah'aqlıq h'a'm zorlıq-zombılıq h'u'kimdar bolg'an sonday zamanlarda da jurtımızdan millet h'a'm xalıq qayg'ısı menen jasag'an h'aqıyqıy watandı su'yiwshi insanlar jetisip shıqtı xalqımızdın' a'sirler sınag'ında ja'ne de ku'sheyip, shınıg'ıp barg'an bekkem erk-ıqrarı, iyman-isenimi, tek g'ana a'yyemgi ma'nawiyatımızdı g'ana emes, al milliy o'zligimizdi saqlap qalıwg'a tiykar boldı.

Hu'jdan pa'kligi h'a'm onın' mudamı oyaw ekenligi a'sirler, zamanlar o'tken sayın insan ruwxıy du'nyasının' tayanısh u'stinlerinin' biri bolıp kelmekte. Ja'miyet turmısında a'dalat h'a'm h'aqıyqat, meh'ir-sha'pa'a't, insap-diyanat sıyaqlı tu'siniklerdi bekkemlewde mine usı faktordın' ornı h'a'm ta'siri ten'siz. Hu'jdanı oyaw adam a'tirapında bolıp atırg'an waqıyalarg'a, ja'rdem h'a'm ko'mekke mu'ta'j insanlardın' mashqalalarına, a'dalattın' ayaq-astı bolıwına biyparıq qaray almaydı. A'sirese, el-jurt ma'plerine zıyan jetkizetug'ın jawız is-h'a'reketlerge h'esh qashan shetten tım-tımıs qarap tura almaydı, o'zinin' jurtı h'a'm xalqına qarata islengen qıyanet h'a'm satqınlıqtı h'asla qabıl ete almaydı. Bunday h'alatlardı ko'rgende h'u'jdanı qıynaladı, mudamı janıp ku'yip jasaydı,

qanday etip bolmasın olardı saplastırıwg'a umtıladı, kerek bolsa, bul jolda h'a'tte janın da pida etedi.

Shınında da, eger adamzat bul du'nyada ruwxıy jaqtan pa'k bolıp, erk-ıqrarı bekkem, iymanı pu'tin, h'u'jdanı oyaw bolıp jasamas eken, insan o'mirinin' qanday mazmunı qaladı?

Mine usı sawal h'a'r bir salamat pikirleytug'ın adamdı h'a'miyshe oylandırıwı, sergeklikke shaqırıp turıwı za'ru'r.

Bunday iygilikli maqsetlerge bolsa, tek joqarı ma'nawiyat, u'zliksiz ruwxıy ta'rbiya arqalı g'ana erisiw mu'mkin.

Ma'nawiyat insannın' qan-qanına, su'yek-su'yegine deyin jıllar dawamında ana su'ti, shan'araq ta'rbiyası, a'jdadlarımızdın' u'git-na'siyatı, Watan tuyg'ısı, bul turmıstın' bazıda ashshı, geyde quwanıshlı sabaqlar menen tamshı-tamshı bolıp sin'ip baradı. A'sirese, ta'biyatqa, adamlarg'a jaqınlıq, mudamı jaqsılıqtı oylap jasaw, h'adal miynet etiw, du'nyanın' ten'siz baylıq h'a'm go'zzallıqlarınan qanaatlanıw ma'nawiyatqa azıq beredi, onı ja'ne de ku'sheytedi.

Du'nya xalıqlarının' ta'jiriybesi, olardın' basıp o'tken qıyın rawajlanıw jolları, bul boyınsha sabaq h'a'm juwmaqlar sonnan da'rek beredi, qay jerde ma'mleket h'a'm ja'miyet rawajlansa, xalıqtın' paraxat-tınıshlıqtı turmıs keshiriwi, o'z aldına iygilikli h'a'm ullı maqsetler qoyıp jasawı ushın jeterli sharayatlar jaratılg'an bolsa, sol jerde erkin pikirlew ortalıg'ı h'a'm usı tiykarda ruwxıy ko'teriliw ushın jan'a imkaniyatlar tuwıladı.

Ulıwma alg'anda, insaniyat tariyxı ma'nawiyat-insannın', xalıqtın', ja'miyet h'a'm ma'mlekettin' ullı baylıg'ı h'a'm ku'sh-qu'diretinin' negizi ekenligin, bul turmısta ma'nawiyatsız h'esh qashan insanıylıq h'a'm meh'ir-miriwbet, baxıt-saadat bolmaytug'ınlıg'ın ayqın tastıyıqlaydı.

## §2. Globallasıw protsessindegi ma'nawiy qawipler, milliy ideya h'a'm ma'nawiyat.

Bu'gin biz tez pa'tler menen o'zgerip baratırg'an, insaniyat h'a'zirge shekem basınan keshirgen da'wirlerden tu'pkilikli parıqlanatug'ın ku'ta' jedel h'a'm quramalı bir zamanda jasamaqtamız. Ma'mleketlik h'a'm siyasiy g'ayratkerler, filosofiyalar h'a'm ja'miyettanıwshı, ilimpazlar, sholıwshı h'a'm jurnalistler bul da'wirdi h'a'r qıylı ta'riyplep, tu'rli atamalar menen atamaqta. Kimdur onı joqarı texnologiyalar zamanı dese, kimdur oy-pikir, intellekt a'siri, ja'ne birew jalpılamay ma'limlemelesiw da'wiri sıpatında ta'riyplemekte.

A'lbette, bul pikirlerdin' h'a'mmesinde de belgili bir ma'niste h'aqıyqat, ratsional mag'ız bar. Sebebi, olardın' h'a'r biri o'zinde bu'gingi ko'p qırlı h'a'm ra'n'be-ra'n' turmıstın' qaysıdur belgilerin sa'wlelendiriwi ta'biyiy. Lekin, ko'pshiliktin' sanasında bul da'wir globallasıw da'wiri sıpatında ta'sir payda etpekte. Bunday ta'riyp, menin'she, ko'p ta'repten ma'selenin' mazmunın durıs bildiredi. Nege degende, h'a'zirgi payıtta jer ju'zinin' qaysı shetinde qanday bir waqıya ju'z bermesin, adamzat bul h'aqqında du'nyanın' basqa shetinde sol zamatta xabardar bolıwı h'esh kimge sır emes.

A'ne usınday globallasıw fenomeni h'aqqında aytqanda, bul atama bu'gingi ku'nde ilimiy-filosofiyalıq, turmıslıq tu'sinik sıpatında ju'da' ken' ma'nisti an'latıwın atap o'tiwi tiyis. Ulıwma ko'z-qarastan qarag'anda, bul protsess pu'tkilley jan'asha mazmun-mag'anadag'ı xojalıq, sotsiallıq-siyasiy, ta'biyiy-biologiyalıq global ortalıqtın' qa'liplesiwin h'a'm sonın' menen birge, bar bolg'an milliy h'a'm regionlılıq mashqalalardın' ja'h'a'n ko'lemindegi mashqalalarg'a aylanıp barıwın ko'rsetpekte.

Globallasıw protsessi turmısımızdag'ı barg'an sayın tez h'a'm teren' kirip kiyatırg'anının tiykarg'ı faktorı h'a'm sebebi jo'ninde aytqanda, sonı obektiv ta'n alıw kerek-bu'gingi ku'ni h'a'r qanday ma'mlekettin' progressi h'a'm rawajlanıwı tek jaqın h'a'm uzaq qon'sılar g'ana emes, al ja'h'a'n ko'leminde basqa region h'a'm aymaqlar menen sonday tıg'ız baylanısıp barmaqta, birde-bir ma'mlekettin'

bul protsessten shette turıwı unamlı na'tiyjelerge alıp kelmeytug'ınlıg'ın tu'siniw, an'law qıyın emes.

Usı mazmunda, globallasıw-bul a'wele turmıs templerinin' ten'siz da'rejede tezlesiwi degendi an'latadı.

Ha'r bir sotsiallıq h'a'diysenin' unamlı h'a'm unamsız ta'repi bolg'anınday, globallasıw protsessi de bunnan shette qalmaydı. Ha'zirgi payıtta onın' og'ada o'tkir h'a'm ken' qamtıwlı ta'sirin derlik barlıq tarawlarda ko'riw, seziw mu'mkin. A'serese, ma'mleketler h'a'm xalıqlar ortasındag'ı integratsiya h'a'm birge islesiw baylanıslarının' ku'sheyiwi, sırt el investitsiyaları, kapital h'a'm tovarlar, rabochiy ku'shinin' erkin h'a'reketi ushın qolaylı sharayatlardın payda bolıwı, ko'plep jan'a jumıs orınlarının' jaratılıwı, zamanago'y kommunikatsiya h'a'm ma'limleme texnologiyalarının', ilim-pa'n jetiskenliklerinin' tezlik penen tarqalıwı, tu'rli qa'diriyatlardın' ulıwma adamgershilik negizinde u'ylesiwi, tsivilizatsiyalar aralıq qatnasıqtın' jan'asha sapag'a eniwi, ekologiyalıq apatlar payıtında o'z-ara ja'rdem ko'rsetiw imkaniyatlarının' artıwı bulardın ba'rshesine globallasıw sebepli erisilip atırg'anlıg'ı ta'biyiy.

Usının' menen birge turmıs shınlıg'ı sonı ko'retedi, h'a'r qanday progress na'tiyjesinen eki tu'rli maqsette iygilikli h'a'm jawızlıq jolında paydalanıw mu'mkin. Eger adamzat tariyxın, onın' oy-pikir rawajlanıwın evolyutsiyalıq tu'rde ko'zden keshiretug'ın bolsaq, turmısta insandı ka'malatqa, joqarı sheklerge shaqıratug'ın iygilikli ideya h'a'm ta'liymatlar menen jawız h'a'm zıyanlı ideyalar ortasında a'zelden gu'res bolıp ekenligin h'a'm bul gu'res bu'gin de dawam etip atırg'anın ko'remiz.

Bu'gingi ku'ni zamanago'y ma'limleme maydanındag'ı h'a'reketler sonshelli tıg'ız, onshelli operativ, endi burıng'ıday, awa, bul waqıya bizden ju'da' alısta ju'z berip, onın' bizge baylanısı joq, dep biyparwa qarawg'a bolmaydı. A'ne usınday keypiyatqa berilgen xalıq yaki millet progresssten ju'z jıllar arqada qalıp ketiwi h'esh ga'p emes.

Globallasıw protsessinin' ja'ne bir o'zine ta'n ta'repi sonnan ibarat, h'a'zirgi sha'rayatta ol ideologiyalıq ta'sir o'tkeriwdin' og'ada o'tkir quralına aylanıp, h'a'r

qıylı siyasiy ku'shler h'a'm oraylardın' ma'plerine xızmet etip atırg'anlıg'ın salat pikirleytug'ın h'a'r qanday adam, a'lbette baqlawı anıq.

Bul h'aqqında so'z etkende, men ilgeri bildirgen ayırım pikirlerdi ta'kirarlaw orınlı, dep oylayman.

Ga'pimiz orınlı bolsa, **bu'gingi zamanda ideologiya poligonları yadro poligonlarınan da ko'birek ku'shke iye dep aytıw mu'mkin.** Bul ma'selenin' adamdı mudamı sergek bolıwg'a shaqıratug'ın ta'repi sonda, eger a'skeriy, ekonomikalıq-siyasiy qısım bolsa, bunı seziw, ko'riw aldın alıw mu'mkin, biraq, ideologiyalıq qısımdı, onın' ta'siri h'a'm aqıbetlerin tez bilip alıw og'ada qıyın.

Mine usınday jag'dayda adam o'zinin' erkin pikirine, zamanlar sınag'ınan o'tken turmıslıq milliy qa'diriyatlarg'a, salamat negizde qa'liplesken ko'z-qaras h'a'm bekkem erk-ıqrarg'a iye bolmasa, h'a'r tu'rli ma'nawiy topılıslarg'a, olardın' ga' a'shkara, ga' pinh'amı ko'rinistegi ta'sirine shıdam beriwi qıyın. Bunı ku'ndelikli turmısımızda ushırasıp turatug'ın ko'plegen waqıyalar mısalında ayqın gu'zetiw h'a'm olardın' qanday awır aqıbetlerge alıp keliwin uzaq tu'sindirip otırıwdın' za'ru'rligi joq, dep oylayman. O'tken jıllar ishinde du'nyada h'a'm regionımızda ju'z bergen, biz tikkeley o'z basımızdan keshirgen waqıyalar, ideologiyalıq protsesslerdin' rawajlanıwı bul juwmaqtın' tuwrı ekenligin qayta-qayta da'liyllemekte.

Bu'gingi ku'ni jaslarımız tek oqıw orınlarında g'ana emes. Al radio-televidenie, baspaso'z, İnternet sıyaqlı qurallar arqalı da ra'n'be-ra'n' ma'limleme h'a'm mag'lıwmatlardı almaqta. Ja'h'a'n ma'limleme maydanı barg'an sayın ken'eyip baratırg'an sonday bir sharayatta balalarımızdın' sanasın tek orap-sharmap, bunı oqıma, bunı ko'rme, dep bir ta'repleme ta'rbiya beriw, olardın' a'tirapın temir diywal menen orap alıw, h'esh shubh'asız, zamannın' talabına da, bizin' iygilikli maqset-niyetlerimizge de tuwrı kelmeydi. Nege degende biz elimizde ashıq h'a'm erkin demokartiyalıq ja'miyet qurıw wazıypasın o'z aldımızg'a tiykarg'ı maqset etip qoyg'anımız h'a'm bul joldan h'esh qashan qaytpaymız .

Solay eken, biz ma'mleketimizdin' keleshegin o'z qabıg'ımızg'a oralıp qalg'an h'alda emes, al ulıwma insanıy h'a'm demokratiyalıq qa'diriyatlardı teren' o'zlestirgen h'alda ko'z aldımızg'a keltiremiz. Biz keleshegimizdi rawajlang'an ma'mleketler ta'jiriybesinen paydalanıp, ma'mleket h'a'm ja'miyet basqarıwın erkinlestiriw, insan h'uqıq h'a'm erkinliklerin, pikirler ra'n'be-ra'n'ligin o'z turmısımızg'a ja'ne de ken'irek engiziwde ko'remiz. Biz pu'tkil ma'g'ripetli du'nya, xalıq aralıq sheriklik penen tınısh-tatıw, erkin h'a'm pa'rawan turmıs keshiriw, o'z-ara ma'pdarlı birge islesiw ta'reptarımız.

Biz ushın usınday jol maqul, onın' basqa alternativi joq.

Juwmaqlap aytqanda, jaslarımızdın' ruwxıy du'nyasında bolsaq bolmawı ushın olardın' qa'lbi h'a'm sanasında salamat turmıs ta'rizi, milliy h'a'm ulıwma milliy qa'diriyatlarg'a h'u'rmet-izzet sezimin balalıq payıtınan baslap qa'liplestiriwimiz za'ru'r.

Sonı umıtpawımız kerek, bu'gingi ku'ni insan ma'nawiyatına qarıs bag'darlang'anı, bir qarag'anda arzımas na'rse bolıp tu'yiletug'ın kishkene xabar da ma'limleme du'nyasındag'ı globallasıw jedelinen ku'sh alıp, ko'zge ko'rinbeytug'ın, biraq zıyanın h'esh na'rse menen qaplap bolmaytug'ın u'lken za'lel keltiriwi mu'mkin.

Ha'mmemiz jaqsı bilemiz, h'a'r qanday ma'mlekettin' shegaraların qol qatılmaytug'ın etip saqlawda a'skeriy ku'sh-qu'diret, quralllı ku'shler suw menen h'awaday za'ru'r. Biraq xalqımız en' a'wele, jas a'wladımız ma'nawiy du'nyasının' qol qatılmaslıg'ın saqlaw ushın biz nelerge tayanıp, su'yenip jumıs alıp barıwımız kerek, degen sawal bu'gin ba'rshemizdi oylandırıwı ta'biyiy.

Men, turmısta ko'p ma'rtebe o'z tastıyıqlawın tapqan h'aqıyqattan kelip shıg'a otırıp, bul ma'selede sonday degen bolar edim: barg'an sayın ku'sheyip baratırg'an bunday qa'terlerge qarsı mudamı sergek, dıqqatlı h'a'm saq bolıp jasawımız zu'ru'r.

Bunday topılıslarg'a qarsı h'a'r ta'repleme teren' oylang'an, puxta ilimiy tiykarda sho'lkemlestirilgen, mudamı h'a'm u'zliksiz ra'wishte alıp barılatug'ın ruwxıy ta'rbiya menen juwap beriw mu'mkin.

**Ba’rshemizge ayan bolıwı kerek, qay jerde biyg’amlıq h’a’m biypa’rwalıq h’u’kim su’rse, en’ aktual ma’seleler o’zi boladılıqqa taslap qoyılsa, sol jerde ma’nawiyat en’ soqır h’a’m a’zzi tochkag’a aylanadı h’a’m kerisinshe-qay jerde sergeklik h’a’m jan ku’yerlik, joqarı aqıl-oy h’a’m oy-pikir h’u’kimdar bolsa, sol jerde ma’nawiyat qu’diretli ku’shke aylanadı[1].**

A’sirese, bu’gingi ku’nde xalıq aralıq maydanda tu’rli siyasiy ku’shler o’zinin’ milliy h’a’m strategiyalıq rejelerine erisiw ushın «Erkinlik h’a’m demokratiyanı alg’a ilgeriletiw» nıqabı astında a’melge asırıp atırg’an, uzaqtı go’zlegen siyasattın’ h’aqıyqıy ma’nisi h’a’m maqsetlerin o’z waqtında seziw, an’law u’lken a’h’miyetke iye.

Bul boyınsha ayırım qu’diretli ma’mleketler ta’repinen beligili bir ma’mleketlerge, en’ a’wele jer astı, jer u’sti baylıqlarına iye bolg’an aymaqlarg’a qarata alıp barılıp atırg’an a’ne usınday g’a’rezli siyasattı du’nyanın’ ayırım regionlarında paraxat turmıstın’ izden shıg’ıwı, h’a’kimiyat basına sol ma’mleketlerdin’ ma’plerine xızmet etetug’ın ku’shlerdin’ keliwi menen baylanıslı mısallarda ko’riw qıyın emes.

A’ne usınday jag’daydı esapqa ala otırıp, h’a’m ja’ne bir ret xalqımızdın’ ruwxıy du’nyasın bunday topılıslardan qorg’aw, h’a’zirgi og’ada quramalı bir zamanda xalıq aralıq maydanda ju’z berip atırg’an protsesslerdin’ tu’pkilikli ma’nisine jetip barıw, olar h’aqqında obektiv h’a’m erkin pikirge iye bolıw bu’gingi ku’nnin’ en’ a’h’miyetli wazıypası, desek, h’esh qanday qa’te bolmaydı.

Biz elimizde jan’a turmıs tiykarların qurıp atırg’an ekenbiz, bir ma’selege ayrıqsha itibar beriwimiz lazım. Yag’nıy, kommunistlik ideologiya h’a’m onın’ a’dep-ikramlılıq normalarınan bas tartqannan son’ ja’miyette payda bolg’an ideyalıq boslıqtan paydalanıp, shetten biz ushın pu’tkilley jat bolg’an, ruwxıy h’a’m pa’s a’dep-ikramlılıq illetlerin o’z ishine alg’an «massalıq ma’deniyat» japırılıp kirip keliwi mu’mkinligin umıtpawımız kerek.

Ta’biyiy na’rse, «massalıq ma’deniyat» degen nıqap astında biya’dep buzıqlıq h’a’m zorlıq, individualizm, egotsentrizm ideyaların tarqatıw, kerek bolsa, sonın’

---

[1] İslam Karimov. «Joqarı ma’naўiyat jen’ilmes ku’sh». –T.: «Manaviyat». 2008. 116-b.

esabınan baylıq arttırıw, basqa xalıqlardın' neshe mın' jıllıq da'stu'r h'a'm qa'diriyatları, turmıs ta'rizinin' ruwxıy tiykarların pisent etpew, olardı buzıwg'a qaratılg'an qa'terli topılıslar adamdı ta'shwishke salmay qoymaydı.

Ha'zirgi waqıtta, a'depsizlikti ma'deniyat dep biliw h'a'm kerisinshe, h'aqıyqıy ma'nawiy qa'diriyatlardı mensinbesten, eskilik sarqıtı dep qaraw menen baylanıslı jag'daylar bu'gingi progresske, insan turmısı, shan'araqtın' muqaddesligi h'a'm jaslar ta'rbiyasına u'lken qa'wip salmaqta ja'ne ko'pshilik pu'tkil ja'h'a'nde mısalı, ba'leqadaday tarqalıp baratırg'an bunday agressiyalarg'a qarsı gu'resiw qanshelli a'h'miyetli ekenligin an'lap barmaqta.

Bul h'aqqında pikir ju'rgizgende, bizin' ullı babalarımız o'z da'wirinde ka'mil insan h'aqqında pu'tin bir a'dep-ikramlılıq o'lshemler toparın, zamanago'y tilde aytqanda, shıg'ısqa ta'n a'dep-ikramlılıq kodeksin islep shıqqanlıg'ın eslew orınlı, dep bilemen. Ata-babalarımızdın' sanası menen oy-pikirinde a'sirler, mın' jıllar dawamında qa'liplesip, sayqal tapqan ar-namıs, uyat h'a'm a'ndiyshe, kishipeyillik, iybe h'a'm tu'sinikler joqarı a'dep-ikramlılıq tuyg'ı h'a'm tu'sinikler bul kodekstin' tiykarg'ı mazmun-mag'anasın quraydı, desek, qa'te etpegen bolamız, dep oylayman.

Usı ko'z-qarastan qarag'anda, uyat-o'limnen ku'shli, degen ga'pler xalqımız tilinde o'z-o'zinen payda bolmag'an, kerisinshe, bunday ga'pler el-jurtımızg'a tiyisli iygilikli h'a'm go'zzal a'dep-ikramlılıq qa'diriyatlardın' h'aqıyqıy mazmunın ko'rsetedi.

Haqıyqatında da, uyat h'a'm ar-namısın joytqan adam, Axmed Yassawiy babamız aytqanınday, misli h'aywang'a aylanıp qaladı.

**Ullı oy-pikir iyesi Alisher Nawayının':**

**Aldına qoyg'andı jemek-h'aywan isi,**

**Awzına kelgendi demek-nadan isi,-**

degen teren' ma'nili so'zleri de bul pikirdi tastıyıqlap beredi.

O'z-o'zinen anıq ra'wshan, bu'gingi turmısqa ashıq ko'z benen, real h'a'm sergek qaraydı, ja'h'a'nde h'a'm do'gerek a'tirapımızda bar bolg'an, barg'an sayın ku'sheyip baratırg'an ma'nawiy topılıs h'a'm qa'wip-qa'terlerdi tuwrı bah'alap,

olardan tiyisli juwmaq h’a’m sabaqlar shıg’arıp jasawdı talap etpekte. Sol ushın jerleslerimiz, a’sirese, jas a’wlad sanasında quramalı h’a’m dag’darıslı turmıs h’aqqında, onı miyrimsiz oyınları tuwralı bir ta’repleme h’a’m jasalma ko’z-qaras bolmawı kerek.

İnsaniyattın’ ko’p a’sirlik tariyxı sonnan derek beredi, bul du’nyada o’zinin’ milliy ma’mleketin qurıwg’a qarar etken h’a’r qanday xalıq joqarı wazıypalardı a’melge asırıw, usı jolda adamlardı birlestiriw h’a’m bag’darlaw, olardın’ qa’lbinde isenim oyatıw, eski ja’miyetlik du’zimnen pu’tkilley jan’a du’zimge o’tiwde o’zine qosımsha ku’sh-quwat h’a’m ma’dat alıwda ulıwma, birden-bir maqset h’a’m arzıw-umtılıwshılıq ko’rinisi bolg’an milliy ideyanı tayanısh h’a’m su’yenish dep biledi.

**Milliy ideya degende, babalarımızdan a’wladlarg’a o’tip, a’sirler dawamında qa’sterlenip kiyatırg’an, usı jurtta jasaytug’ın h’a’r bir insan h’a’m pu’tkil xalıqtın’ ju’reginde teren’ tamır atıp, onın’ ruwxıy za’ru’rlikleri h’a’m turmıs talabına aylanıp ketken, eger so’zsiz orınlı bolsa, h’a’r qanday millettin’ en’ iygilikli arzıw-umtılısları h’a’m u’mit-maqsetlerin ko’z aldımızg’a keltiretugın bolsaq, bunday ken’ mag’analı tu’siniktin’ mazmun-ma’nisin sa’wlelendirgen bolamız, dep oylayman[1].**

G’a’rezsizligimizdi qolg’a kirgizgen da’slepki ku’nlerden baslap, biz milliy ideyamızdın’ en’ tiykarg’ı tu’sinik h’a’m printsiplerin belgilep alıw h’a’m islep shıg’ıwg’a h’a’reket ettik. Usı maqsette ja’miyetlik ilimler salasındag’ı jetekshi alımlar, siyasattanıwshı h’a’m ekonomistler, do’retiwshi ziyalılar, ken’ ja’miyetshiligimiz itibarın usı a’h’miyetli ma’selege qarattıq. Xalqımızdın’ a’sirlik a’rmanı, go’zlegen joqarı maqsetlerimizge erisiwdin’ tiykarg’ı faktorı-en’ a’wele g’a’rezsizliktin’ qa’sterler qorg’aw, onı ja’ne de bekkemlew menen baylanıslı ekenliginen kelip shıg’a otırıp, milliy ideyamızdın’ mazmun-mag’anasın da a’ne usınday o’lshemler negizinde belgilewdi wazıypa etip qoydıq. Bul boyınsha bir qansha itibarg’a ılayıq islerdi a’melge asırdıq.

[1] İslam Karimov. «Joqarı ma’naўiyat jen’ilmes ku’sh». –T.: «Manaviyat». 2008. 71-b.

Sonın’ menen qatar h’a’zirgi qıyın awır h’a’m dag’darıslı zaman talapları, ja’miyetimizdi jan’alaw, ma’mleketimizdi modernizatsiyalaw menen baylanıslı maqsetlerimizge uyg’ın h’a’m u’nles ra’wishte turmıstın’ o’zi aldımızg’a jan’a-jan’a wazıypalardı qoymaqta.

**Milliy ideyamız usı jurtta jasap atırg’an ba’rshe adamlardın’ en’ joqarı niyetlerin, turmıslıq ma’plerin ja’mleytug’ın jurt tınıshlıg’ı, Watan rawajlanıwı, xalıq pa’rawanlıg’ı degen joqarı tu’siniklerdi o’z ishine alatug’ını ta’biyiy[1].**

Pu’tkil insaniyat tariyxı, xalqımızdın’ neshe mın’ jıllıq o’tmishi ashshı sabaq h’a’m juwmaqlar tiykarında bir h’aqıyqattı da’liyllep bermekte. Yag’nıy, biz turaqlı rawajlanıw h’a’m abadan turmısqa erisiw jolında o’z aldımızg’a qanday jaqsı niyet arzıw-umtılıslarımızdın’ birden-bir sha’rti h’a’m girewi-bul paraxatshılıq h’a’m tınıshlıq bolıp tabıladı. Jurtımızdag’ı qaysı shan’araqqa kirmen’, qanday jıyın yaki mereke bolmasın, pa’tiyag’a qol ashılg’anda jaslar h’a’m kekseler, erkek h’a’m h’ayallar ba’rshemiz Jaratqannan paraxatshılıq h’a’m tınıshlıqtı sorap duwa etiwimiz biykarg’a emes.

İnsannın’ en’ artıqmash h’a’m muqades h’uqıqlarının’ bir-bul paraxat jasaw h’uqıqı ekenligi ma’lim. Ma’mleket h’a’m ja’miyettin’ minneti a’ne usı h’uqıqtı ba’rshe nızamlı jollar menen kepillikli etip ba’riwden ibarat. Bul h’uqıqtı a’melge asırıw-ma’mleket h’a’m ja’miyetti demokratiyalastırıw-dın’ en’ a’h’miyetli sha’rti. Demokratiyanın’ insandı su’yiwshiligi de birinshi gezekte usı o’lshem menen o’lshenedi.

Milliy ideyamızdın’ tiykarg’ı mazmunın sa’wlelendiretug’ın bag’darlamalar h’aqqında aytqanda h’esh shubh’asız, biz Watan rawajlanıwı h’a’m gu’lleniwin ko’z aldımızg’a keltiremiz.

O’z kindik qanı tamg’an ata-babalarının’ su’yegi jatqan ana-jurttı du’nyada ten’siz, muqaddes Watan dep biletug’ın adamnın’ maqset-mu’dda’a’tleri anıq, maqtanısh-ma’rtebesi joqarı boladı.

---

[1] İslam Karimov. «Joqarı ma’naўiyat jen’ilmes ku’sh». –T.: «Manaviyat». 2008. 72-b

Watan rawajlanıwı en’ a’wele onın’ perzentlerine, olardın’ ruwxıy h’a’m fizikalıq ka’malg’a jetiwine tikkeley baylanıslı. Bul o’z na’wbetinde h’a’r bir jerlesimizdin’ moynındag’ı joqarı puqaralıq juwapkershiligin seziwge, o’z ma’plerin usı jurt, usı xalıq ma’pleri menen uyg’ınlastırıp jasawg’a shaqıradı h’a’m h’a’r bir puqara o’z ma’mleketinin’ xalıqaralıq sheriklik qatarınan mu’na’sip orın alıwı, bu’gingi ku’nde rawajlang’an paraxat h’a’m bay jasap atırg’an ma’mleketler qatarına ko’teriliwinen ma’pdar bolıwı so’zsiz.

Bir so’z benen aytqanda, bul eki tu’sinik-Watan rawajlandırıwı h’a’m pa’rawanlıq ma’selesi bir-biri menen ajıralmas baylanıslı ekenligin tu’siniw qıyın emes.

Usınday logikalıq juwmaqtan kelip shıg’a otırıp, xalıq pa’rawanlıg’ı degen iygilikli tu’sinikti de milliy ideyamızdın’ negizin quraytug’ın printsipler qatarına qoyıwımız ta’biyiy.

Nege degende bul du’nyada h’a’r bir adam toq h’a’m bay turmıs keshiriw, el-jurt ushın mu’na’sip perzent ta’rbiyalaw, olarg’a bilim berip, u’yli-jaylı etiw, olardın’ baxtı h’a’m ka’malın ko’riw a’rmanı menen jasaydı.

Ha’zirgi waqıtta ma’mleketimizde a’melge asırılıp atırg’an ken’ ko’lemli reformalardın’ aqırg’ı maqseti-adamlarımızdın’ usınday arzıw-u’mitlerin ju’zege shıg’arıw, xalqımızg’a h’a’r ta’repleme ılayıq turmıs sharayatın jaratıp beriwden ibarat ekenligi h’aqqında qaytalap otırıwdın’ za’ru’rligi joq dep oylayman.

Bul maqsetke erisiw ushın jurtımızdı ba’rshe tiykarlar-ta’biyiy baylıqlar, o’nimdarlı jer, u’lken ekonomikalıq h’a’m ilimiy-texnikalıq, insanıy h’a’m ruwxıy potentsial bar. En’ a’h’miyetlisi, bul u’lkede usı pa’rawan turmıstı o’z ku’shi, o’zinin’ aqıl-za’kawatı menen tiklewge ılayıq bolg’an miynet su’ygish h’a’m talantlı xalıq jasaydı.

Juwmaqlastırıp aytqanda, milliy ideyamızg’a qaysı ta’repten h’a’m bah’a bersek te, xalqımızdı birlestiretug’ın bul joqarı maqsetler a’sirler dawamında onın’ ju’reginen, qa’lbinen orın alıp kelgen arzıw-a’rman h’a’m iygilikli umtılıslar menen ajıralmas baylanıslı ekenligine isenim arttıramız.

Endi bolsa, aldımızda turg'an en' a'h'miyetli wazıypa-usı joqarı tu'sinikler menen birge **milliy ideyamızdın' ajıralmas quramlı bo'leklerin quraytug'ın ka'mil insan, sotsiallıq birge islesiw, milletler aralıq tatıwlıq, dinler aralıq ken' peyillik sıyaqlı printsipler**din' mazmun-mag'anasın bu'gingi ku'ni ma'mleketimizde alıp barılıp atırg'an ma'nawiy-mag'ripiy, ta'lim-ta'rbiya jumıslarının' orayına qoyıw, olardı jan'a basqıshqa ko'teriw, jas a'wladımızdı h'a'r ta'repleme erkin pikirleytug'ın jetik ko'z-qaras iyeleri etip ta'rbiyalawdan ibarat.

Biz puqaralar ko'z-qarasın basqarıw pikirinen jıraqpız al adamlardın' oy-o'risin bayıtıw, onı jan'a ma'nis h'a'm mazmun menen toltırıw ta'reptarı ekenligimizdi atap o'tiw orınlı.

A'lbette, ba'rshemiz jaqsı tu'sinemiz, «milliy ideya» degen so'z tek bir milletke tiyisli bolıp qalmastan, usı teberik diyarımız-O'zbekstan topırag'ında jasap atırg'an, onı o'z ana Watanı dep biletug'ın barlıq millet h'a'm xalıqlarg'a birdey tiyisli bolıp tabıladı.

Milliy ideyada ja'mlengen ullı maqsetlerdi ju'zege shıg'arıw en' da'slep ja'miyetimiz h'a'm usı ja'miyet ag'zası bolg'an h'a'r bir insannın' ruwxıy du'nyası h'a'm ko'z-qarasındag'ı unamlı o'zgerisler menen tikkeley baylanıslı ekenligin umıtpawımız za'ru'r.

Usı orında bir pikirdi ayrıqsha nıqlap aytıwdı maqul dep oylayman.

Bizin' en' ullı maqsetimiz, en' ullı ideyamız sol, O'zbekstannın' bir jolı bar: g'a'rezsizlikti bekkemlep, ma'mleketimizdi h'a'r ta'repleme rawajlandırıp, jarqın h'a'm erkin turmısqa qaray alg'a barıwdan ibarat.

İdeologiyamız, tutqan jolımız, bar ku'sh-g'ayratımız usı ullı niyetti a'melge asırıwg'a bag'darlanıwı kerek. Xalqımızdı, jurtımızdag'ı ba'rshe siyasiy ku'shlerdi, ma'mleketlik emes sho'lkemlerdi birden-bir ulıwma maqset a'tirapında birlestiretug'ın, bir ta'n-bir jan etetug'ın milliy ideya da negizinde usınnan ibarat.

## §3. Ma'nawiy qa'wipler ko'rinisleri h'a'm olarg'a qarsı gu'resiw wazıypaları.

Ha'zirgi waqıtta ko'z aldımızg'a du'nyalıq geopolitik, ekonomikalıq h'a'm sotsiallıq. ma'limleme-kommunikatsiya panoramasında teren' o'zgerisler ju'z berip atırg'an, tu'rli ideologiyalar tartısıwı keskinlesip baratırg'an bir jag'dayda, **pikirge qarsı pikir, ideyag'a qarsı ideya, ja'h'a'letke qarsı ma'g'ripet penen gu'resiw h'a'r qashang'ıdan ko're aktual a'h'miyetke iye bolıp atırg'anı h'a'mmemizge ayan[1].**

Ha'r qanday keselliktin' aldın alıw ushın, en' a'wele adam organizminde og'an qarsı immunitet payda bolatug'ını ma'lim. Biz de perzentlerimizdi ana Watang'a muh'abbat, bay tariyxımızg'a, ata-babalarımızdın' muqaddes dinine sadıqlıq ruwxında ta'rbiyalaw ushın, sezimiz orınlı bolsa, da'slep olardın' qa'lbi h'a'm sanasında ideologiyalıq immunitetti ku'sheytiwimiz za'ru'r. O'ytkeni, jaslarımız milliy o'zligin, sonın' menen birge, du'nyanı teren' sezinetug'ın, zaman menen ten' qa'dem taslaytug'ın insanlar bolıp jetisin. A'ne sonda, jawız fundamentalistlerdin' «shaqırıg'ı»n da a'dep-ikramlılıq tu'siniklerin de biykarlaydı, biz ushın pu'tkilley jat ideyalar da olarg'a o'z ta'sirin o'tkere almaydı.

Jas a'wladımızdı tu'rli ma'nawiy agressiyalardan qorg'aw h'aqqında so'z etkende, tek xalqımızdı ulıg'laytug'ın joqarı pazıyletler g'ana emes, sonın' menen qatar, onın' rawajlanıwına unamsız ta'sir ko'rsetken, eski zamanlardan qalıp kiyatırg'an jaramsız a'detler h'aqqında da ashıq so'z etiwimiz za'ru'r. Birinshi na'wbette egoistlik h'a'm biyparwalıq ag'ayın-ruwshılıq h'a'm jerleslik, korruptsiya h'a'm ma'pparazlıq, basqalardı mensinbewshilik sıyaqlı illetlerden ja'miyetimizdi pu'tkilley azat etiw h'aqqında oylawımız lazım. Men, bul og'ada a'h'miyetli wazıypa ken' ja'miyetshiligimizdin' a'sirese, ziyalılarımız, alım h'a'm jazıwshılarımız, ko'rkem o'ner h'a'm ma'deniyat xalqı, o'zin ma'nawiyat salasına bag'ıshlag'an barlıq insanlardın' turaqlı orayında bolıwın qa'ler edim.

---

[1] İslam Karimov. «Joqarı ma'naўiyat jen'ilmes ku'sh». –T.: «Manaivyat». 2008. 119-b.

Bul orında a'ne usınday unamsız qa'siyetlerdin' en' jaman ko'rinisi bolg'an g'a'rezgo'ylik h'aqqında toqtalıp o'tiw orınlı dep oylayman. Adamzat h'a'm ja'miyet turımısında awır iz qaldıratug'ın g'a'rezgo'ylik tuyg'ısı en' da'slep basqalardı ko're almawshılıq, olardın' tabısınan quwanıw ornına, qanday da bir ku'yiniw, ishi qaralıq aqıbetinde payda boladı.

Sonın' ushın da muqaddes kitaplarımızda g'a'rezgo'ylik insanıylıqqa pu'tkilley qayshı keletug'ın jerkenishli a'det sıpatında qattı qaralanadı. Atap aytqanda, mubarrek h'a'dislerde «**Birewge ishi tarlıq etiwden saqlanın', o'ytkeni, jalın otındı qanday ku'ydirip tamamlasa, ishi tarlıq ta islegen sawap islerin'izdi tap sonday etip ku'ydirip tamamlaydı**» dep aytılg'anı biykarg'a emes.

A'zel-a'zelden ashıq kewil, shın ju'rekten h'a'm miynetkesh, jaqsılıqtı joqarı qa'dirleytug'ın xalqımız bunday illetlerden mudamı ju'z burıp, na'pretlenip keledi. Lekin, o'kinishlisi, o'mir jollarında ishi tarlıq ba'lesine ko'p dus kelemiz. Alıs h'a'm jaqın tariyxımızda ne bir ullı insanlar ishi tarlıq h'a'm baqıllıq, ko're almawshılıq sebepli qanday azap-aqıbetlerdi basınan keshirgeni, salamatlıg'ı, h'a'tte o'mirinen ju'da' bolg'anın ashshı mısallarda ko'riwimiz mu'mkin.

O'zbek atın, o'zbek ilim-pa'ni h'a'm ma'deniyatın, bir so'z benen aytqanda xalqımızdın' joqarı intellektualın, onın' qanday ullı islerge ılayıq ekenligin du'nyag'a tanıtıwda jurtımız topırag'ınan jetisip shıqqan ju'zlep ullı insanlar pidayılıq u'lgilerin ko'rsetip kelgen. Bunday insanlar diyarımızda h'a'zir de ko'plep tabıladı h'a'm bunnan keyinde olardın' qatarları ken'eyip bara beredi. Ha'mme ga'p a'ne usınday insanlarg'a qollap-quwatlawda. Eger biz ma'mleketimizdin' qaysı qala yaki awılında bolmasın jılt etken talant ushqının ko'rgende, h'a'mmemiz onı o'z waqıtında sezip, ardaqlap, pa'rmana bolıp, og'an jol ashıp bersek, barlıq is-h'a'reket h'a'm umtılıslarımızdı a'ne sonday joqarı maqsetke qaratsaq, qısqasha aytqanda, g'a'rezgo'ylik etip emes, h'a'wes etip jasawdı o'mirimizdin' qag'ıydasına aylandırsaq, h'esh shubh'asız, biz milliy rawajlanıw babında ja'ne de ba'lent sheklerdi iyelewge erise alamız.

Usı mu’na’sibet penen tariyxta ko’p ma’rte o’z tastıyıqlanıwın tapqan, menin’ de o’z ta’jiriybemde sınag’an turmıslıq bir h’aqıyqattı ja’ne bir ret ta’kirarlawdı za’ru’r dep esaplayman: **eger biz awızbirshilikli bolsaq, el-jurt ma’pi jolında bir ta’n, bir jan bolıp jasasaq, o’zimizden satqın shıqpasa, o’zbek xalqın h’esh kim h’esh qashan jen’e almaydı[1].**

Bul o’mirde adam bazı da o’zin joytıp qoyatug’ın og’ada qıyın mashqalalarg’a dus keledi. Keskin jag’daydan shıg’ıwdın’ ilajı joqtay bolıp seziletug’ın h’alatlar bar. Sonday waqıtta jumısta h’a’m turmısta, ja’miyette awır sawdalarg’a dus kelgende kim o’zinin’ jolın joyıtpawı mu’mkin? Menin’ oyımsha, birinshi na’wbette, o’z ku’shine isengen, ruwxıy du’nyası, ma’nawiy a’lemi ku’shli bolg’an adam g’ana bunday jag’daydan jarqın ju’z benen shıg’a aladı. Ruwxıy baylıq sonday payıtta adamg’a u’lken ku’sh h’a’m ma’det beredi.

Usı ma’niste, insannın’ ma’nawiyatı joqarılawı menen onın’ erk-ıqrarı da ku’sheyip baradı, desek jan’ılıspag’an bolamız. Erk-ıqrar-bul h’aslında bekkem isenim demekdur. Erk-ıqrarı ku’shli adam o’zine isenedi h’a’m h’a’rqanday qıyın wazıypanı da o’z moynına alıwdan qorıqpaydı. Sonın’ ushın da joqarı erk-ıqrarlı insang’a su’yeniw mu’mkin. Bunday adamlar basın’ızg’a bir ta’shwish yaki mashqala tu’skendey bolsa, biyparwa qarap tura bermeydi, h’esh ekilenbesten janın’ızda turıp, qolınan kelgenshe ja’rdem beriwge, qıyınshılıqlardı siz benen birgelikte jen’iwge h’a’reket etedi.

Lekin, birewdin’ turmısına, a’tirapta ju’z berip atırg’an waqıya-h’a’diyselerge biyta’rep h’a’m biypa’rwa qarap, qurı baqlawshı bolıp jasaytug’ın adamnan qorqıw kerek. Olardan h’esh qashan jıqsılıq shıqpaydı. O’ytkeni, olarda ya iyman, ya erk-ıqarar bolmaydı. Olar h’a’tte o’z xalqı h’a’m Watanının’ ta’g’dirine de misli jat adamday qaraydı.

A’zelden ma’lim, biypa’rwa adam dushpannan da qa’wiplirek. Sebebi, dushpannın’ kimligi, h’aqıyqıy kelbeti siz ushın aldınnan ma’lim boladı. Biraq, biyg’am h’a’m biypa’rwa adamnın’ kelbetin birden bilip bolmaydı. Sonın’ ushın ol

[1] İslam Karimov. «Joqarı ma’naŷiyat jen’ilmes ku’sh». –T.: «Manaviyat». 2008. 122-b.

ishin'izde ju'rip, sizge qarsı tis qayraytug'ın dushpanlar ushın imkaniyat jaratıp beredi.

Ko'rnekli filosoflardın' biri a'ne usı turmıslıq shınlıqtı teren' tallap to'mendegishe h'aqqanıy pikirlerdi bayan etken: «**Dushpanlardan qorıqpa, ko'p bolsa, olar seni o'ltiriwi mu'mkin, doslardan qorıqpa-ko'p bolsa, olar sag'an qıyanet etiwi mu'mkin. Biyparwa adamlardan qorıq-olar seni o'ltirmeydi de, satpaydı da, tek olardın' tımtırıs h'a'm biypa'rwa qarap turıwı sebepli jer ju'zinde qıyanet h'a'm adam o'ltiriwshilikler ju'z bere beredi**».

Ha'r bir insan o'mirinde og'ada u'lken a'h'miyetke iye bolg'an usınday pikirlerdi o'nip-o'sip kiyatırg'an jaslardın' sanasına sin'diriw, olardı turmıs sınaqlarına shıdamlı etip tayarlaw bizin' ata-ana ustaz-oqıtıwshı, basshı-jetekshi sıpatındag'ı, usı muqaddes jurttın' puqarası sıpatındag'ı muqaddes minnetimiz bolıp tabıladı.

Usı kitaptın' aldın'g'ı baplarında biz ma'nawiyattın' mazmun-mag'anası, onı qa'liplestiretug'ın tiykarg'ı faktorlar, ruwxıy h'a'm materiallıq turmıs uyg'ınlıg'ı, elimizde a'melge asırılıp atırg'an ken' ko'lemli reformalardın' ma'nawiy o'lshemleri h'aqqında, sonday-aq bu'gingi globallasıw da'wirinde ruwxıy du'nyamızdı tu'rli unamsız ta'sir h'a'm topılıslardan saqlaw h'a'm qorg'aw menen baylanıslı mashqalalar jo'nine ken' tu'rde toqtalıp o'ttik.

Sonı ayrıqsha atap o'tiw kerek, h'a'r bir insan h'a'm ja'miyettin' ruwxıy du'nyasına tap usınday ko'z benen qaraw, adamdı sanalı jasawg'a, jetiklikke shaqıratug'ın bunday ten'i joq qu'diret negizinin' turmısımızdag'ı ornı h'a'm a'h'miyetin teren' ja'ne h'a'r ta'repleme tallaw a'h'miyetli bir h'aqıyqattı, yag'nıy joqarı ma'nawiyat-jen'ilmes ku'sh ekenligin an'latadı h'a'm tastıyıqlaydı.

Usı orında ta'biyiy bir soraw tuwıladı:-ma'nawiyattı shınında da a'ne usınday qu'diretli ku'shke aylandırıw ushın biz qanday ma'selelerge birinshi gezekte itibar beriwimiz, qanday jumıslar a'melge asırıwımız za'ru'r?

Ma'nawiyat h'aqqında qanshama shaqırıqlar, a'h'miyetli teoriyalıq pikirler bildirilmesin, eger olardı ja'miyet sanasına sin'diriw ushın turaqlı jumıs alıp barmasaq, bul boyınsha iskerligimizdi h'a'r ta'repleme puxta oylang'an sistemalı

ra'wishte sho'lkemlestirmesek, ta'biyiy, biz go'zlegen maqsetke erise almaymız, yag'nıy insan qalbine jol taba almaymız.

Sonın' ushın da biz bu'gingi ku'ni ta'lim-ta'rbiya salasınan baslap, baspaso'z, televidenie, İnternet h'a'm basqa g'alaba xabar quralları, teatr, kino a'debiyat, muzıka, su'wretshilik h'a'm mu'smnshilik ko'rkem o'nerine deyin, bir so'z benen aytqanda, insannın' qa'lbi h'a'm oy-pikirine tikkeley ta'sir etetug'ın barlıq tarawlardag'ı jumısımızdı xalıqtın' ruwxıy za'ru'rlikleri, zaman talapları tiykarında ja'ne de ku'sheytiwimiz, jan'a basqıshqa ko'teriwimiz za'ru'r.

A'sirese, barlıq da'wirlerde de og'ada qıyın h'a'm juwapkershilikli bolg'an bul islerdi o'z moynımızg'a alg'an, eski qaliplerden waz keship, bul salada jan'a jollardı ashıp berip atırg'an, adamlardın' ko'z-qarasın ja'ne de bayıtıw ushın tınımsız miynet etip atırg'an pidayı insanlardın' bir qarag'anda ko'zge taslanbaytug'ın, lekin, u'lken qunt, bilim h'a'm ta'jiriybeni talap etetug'ın umtılıs h'a'm a'meliy h'a'reketlerin ken' qollap-quwatlawımız, olardın' jemisli na'tiyjelerge erisiwi ushın h'a'r ta'repleme sharayat jaratıp beriwimiz lazım.

Bul h'aqqında so'z etkende, sonnı atap o'tiw tiyis, a'ne usı taraw wa'killeri yag'nıy oqıtıwshı h'a'm ustazlar, jazıwshı h'a'm jurnalstler, kino h'a'm teatr xızmetkerleri, sazendeler h'a'm su'wretshiler, ulıwma ziyalılarımız xalqımız ushın jan'asha turıms h'aqıyqatlıg'ı bolg'an bazar ekonomikasına o'tiw da'wirinde ja'miyet aldındag'ı ma'nawiy miynetin teren' sezine otırıp, o'zinin'talant h'a'm sheberligin ayamastan shın ju'rekten miynet etpekte.

Ba'rshemizge ayan, insan ju'regine jol, en' a'wele, ta'lim-ta'rbiyadan baslanadı. Sonın' ushın qashan bolmasın bul h'aqqında so'z bolsa, babalarımız qaldırg'an biybah'a miyrastı eslew menen birge ata-analarmızdın' qatarı biz ushın en' jaqın bolg'an ja'ne bir ullı insan-oqıtıwshı h'a'm ustazlardın' jaqsı niyet miynetlerin h'u'rmet penen tilge alamız.

Biz elimizde jan'a a'wlad, jan'a oy-pikir iyelerin ta'rbiyalawday juwapkershilikli wazıypanı orınlawda birinshi gezekte a'ne usı mashaqatlı ka'sip iyelerine su'yenemiz h'a'm tayanamız, erten' ornımızg'a keletug'ın jaslardın'

ruwxıy du'nyasın qaliplestiriwde olardın' xızmeti qanshelli ten'siz ekenligin o'zimiz anıq ko'z aldımızg'a keltiremiz.

Jan'a ja'miyet do'retiwshisi bolg'an jan'a insandı ta'rbiyalawda h'a'zirgi payıtta ma'h'ellelerimizde na'tiyjeli jumıs islep atırg'an, bul kemnen-kem du'zimeni shın ma'nisinde o'zin-o'zi basqarıw uyımına aylandırıwg'a u'lken u'les qosıp kiyatırg'an ma'h'a'lle aqsaqalları h'a'm belsendileri, puqaralar jıyınlarının' diniy bilimlendiriw h'a'm ruwxıy a'dep-ikramlılıq ma'seleler boyınsha ma'sla'h'a'tshilerinin' unamlı ta'siri barg'an sayın artıp barmaqta. A'yne, a'ne usı insanlardın' adamlar kewline jol tawıp, olardın' da'rt-ta'shwishine sherik bolıp, o'z waqtında berip atırg'an a'meliy ja'rdemleri, tuwrı h'a'm orınlı ma'sla'h'a'tleri sebepli shan'araq h'a'm ma'h'a'lle ortalıg'ında, pu'tkil diyarımızda tınıshlıq h'a'm paraxatshılıq, o'z-ara meh'ir-mu'riwbet tuyg'ıları ku'sheyip baratırg'anlıg'ın el-jurtımız joqarı qa'dirleydi. A'sirese, jas jigit h'a'm qızlarımızdın' erkin turmısqa kirip barıwı, jas shan'araqlardın' ja'miyetten o'zinin' mu'na'sip orın iyelewinde bul pidayı h'a'm meh'riyban, janku'yer adamlardın' qanshama a'h'miyetli rol oynaytug'ınlıg'ın h'u'rmet penen atap o'tiwimiz lazım.

Ja'miyetimiz ruwxıy du'nyasın joqarılatıw menen baylanıslı protsesslerdin' qıyın ta'repi sonda, bu'gingi ku'ni basımızdan keshirip atırg'an ja'miyetlik-siyasiy rawajlanıw jolında ushraytug'ın ju'da' ko'p mashqalalardı h'a'm teoriyalıq, h'a'm a'meliy jaqtan tek o'z ku'shimiz h'a'm uqıbımızg'a tayanıp sheshiwge tuwrı kelmekte.

Usı maqsette g'a'rezsiliktin' da'slepki ku'nlerinen baslap elimizde a'melge asırılıp atırg'an ken' ko'lemli jumıslardın' a'meliy na'tiyjesi bolıp, a'debiyat h'a'm ko'rkem o'ner, ma'deniyat, baspaso'z tarawı ideologiyalıq qısımnan pu'tkilley azat bolg'anlıg'ın atap o'tiw tiyis. Ha'r qanday do'retiwshilik u'lgisi, ko'rkem shıg'arma klasslıq bolıwı h'a'm qanday da bir ideyag'a, kommunistlik ideologiya ma'plerine xızmet etiwi kerek degen pikirler bu'gin o'tmishke aylandı, erkin do'retiwshilik ushın, milliy qa'diriyatlarımız h'a'm bay ma'nawiyatımızdı, xalkımız tariyxın, onın' bu'gingi mazmunlı turmısın tolıq h'a'm h'aqqanıy sa'wlelendiriw ushın za'ru'r sharayatlar jaratıldı.

Bu'gingi ku'ni o'z turmısın usınday juwapkershilikli tarawg'a bag'ıshlang'an ko'plegen talant iyeleri elimizde jan'a turmıs, jan'a ja'miyettin' ruwxıy tiykarların bekkemlew, ka'mil insandı ta'rbiyalaw jolında mu'na'sip u'les qosıp kelmekte. A'sirese, h'a'zirgi waqıtta du'nyada ku'sheyip baratırg'an tu'rli ma'nawiy topılıslardın' aldın alıw, «massalıq ma'deniyat»tın zıyanlı ta'sirinen perzentlerimizdin' sanası, oy-pikirin qorg'awda ilim-pa'n h'a'm ma'deniyat ja'miyetshiligi, do'retiwshilik xalqının' ornı h'a'm roli barg'an sayın artıp barmaqta.

O'tkir ta'sir ku'shine  iye bolg'an televidenie h'a'm radio tarawın izbe-iz rawajlandırıw ja'miyettin' mudamı itibar orayında bolıwı ta'biyiy. Ha'zirgi ku'ni ma'mleketimizdegi tiykarg'ı milliy teleradio kanallar xalıqtın' obektiv h'a'm h'aqqanıy ma'limlemege iye bolıw h'uqıqın ta'miyinlew, elimiz xalqın, ma'deniy da'rejesi, bilim h'a'm ko'z-qarasın asırıw, a'yyemgi da'stu'rlerimiz, tariyxıy miyrasımızdı qa'sterlep saqlaw h'a'm rawajlandırıw, sonın' menen birge, puqaralarımızdın' sanasında demokratiyalıq qa'diriyatlar, puqaralıq pozitsiyasın qaliplestiriw, jas a'wladtı watandı su'yiwshilik h'a'm ulıwma insanıy qa'diriyatlarg'a h'u'rmet ruwxında ta'rbiyalaw jolında mu'na'sip xızmet etip atırg'anlıg'ın atap o'tiw kerek.

Sonın' menen qatar, bul tarawda aldımızda a'melge asırıwımız za'ru'r bolg'an ko'plegen maqsetler turg'anın da aytıwımız lazım. En' a'wele, televidenieni ma'mleket h'a'm ja'miyetimizdi misli bir ko'pirdey baylanıstırıp turatug'ın janlı dialog quralına aylandırıw,efir arqalı bu'gingi ku'nnin' aktual mashqalaların ko'birek sa'wlelendiriw, ja'miyetshilik pikirin qa'liplestiriw, puqaralarımızdın' ja'miyetlik belsendiligin ku'sheytiw, h'a'r bir insannın' o'zinin' g'a'rezsiz pikirin bildiriwge imkaniyat beriw, tu'rli sotsiallıq qatlam h'a'm toparlardın' qızıg'ıwshılıg'ı h'a'm umtılısları, turmıslıq ma'plerin sa'wlelendirip barıw ma'selelerine ayrıqsha itibar qaratıw za'ru'r.

Ha'zirgi da'wirde baspaso'z, g'alaba xabar quralları sonday qu'diretli ku'shke aylanbaqta, o'z keleshegin oylaytug'ın h'a'r qanday xalıq h'a'm millet bunı ju'rekten sezinbewi mu'mkin emes.

Sol sebepli de g’alaba xabar quralların zaman talapları tiykarında rawajlandırıw, baspaso’z h’a’m so’z erkinligi printsiplerin is ju’zinde ta’miyinlewge erisiw, baspaso’z kritika ruwxın ku’sheytiw biz ushın en’ a’h’miyetli maqsetlerden bir bolıp qalmaqta.

## Juwmaqlaw.

Ha'zirgi rawajlanıw basqıshında shaxstın' h'a'r ta'repleme rawajlanıwın ta'miyinlew barısında onın' ma'nawiyatın joqarılatıw bolıp, bul protsessti a'melge asırıwda en' aktual wazıypalarımızdan biri-joqarıda atap o'tilgen barlıq protsesslerdin' ilimiy-teoriyalık tiykarların, olardın' jan'a qırların mu'ltiksiz ashıp beriw, oqıwshılarımız, studentlerimizge, ken' ja'miyetshilikke a'piwayı, anıq etip tu'sindirip barıw h'a'm olardı bu'gingi zaman talaplarına juwap beretug'ın ja'miyet qurılısının' belsendi do'retiwshilerine aylandırıwdan ibarat.

Bul ushın en' da'slep progressimizdin' h'a'r bir bag'darı-ja'miyetimizdegi siyasiy, sotsiallıq-ekonomikalıq, ma'nawiy mu'na'siybetlerdin' rawajlanıwı h'aqqında arnawlı a'debiyatlar do'retiw sistemasın ja'ne de jetilistiriw za'ru'r.

A'lbette, bul ma'sele boyınsha ja'miyetlik ilimler salasında belgili bir jumıslar islenbekte. Biraq, obektiv aytatug'ın bolsaq, bul boyınsha baspadan shıqqan ko'pshilik sabaqlıqlar, oqıw qollanbaları, ilimiy-massalıq a'debiyatlardın' da, ko'pshilik taraw qa'nigelerinin' de da'rejesi talaptag'ıday emes ekenligin atap o'tiwge ma'jbu'rmiz. Bunday unamsız h'alatlarg'a shek qoyıw waqtı keldi.

Hesh shubh'asız, elimizde erkin, a'dalatlı h'a'm abadan turmıs qurıw barısında ja'miyetlik-siyasiy mu'na'sibetler, adamlardın' sanası h'a'm oy-pikiri de o'zine ta'n, sonın' menen birge, pu'tkilley jan'asha ma'niske iye bolmaqta. Sonın' ishinde, shaxs h'a'm ma'mleket, insan h'a'm ja'miyet ortasındag'ı mu'na'sibetler jan'asha mazmun h'a'm forma tawıp, jan'a o'zgeshelikler, jan'a printsipler tiykarında jetilisip baratırg'anın seziw an'law qıyın emes.

Solay eken, bulardın' barlıg'ı jan'asha qa'diriyatlar h'a'm demokratiyalıq printsipler mazmunına, o'z turmıs h'a'm oy-pikir ta'rzimge say, biz qurıwg'a umtılıp atırg'an erkin puqaralıq ja'miyetinin' talaplarına juwap betetug'ın mu'na'sibetler sıpatında ja'miyetlik pa'nlerdin' tiykarg'ı izertlew temalarına aylanıwı da'rkar.

Bul boyınsha en' a'h'miyetli wazıypa sonnan ibarat, h'a'r qanday puqara, h'a'r qanday insan ja'miyet rawajlanıwı h'a'm onı jan'alawg'a, ruwxıy

turmısımızdı tu'rli topılıs h'a'm agressiyalardan qorg'aw ma'selesin tap usı tiykarda anıqlap alıwı za'ru'r.

Bul ma'selet h'aqqında teren'irek oylap ko'retug'ın bolsaq, usı printsiplerge tayang'an ja'miyettin' o'zine ta'n sotsiallık ko'rinisi, onın' kelbeti, rawajlanıw jolları, artıqmash o'zgeshelikleri h'aqqında anıq ko'z-qaras, tu'rli pikir, pikir alısıwlar arqalı g'ana ayan bolatug'ınlıg'ın atap o'tiwimiz h'a'm bunı o'zimizge o'lshem etip alıwımız za'ru'r.

Bunday ken' ko'lemli h'a'm og'ada a'h'miyetli ma'selelerdi sheshiwde ma'mleketimiz h'a'm ja'miyetimiz, ja'miyetlik pa'nler salasında islep atırg'an ilimiy-izertlew institutları, joqarı oqıw orınları, tu'rli ja'miyetlik oraylar, en' a'wele, Ma'nawiyattı u'git-na'siyatlaw orayı ta'repinen h'a'r ta'repleme tiykarlang'an teren' usınıs h'a'm rekomendatsiyalardı ku'tiwge tolıq h'aqılı.

A'sirese, bu'gingi shiyelenisken ideologiyalıq protsesslerdi ilimiy-a'meliy jaqtan h'a'r ta'repleme tallaw h'a'm bah'alaw, olardın' birlemshi bag'darların, kimge h'a'm nege qarsı qartılg'anın anıqlaw, xalıqtın' tu'rli qatlamlarına ta'sirin u'yreniw, milliy ma'plerimizge, turmıs qa'lbimizge jat bolg'an zıyanlı ideyalar h'a'm tiykarların bekkemlew ayrıqsha a'h'miyetke iye.

Tek a'ne usınday tiykarda jaslardı o'z pikirine iye, tu'rli ma'nawiy topılıslarg'a qarsı bekkem tura alıwg'a ılayıqlı bolg'an, erk-ıqrarlı, pidayı h'a'm Watandı su'yiwshi insanlar etip ta'rbiyalawg'a erisiw mu'mkin. Bul boyınsha ma'nawiy-mag'ripiy u'git-na'siyat islerinin' ta'sirshen'ligin ta'miyinleytug'ın zamanago'y ma'limleme h'a'm kompyuter texnologiyalıq immunitetin ku'sheytiwge qaratılg'an na'tiyjeli usıl-metodlardı islep shıg'ıw, ma'mleketlik h'a'm ja'miyetlik sho'lkemler ushın tiyisli usınıs h'a'm qollanbalardı tayarlaw bu'gingi ku'ni a'h'miyetli wazıypamızg'a aylanıp baratırg'anlıg'ın teren' tu'sinip alıwımız za'ru'r.

## Paydalanılg’an a’debiyatlar dizimi.


1. İslam Karimov «Mamlakatimizda demokartik isloh’otlarni yanada chuqurlashtirish va fuqaralik jamiyatini rivojlantirish kontseptsiyasi» T.: «Wzbekiston», 2010, 6-b

2. İslam Karimov. Bizdan ozod va obob Vatan qolsin. –T-2. «Wzbekiston», 1996, 261-b.

3. İslam Karimov. Asarlar. 1-jild, 75-b.

4. İslam Karimov «Joqarı ma’nawiyat jen’ilmes ku’sh». –T.: «Manaviyat», 2008.

5. İslam Karimov. «Bizning bosh maqsadimiz-jamiyatni demokartiyalashtirish va yangilash, mamlakatni moderinizatsiya isloh’ etish». –T.:, «Wzbekiston». 2005.

6. İslam Karimov. «Vatanimizning tinchligi va xavsizligi wz kuch-qudratimizga, xalqimizning h’am jih’atligi va bukilmas erodasiga bog’liq». –T.:, «Wzbekiston». 2004.

7.İslam Karimov. «Biz kelajagimizni uz qulimiz bilan quramiz». –T.: «Wzbekiston», 1999.

8. İslam Karimov. «Ozot va obod Vatan, erkin va farovon xaet-pirovart maqsadimiz» 8-jild, T.:, «Wzbekiston». 2000.

9. İslam Karimov. «Wzbekiston XXI asrga intilmoqda». –T.:, «Wzbekiston». 1999.

10. İslam Karimov. «Barkamol avlod-Wzbekiston taraqqiëtining paydevori». –T.:,1997.

11. İslam Karimov. «İstiqlol va manaviyat». –T.:, 1994.

12. İslam Karimov. «Manaviy yuksalish yulida». –T.:, 1998.

13. «Manaviyat va marifat» jamoatchilik markazi faoliyatining yanada takomillashtirish va samaradorligini oshirish tog’risida. Wzbekiston Respublikasi Prezidentining farmoni. T., 1996.

14. «Manaviyat va marifat» markazlari faoliyati samaradorligini oshirish buyicha uslubiy kuratmalar. Samarkand. 1997.

15. Manaviy kamolat omillari. T., 1995.

16. Manaviyat-masullik. 1-kitob. (Manaviyat nashirlari. Respublika «Manaviyat va marifat» jamoatchilik markazi). T., 1997.
17. Manaviyat-masullik. 3-kitob. (Manaviyat nashirlari. Respublika «Manaviyat va marifat» markazi). T., 1997.
18. Manaviyat iymondan boshlanadi. «Guliston», 1995. №1.
19. Manaviyat yulduzlari. T., 1999.
20. Manaviyatning oydin yuli. 2-kitob. (Manaviyat nashirlari. Respublika «Manaviyat va marifat» jamoatchilik markazi). T., 1997.
21. Oynisa Musurmanova. Manaviyat qadiriyatlar va eshlar tarbiyasi. T., 1996.
22. N.Ortikov. Manaviyat: milliy va umuminsoniy qadiriyatlar. T., 1997.
23. X.Shayxova., Q.Nazarov. Umuminsoniy qadiriyatlar va manaviy kamolot. T., 1992.
24. Komil manaviyat-mustaqillik tayanchi. T., 1997.
25.M.S. İmomnazarov. Milliy manaviyatimiz nazariyasiga chizgilar. T.,1998.
26. M.S. İmomnazarov. Milliy manaviyatimizning takomil boshqichlari. T., 1996.
27. Sh. Jabbarov. Manaviyatning falsafiy qirralari. «Marifat». 1996.

**Qosımsha a'debiyatlar:**

1. A.Azizxojaev. Davlatchilik va manaviyat. T., 1997.
2. A.Qodirov. Manaviyatning iqtisodiy tamoyillari. T., 1999.
3. S.Ochilov.Musaqillik manaviyat va tarbiya asarlari. 1997.
4. A.Erkaev Manaviyat-millat nishoni. T., 1997.